# АДЫГЭБЗЭ БЖЫГЪЭЦӀЭХЭМРЭ АБЫХЭМ ЛЪАБЖЬЭ ЯХУЭХЪУА ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬАРЭ БЗЭМ ЗЭРЫХЭЛЭЖЬЫХЬЫР

**2011 - Бер Хьикмэт**

ЦӀыхум щыӀэгъуэ логиер (бзэр) къызэриӀуатэ щӀыкӀэу зэпкъырыуващ псэлъэбзэри, ар зэрыухуа псалъэхэри щыӀэгъуэрэ щыӀэу щытхэращ зытеухуар. Бзэрэ псалъэхэр зытеухуарэ зыхуэухуэр щыӀэгъуэ зиӀэхэращи, псалъэ лӀэужьыгъуэу щыт бжыгъэцӀэхэр зытеухуари щыӀэгъуэ зиӀэхэращ.

″БжыгъэцӀэ″ жыхуэтӀэ псалъэхэр утыку къызэрихьарэ къызтехъукӀар мы лэжьыгъэм и Ӏуэхугъуэу щытщи, ахэр щыӀэгъуэ зиӀэрэ щыӀэр зэрылъытэ, зэрызэпкъырлъ, зэрызэпкъырыувэмрэ щыӀэгъуэр зэрызекӀуэ щӀыкӀэм теухуауэ утыку къихьа псалъэхэм къатехъукӀыжауэщ адыгэбзэм къызэрыхэщыр. ″БжыгъэцӀэ″ жыхуэтӀэ псалъэхэм къаӀуатэу адыгэбзэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр мыпхуэдэщи, бжыгъэцӀэ пэщӀэдзэу тлъытэ псалъэхэр цӀыхум ″бжэн″ Ӏуэхугъуэр къызэригъэунэхум къызэрыгуэкӀрэ дэщӀыгъуу утыку къихьауэ лъытапхъэкъым; абы ипэӀуэкӀэ бзэ зэпкъырыувэкӀэрэ лэжьэкӀэм щыӀэгъуэр зэрызэпкъырыувэрэ зэрыужьыр къызэрыӀуатэ псалъэхэу утыку къихьахэр иужькӀэ бжыгъэхэр къызэрыӀуатэ псалъэхэу ″бжэн″ Ӏуэхугъуэм хэлэжьыхьу щӀидзэжащ.

Бзэр ухуарэ зэрыхъун хъуа нэужьщ цӀыхум ″бжэн″ Ӏуэху къыщигъэунэхуауэ зэралъытэри, адыгэбзэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀри мыращ. ИкӀи, щыӀэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекӀуэрэ дэтхэнэ и Ӏыхьэрэ щӀыпӀэр къызэрыӀуатэу утыку къихьа псалъэхэм мы я зэкӀэлъхьэужьыкӀэрауи жыӀэпхъэщ цӀыхум ″бжэн″ Ӏуэхур къызэригъэунэхуами лъабжьэ хуэхъуар.

Мы псалъэхэм къызэраӀуатэщи, зытеухуарэ къызхуекӀуэкӀыу щыт щыӀэгъуэ зиӀэхэм лъэмыӀэсрэ тежыныгъэкӀэрэ къекӀуэкӀ ″бжэн″ Ӏуэхур зэрыгъэзащӀэ бжыгъэхэр къызэрыӀуатэ бжыгъэцӀэхэм лъабжьэ яхуэхъуар щыӀэгъуэр зэрызэпкъырылърэ зэрыужьыр къэзыӀуатэу утыку къихьа псалъэхэращ. Мы лэжьыгъэр зытеухуар зэхуэмыдэ мы ӀуэхугъуитӀыр зэрызэпыщӀам теухуащ: щыӀэгъуэкӀэ мыхьэнэншэу щытрэ бзэ лэжьэкӀэкӀи щхьэфэтелъу лъытапхъэ ″бжэн″ Ӏуэхугъуэрэ бжыгъэхэр къизыӀуэ бжыгъэцӀэхэр щыӀэгъуэр зэрызэпкъырылърэ зэрыужьу мыхьэнэшхуэрэ философиекӀэ а нэхъ кууагъ зиӀэу утыку къихьа псалъэхэм къызэрытехъукӀам теухуащ.

*

″Бжыгъэ, бжын, бжэн″ псалъэхэр ″бж″ макъ зэгуэткӀэрэ къэхъуа псалъэхэращи, зэрызэлъыта ужьыгъуэкӀэ (б) генератикэ (ж) зэпыщӀэныгъэ зиӀэ Ӏуэхугъуэ къизыӀуэ псалъэхэщ. КъызтехъукӀа ″бж″ макъ зэгуэт мыхьэнэм езэгъ Ӏуэхугъуэщ ″бжын, бжэн″ псалъэхэр

зытеухуари, ар къызэрекlуэкlым дэтхэнэ и зы щlыпlэрэ lыхьэри "бжыгъэ"у лъытащ, икlи дэтэнэ зы бжыгъэр зэрылъыта псалъэхэу "бжыгъэцlэ"хэм лъабжьэ хуэхъуарэ ахэр къызтехъукlыжар щыlэгъуэм теухуауэ зи гугъу тщlы псалъэхэращ.

"Бж" макъ зэгуэтым занщlэу къигъэхъуа "бжын, бжэн" глаголхэр адыгэбзэм "бжыгъэ"кlэрэ къекlуэкl мы lуэхугъуэм хуэlуарэ ар къыриlуэн папщlэ къигъэщlауи жыпlэфынщ. Ауэ "бж" макъ зэгуэт мыхьэнэр фlэкlыпlэ имыlэу мы зи гугъу тщlы (бжын, бжэн) lуэхугъуэм теухуарэ хуэlуауэ зэрыщымытынури гулъытапхъэщ. Аращи, зэрызэлъыта ужьыгъуэр генератикэ зэпыщlэныгъэкlэ къэхъуу щытмэ, ар "бж" макъ зэгуэтым къиlуэтапхъэ lуэхугъуэщи, зы lуэхугъуэ лlэужьыгъуэу щыт "бжын, бжэн"ым нэмыщl, езым и мыхьэнэм езэгъыу къекlуэкl дэтхэнэ зы lуэхугъуэри "бж" макъ зэгуэткlэрэ къэlуатэу бзэм псалъэхэр къызэригъэщlыфынур гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм къызэрыгуэкlщи, адыгэбзэу макъыбзэм и лэжьэкlэм ипкъ иткlэ, "бжын, бжэн" псалъэхэр, зытеухуа мы lуэхугъуэр цlыхум къигъэунэхуа нэужьи къэхъуфынщ, абы ипэу "бж" макъ зэгуэт мыхьэнэм къиlуэтапхъэхэм теухуауи къэхъуфынщ. Аращи, зи гугъу тщlы "бжын, бжэн, бжыгъэ" lуэхугъуэр зэрыигъуэкlэрэ "бж" макъ зэгуэт мыхьэнэкlэ зэрызэпкъырыувэфынур гурыlуэгъуэми, мы lуэхугъуэм хуэмыдэхэри -ар дыдэу- "бж" макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къэlуатэу псалъэхэр зэрыухуэфынури гулъытапхъэщ. Икlи мыпхуэдэщ, зи гугъу тщlы "бжэн" lуэху зыхэмылъу, зэрызэлъытарэ зэрызэпыщlа щlыкlэкlэ зыгуэрхэр къэlуэтэн lуэхугъуэу "къэбжын, къебжэкlын, къебжьэкl" псалъэхэр "бж" макъ зэгуэткlэ зэрыухуа щlыкlэр. Мыхэр "бжыгъэ"хэмрэ ахэр зэрызэрекlуэ lуэхугъуэу "бжын, бжэн" псалъэхэм ипэ къихуэу къэмыхъуами, фlэкlыпlэ имыlэу зи гугъу тщlы lуэхугъуэм теухуа "бжыгъэ, бжын, бжэн" псалъэхэм къытехъукlыжауи жыlэпхъэкъым. Аращи, "бжыгъэ"рэ "бжын, бжэн" псалъэхэр къэмыхъуауэ щытами, зи гугъу тщlы "къэбжын, къебжэкlын" псалъэхэр къэхъуфынт. Дауэми, зэхуэмыдэ lуэхугъуитlым теухуарэ зэхуэдэу "бж" макъ мыхьэнэкlэ ухуа мы псалъэхэр зыр зым пымыщlарэ щхьэжу утыку къызэрихьэфынухэр гулъытапхъэщ. Аращи, адыгэбзэм япэ къигъэщlа усэ лlэужьыгъуэу лъытапхъэ "къебжэкl"ыр зыгуэрым теухуауэ жыlэпхъэхэр зэрызэлъытарэ зэпыщlауэ зэкlэлъыкlуэу зэрыгъэпсар къизыlуэ зы псалъэщи, ар фlэкlыпlэ имыlэу "бжэн"рэ "бжыгъэ" lуэхугъуэм пыщlауэ къэхъуа псалъэу лъытапхъэкъым.

"Бжын, бжэн" lуэхугъуэр цlыхум къызэригъэунэхуар бзэм и зэпкъырыувэкlэр ухарэ зэрыхъун хъуа нэужьу жыlэпхъэщ. Цlыхур бжэуэ щlимыдзэ куэдыlуэ ипэ, къэхъуныгъэрэ щыlэгъуэр гулъытэ къыхуэхъуауэ къыщlэкlынти, бжэнкlэрэ зэрихьэу щlидза "бжыгъэ"хэр къызтехъукlар мис мы щыlэгъуэрэ къэхъуныгъэ lуэхугъуэхэрауэ жыlэпхъэщ. Нытlэ,

"бжэн" Iуэхур утыку къыщихьэм щыгъуэ, "бжыгъэ" къэзыIуатэ бжыгъэцIэхэм я лъабжьэр щыIэгъуэрэ къэхъуныгъэм теухуа макъ мыхьэнэхэмрэ псалъэхэм щылъыхъуэн хуейщ. Макъыбзэу щыт адыгэбзэм ущыхэплъэм деж, узылъыхъуэр куэдыщэу дэмыкIыу уи пащхьэм къырелъхьэр, улъыхъуэн ухуэмыныкъуэу занщIэу къыбгурегъаIуэр. Мыпхуэдэщ бжыгъэхэр утыку къызэрихьам лъабжьэ хуэхъу Iуэхугъуэхэри, абыхэм и лъабжьэр япэрауэ щыIэгъуэм теухуа макъ мыхьэнэ "щ"ым деж къыщылъыхъуэн хуейщ. Е нэгъуэщIыу жыпIэмэ, "щ" макъ мыхьэнэрэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэ щыхъукIэ, "бжыгъэ"р къызэрыхъуарэ къызэрыIуэта лъабжьэри занщIэу гурыIуэгъуэ къыпхуохъур.

"Бжэн" Iуэхугъуэрэ "бжыгъэ"хэр Iэпэбжэкlэм къытехъукIауэщ зэралъытэри, адыгэбзэм и бжыгъэ гуэрхэр зэрызэпкъырыувэм мыри къыхэщу егъэпэжыр. Ауэ, "бжэн" Iуэхугъуэрэ ар Iэпэбжэкlэу къемыжьэ ипэIуэкlэ, бзэр зэрызэпкъырыувэм хиубыдэу къэхъуарэ щыIэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыIуатэ псалъэхэр Iэпэбжэкlэр япэу къекIуэкIыу зэрыщIидзэм лъабжьэ зэрыхуэхъуари къыхощыр адыгэбзэм. Мы лэжьыгъэм зи гугъу ищIынухэм и нэхъыбапIэри мы псалъэхэр къызэрыхъум теухуащ.

"Бжэн" Iуэхугъуэрэ "бжыгъэ"хэр япэу Iэпэбжэкlэм къытехъукIауэ ялъытэми, абы и лъабжьэрэ ар къызэрыхъуа щIыкIэр иджыри наIуэкъым. Ауэ бжыгъэхэр щыIэгъуэм теухуауэ зылъыта пэсэрей философ гуэрхэри щыIащ. Абыхэм мы гупщысэхэр тегъэщIапIэ зыхуащIыфыну зы лъабжьэрэ бзэ лэжьэкIэ къагъэлъэгъуакъым. Мыпхуэдэ гупщысэхэр пэжу щытмэ, абыхэм тегъэщIапIэ яхуэхъунур псэлъэбзэ къежьапIэу лъытапхъэ бзэхэрагъэнщ. Адыгэбзэр зэрымакъыбзэрэ, макъыбзэри псэлъэбзэ къежьапIэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, адыгэбзэр щыIэгъуэмрэ ар зэрызекIуэ щIыкIэм тегъэщIапIэ зыхуэпщIыфыну зы бзэщ. Адыгэбзэм и лэжьэкIэм "бжэн" Iуэхугъуэрэ "бжыгъэ"хэм лъабжьэ яхуэхъуар щыIэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыIуатэу утыку къихьа псалъэхэрауэ зэрыщытыр къыхощыр.

*

ЩыIэгъуэ лъабжьэм теухуа макъ мыхьэнэ зиIэ "щ"ыр дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыIэр утыку къизылъхьэ макъщ. Дэтхэнэ гуэрыр щыIэу зэрыщытрэ щыIэгъуэ зэригъуэтыр къызэригъэлъагъуэм ипкъ зэриткIэ, "щ" макъыр икIи щыIэгъуэр зэрызэпкъырыувэрэ зэрызэхэлъри къизыIуэрщ; щыIэу щыт дэтхэнэ гуэрыр зэрызэхэлъ щIыкIэри "щ" макъ мыхьэнэращ къэзыIуатэр. ЩыIэгъуэ зиIэрэ щыIэу щыт дэтхэнэ гуэрыр "щ" макъ мыхьэнэкIэщ къызэрыIуатэри, дэ щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэгъуэм хэтхэм дежкIэ, лъытэгъуэ къытхуэхъур щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэу щытхэращи, щыIэгъуэ зиIэу тлъытэхэри зэрызэпкъырыувэрэ зэрызэпкъырылъри щыIэгъуэм ипкъ зэриткIэщ. Аращи, щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэр зэрыухуэрэ

зэрызэпкъырыувэу зэрызэпкъырылъри "щ" макъ мыхьэнэкӀэщ къызэрытӀуатэрэ гурыӀуэгъуэ къызэрытхуэхъур. ЩыӀэгъуэ зиӀэр зэрызэпкъырыувэрэ зэрызэпкъырылъ дэтхэнэ и зы лъэныкъуэри наӀуэ къэзыщӀрэ къызэрыӀуатэр "щ" макъ мыхьэнэкӀэрэщ. ЩыӀэгъуэр зы геометрием итрэ лъэныкъуищ иӀэущ утыку къызэрихьэри, щыӀэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыӀэр "щ" макъкӀэрэ къызэрытӀуатэм хуэдэжу, ар къэзыгъэхъу дэтхэнэ зы лъэныкъуэм и гугъу тщӀыфынумэ, ари "щ" макъ мыхьэнэкӀэрэщ къызэрытӀуэтэфынур. Дэтхэнэ зы щыӀэр зэхэлъынкӀэрэщ утыку къызэрихьэри, щыӀэгъуэм мы и зэхэлъыкӀэр "щ" макъ мыхьэнэм теухуа Ӏуэхугъуэу, щхьэж "щы"уэ лъытапхъэщ. Зы "щы" ӀэнатӀэу щытрэ "щы"уэ зэпкъырылъыу зы зэманыгъуэ ӀэнатӀэкӀэ лэжьэкӀэ зиӀэращ "щыӀэ"р.

Ауэ мыбдежым къэтӀуэтахэмкӀэ зи гугъу тщӀы "щы"р иджыри зы бжыгъэцӀэу лъытапхъэкъым. Ар зы бжыгъэцӀэм зэрытеухуам и лъабжьэр мы лэжьыгъэм къегъэунэхури, игъуэ къэсрэ "бжэн" Ӏуэхур къыщыунэхум щыгъуэ, и макъ мыхьэнэм игъэзащӀэрэ и лъэкӀыныгъэр лъабжьэ зэрыхуэхъукӀэрэ "щы"р зэрыигъуэкӀэрэ зы бжыгъэм фӀэщыгъэцӀэ хуэхъужащ. А бжыгъэм игъэзащӀэрэ ар лъабжьэ зыхуэхъуф Ӏуэхугъуэхэм ипкъ иткӀэ, ар "щ" макъым и мыхьэнэр зыхуэфащэ зы бжыгъэу зэрилъытэкӀэрэ бзэм "щы"уэ илъытэрэ щызекӀуэу щӀидзащ.

"ЩыӀэ" псалъэм утыку къырилъхьэр щыӀэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ "щ"ыр зы зэманыгъуэ ӀэнатӀэ къизыӀуэ "Ӏэ"кӀэрэ лэжьыгъэ зэригъуэтращ: щыӀэгъуэ лъабжьэм функциал кӀуэтэгъуэрэ зэман лимиткӀэ (Ӏэ) - зы зэманыгъуэ пыухытӀакӀэ- лэжьыгъэ зыгъуэтращ "щыӀэ" жыхуэтӀэр. "Щ"ыр щыӀэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ макъыу, ар къызэрыӀу щӀыкӀэ "щы"уэ бзэм занщӀэу зы "макъ псалъэ" хэхъухьащи, "щыӀэ" псалъэм хэт "щы"м "щ" макъ мыхьэнэуи, зы "макъ псалъэ"уи еджапхъэщ. Аращи, "щыӀэ" псалъэм хэт "щы"м "щ" макъ мыхьэнэкӀэрэи, зы "макъ псалъэ"уи (щы) еджапхъэщ.

Мы псалъэхэм къызэрыгуэкӀкӀэ, "щы"р зыдыщыплъагъу дэтхэнэ зы щӀыпӀэр "щ" макъ мыхьэнэуи, бзэ мыхьэнэуэ зы псалъэу "щы"уи еджапхъэщ. "Щы"р щыӀэгъуэр зэрызэхэлъымрэ зэрызэхэлъ лъэныкъуэхэр зыхэзыубыдэ зы геометриер утыку къизылъхьэрщ. ЩыӀэгъуэ зыгъуэтрэ зы щыӀэу утыку къихьэр "щ" макъ мыхьэнэр щхьэж зы макъыу, икӀи зы псалъэуи "щы"уэ къэӀуэтапхъэщи, "щы"уэ зэпкъырыувэрэ "щыгъуэ"м щихуэращ щыӀэгъуэрэ дэтхэнэ щыӀэ гуэрыр утыку къызэрихьэ, зэрыухуэ, зэрызэпкъырыувэ, зэрызэхъуэкӀрэ щыӀэгъуэщӀэ утыку къизэрихьэр. Аращи, щыӀэгъуэм къыхэхъукӀыу щыӀэу утыку къихьэнур игъуэ къыщысрэ утыку къыщихьэнури, зэрызэхъуэкӀынури зэрыигъуэкӀэ "щ" макъ мыхьэнэкӀэрэщ къызэрыӀуатэр: ар "щыгъуэ"ращ. Игъуэр къэсрэ "щы"р зыгъуэту "щыгъуэ"м ихуэр щыӀэу утыку къохьэр; щыӀэгъуэ зиӀэр зэрызэхъуэкӀри, и щыӀэгъуэм зэрехыжри игъуэ къэсрэ "щыгъуэ"р

къыщыхъуращ. Дэтхэнэ зы "щыгъуэ"м деж, зыгуэр къохъу е зохъуэкI, зыгуэр утыку къохьэ е мэухыр.

"Щы"р щыIэгъуэ лъабжьэщи, и макъ мыхьэнэкIэ ирехъу, зы "макъ псалъэ"уи щырет, ар адыгэбзэм щыхэплъагъуэ дэтхэнэ зы щIыпIэм щыIэгъуэм теухуа мыхьэнэщ иджрэ утыку къырилъхьэр. Щхьэж зы "макъ псалъэ"у бзэм хэплъагъуэ "щы"р зы бжыгъэцIэу щытми, "бжэн" Iуэхур къэхъуа нэужь, а бжыгъэцIэм зэрыфIэщам и лъабжьэр - зи гугъу зэрытщIагъэххэу- щыIэгъуэм зэрытеухуаращ. "Щы"р япэрауэ щыIэгъуэм теухуа мыхьэнэуэ бзэм зэрыхэхьар гурыIуэгъуэщи, цIыхум "бжэн" Iуэхугъуэрэ "бжыгъэ"хэр къыщигъэунэхум щыгъуэ, - мы лэжьыгъэм къызэрыхэщщи-, "щы"р зы бжыгъэцIэ хъужащ. Аращи, бзэм иужькIэ "щы"р зы бжыгъэцIэу щызекIуэу зэрыщIидзар "щ" макъ мыхьэнэр нэмыплъ зэрыхъуакIэрэкъым; а бжыгъэр "щ" макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытапхъэм папщIэщ.

"Щы" лIэужьыгъуэу щытрэ щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр зы пIэм итрэ зы геометриеу зэрызэпкъырылъкIэрэ "зы"уэ мэлъытэр. НытIэ, "щ" макъымрэ "з" макъым щыIэгъуэм теухуауэ зэпыщIэныгъэ зэрызыхуаIэр гурыIуэгъуэщи, мыбдежым "з" макъ мыхьэнэми щыгъуазэ дыхуэхъужын хуейщ.

Япэрауэ "жь, щ" макъхэр къэхъупIэгъуу лъытапхъэщи, я мыхьэнэхэм зэпыщIэныгъэ зэрызыхуаIэнури гулъытапхъэщ. Бзэгу лъэдакъэр зи къэхъупIэ мы макъхэр бзэгур макъ къэхъуныгъэм тезыша макъхэуи лъытапхъэщи, бзэгум япэу хьэрычэт зэригъуэтым "жь" макъыр къытехъукIауэ зэрыщытыр, икIи а щIыпIэм "жь" нэужьым къыщыхъуа макъри "щ" макърауэ зэрыщытыр ди лэжьыгъэхэм гурыIуэгъуэ къащIыр. Мы я къэхъукIэм теухуащ я макъ мыхьэнэхэри, "жь" макъ мыхьэнэр увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэтым теухуащ, "щ" макъ мыхьэнэри щыIэныгъэм теухуащ.

"З" макъыр "жь"ым и къэхъукIэр зи къэхъукIэу, абы бзэгупIэм къытехъукIыжа макъщ. Ауэ "з" макъым ипэ "жь"ым къытехъукIыжа макъыр "ж" макъращи, мы макъхэр къэхъукIэкIэ зэрызэлъытам хуэдэжу, мыхьэнэкIи зэрызэлъыта макъхэщ. Аращи, увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэт зи мыхьэнэ "жь"ым къыкIэлъыкIуэрэ бзэгукум къытехъукIыжу утыку къихьа "ж"ым и мыхьэнэри "жь"ым елъытарэ щхьэщыкIыж мыхьэнэщ: "жь"ыр увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэтщи, "ж"ым и мыхьэнэр мы хьэрычэтым елъытауэ псынщIэIуэу щытрэ генератикэ зэпыщIэныгъэ зыгъэзащIэрщ. "Ж"ым къыкIэлъыкIуэрэ къытехъукIыж "з"ыри "ж"ым елъытарэ щхьэщыкIыныгъэ мыхьэнэ зиIэу зы макъщи, сытри генератикэу зэпызыщIэ "ж" нэужьу къэхъуа "з" макъыр генератикэ зэпыщIэныгъэм щхьэщыкIыныгъэу генератикэ зэхэлъыкIэрэ зы геометриеу лъытэныгъэр зи мыхьэнэращ. Мыр зи мыхьэнэ "зы"р бзэм дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу зэрыщыIэкIэрэ зылъытэращ: щыIэгъуэ зиIэу щыIэу щыт дэтхэнэ гуэрыр

щхьэж ″зы″уэщ зэрылъытэр, икIи щыIэуэ хъуар зыхэлъыж щыIэгъуэм езыри зэрыщыту ″зы″уэщ зэрылъытапхъэр. Аращи, щыIэгъуэм езымрэ щыIэгъуэ зиIэу щыIэ дэтхэнэ гуэрыр генератикэ зэпыщIэныгъэм щхьэщыкIыу зэрызэхэлъррэ зы геометриеу зэрылъытэр ″зы″уэщ. Мыр дэтхэнэ гуэрыр ″з″ макъ мыхьэнэкIэ щхьэжу зэрылъытэрщ, икIи ″з″ макъыр бзэм зы ″макъ псалъэ″у (зы) зэрыхэхьэращ.

ЩыIэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыIэр геометрие лъабжьэу щыт ″щы″уэ зэхэлъррэ лъэныкъуищу зэпкъырылъщи, мыр зэрыщыту зы пкъыгъуэрэ зы организацэу зэрылъытэри, мы ″щы″уэ зэпкъырылъу лъытэгъуэ къытхуэхъум дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр щхьэжу зэрылъытэри къызэрыIуатэр ″щы″рэ ″щ″ макъ мыхьэнэкIэрэщ. ЩыIэгъуэ зиIэрэ ″щы″уэ зэпкъырылъу зы геометрием ит дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу зэрылъытэри ″зы″уэщ. ″Щы″уэ ухуарэ щыIэгъуэ зыгъуэта дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу зэрылъытэр ″зы″уэщ. ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр генератикэу зэпыщIэныгъэм щхьэщыкIыу зэрызэхэлъррэ зы геометрикэу зэрылъытэрэ къызэрыIуатэр ″зы″уэщи, абы и щыIэгъуэри къызэрыIуатэр аргуэру ″щ″ макъ мыхьэнэрэ ″щы″уэщ.

Мы къэтIуэтахэм щыIэгъуэм теухуауэ ″щ″ макъымрэ ″з″ макъым я зэпыщIэныгъэу гурыIуэгъуэ къытхуащIыр математикэ къэгъэлъэгъуэкIэу утыку къитлъхьэмэ, мыпхуэдэу тхыпхъэщ: «щы{∩зы}; зы{∩щы}».

*

ЩыIэгъуэр зэрызэпкъырылъррэ зэрыщыIэр ″щы″кIэрэщи, мы и щыIэгъуэмкIэ зэрызекIуэрэ и щыIэгъуэр зэрихьыр ″щы″ кIуэтэгъуэрэ функциал зэманыгъуэу къызэрыIуатэр ″щэ″уэщ. Аращи, дэтхэнэ гуэрыр ″щы″уэ зэрызэпкъырылъррэ щыIэгъуэ зэриIэкIэрэ зэрызекIуэри, зыгуэрыр щыIэгъуэ зыгъуэтагъэххэу зэрыщытри, щыIэгъуэ лъэщагъари адыгэбзэм къызэриIуатэр ″щэ″ кIэухкIэрэщ. ″Щэ″р ″щы″ кIуэтэгъуэрэ ″щы″м щхьэщыкIыныгъэщи, щыIэрэ щыIэгъуэр зэрызэпкъырыувэрэ зэрызэпкъырылъыр ″щы″уэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″щэ″ри щыIэрэ щыIэгъуэр мы зэрыщыIэкIэрэ зэрызекIуэу, щыIэгъуэм и щыIэгъуэр зэрихьыр къызэрыIуатэ псалъэращ.

ЩыIэгъуэм (щы) и щыIэгъуэр (щы) зэрызекIуэр къизыIуэр ″щэ″ псалъэращи, абы (щэ) щыIэгъуэм и щыIэгъуэр зэрызекIуэ щIыкIэр ″щы″кIэрэ къэхъуущ къызэриIуатэр: ″щы″р (щыIэ) ″щы″ (щыIэ) зэрыхъужкIэрэ зэрызекIуэр ″щэ″уэщ къызэрыIуатэр. ″Щэ″м дэтхэнэ и зы лъэбакъуэрэ и зы Iыхьэр ″щы″щи, щыIэгъуэм и щыIэгъуэр зэрихь мы кIуэкIэр щыIэгъуэ (щы) защIэ кIуэкIэщ. ″Щы″р ″щы″уэ зэрыщыткIэрэ ″щы″ кIуэтэгъуэу къэхъу мы ″щэ″р щыIэгъуэри зэрыбагъуэ щIыкIэщ.

ЩыIэгъуэм и щыIэгъуэр зэрихьрэ зэрыбагъуэ щIыкIэр къизыIуэ ″щэ″м ″щы″ защIэ мы и кIуэкIэр ″щы″м ″щы″ къытехъукIыжыныгъэ кIуэкIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ″щэ″м мыр зэрыщыту къиIуатэ щхьэ, абы мыр къызэрытехъукI щIыкIэр хэплъагъуэкъым. ″Щы″ кIуэтэгъуэу

щыIэгъуэм и щыIэгъуэр зэрихь щIыкIэр ″щэ″м къиIуатэрэ гурыIуэгъуэ къищIми, ар зэрыгъэзащIэр щхьэжу ″щэ″м къиIуатэкъым. ЩыIэгъуэм и щыIэгъуэр зэрихьрэ ар зэрыбагъуэр щыIэгъуэм щыIэгъуэ къызэрытехъукI щIыкIэущ зэрыгъэзащIэри, абы езым щыIэгъуэщIэ къытехъукIын папщIэ, мыр зэрыгъэзэщIэн гуэр къыхуэкIуэу зэрыхэлэжьыхьын хуейр гулъытапхъэщ. Мыр зэрыгъэзащIэ къарури ″тI″ макъ мыхьэнэращ зытеухуар. Аращи, щыIэгъуэм и щыIэгъуэр зэрихь щIыкIэу абы щыIэгъуэщIэ къытехъукIын Iуэхур къызэрыхъур абы хэлъыж е къыхуэкIуэ ″тI″ыр зэрыхэлэжьыхькIэрэщ: ″щы″м аргуэру ″щы″ къызэрытехъукIыр, къызтехъукIыну ″щы″м ″тI″ къызэрыхуэкIуэрэ зэрыхэлэжьыхькIэрэщ.

ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэ щIыкIэр ″зы″уэщи, ″щы″уэ зэхэлърэ ″зы″уэ лъытауэ щыт щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр мы и щIыкIэкIэ зэрыкIуатэрэ зэрыунэтIыр абы езым хэлъыж  е къыхуэкIуэу и кIуэцIым ирищIэ ″тI″ыр игъуэр къэсрэ ″тIыгъуэ″м зэрихуэкIэрэщ. Дэтхэнэ зы щыIэрэ щыIэгъуэ зиIэр зэрыунэтIрэ зэрыбагъуэр ар ″тIыгъуэ″м зэриувэкIэрэщи, щыIэгъуэ зиIэм къыхэхъукIыу щыIэгъуэ зыгъуэтыр къызхэхъукIым и ″тIыгъуэ″ныгъэу къэхъу ″тI″ ужьыгъуэкIэрэщ (у) къызэрыхэхъукIыр. Мы къэхъу ″тI″ ужьыгъуэр къызэрыIуэтапхъэри ″тIыу″уэщ.

НытIэ, ″зы″м ищхьэм къырикIуэ ″тI″ Iуэхугъуэрэ ″тIыгъуэ″ныгъэкIэрэщ абы ″тIыу″гъэкIэрэ къытехъукIыу щыIэгъуэ зыгъуэтри, утыку къихьэу щыIэгъуэ зыгъуэт мы щыIэщIэри ″щы″кIэрэ къызэрыIуэтэнур гурыIуэгъуэщ. Аращи, ″щы″уэ зэхэлърэ ″зы″уэ мы лъытам и унэтIыныгъэрэ и ″тIыу″гъэу утыку къихьэри аргуэру ″щы″уэ зэхэлърэ ″зы″уэщ зэрылъытапхъэр. ″Зы{⋂щы}″м и унэтIыгъэрэ и ″тIыу″гъэу утыку къихьарэ щыIэгъуэ зыгъуэтар зэрызэпкъырыувэрэ зэрызэпкъырылъри ″щы{⋂зы}″уэщ. Мыбыхэм дэтхэнэ зыр ″щы″рэ ″зы″уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. УнэтIыныгъэкIэ ″зы″ гуэр къызхэхъукIа ″зы″ гуэрымрэ абы къыхэхъукIа а гуэрыр ″щы″ лIэужьыгъуэу зэпкъырыуварэ зэхуэмыдэ геометрикэу ухуахэращи, зы пкъыгъуэм имытхэращи, дэтхэнэ зыр щхьэжу ″зы″уэ лъытапхъэщ. Ауэ ″тI″ къарурэ лъэкIыныгъэр къыхуэкIуэрэ лажьэу унэтIрэ ″тIыу″а ″зы{⋂щы}″мрэ, абы мы и ″тIыу″гъэм къыхэхъукIыу щхьэж щыIэгъуэ зыгъуэта ″щы{⋂зы}″м я зэхуакум генератикэ зэпыщIэныгъэ зэрыдэлъри гурыIуэгъуэщ.

Аращи, ″зы″уэ тлъытарэ ″тI″ къызхуэкIуэу жыхуэтIар щхьэж зы щыIэгъуэ зиIэрщ, абы къыхэхъукIри щхьэж зы щыIэгъуэ зиIэу ″зы″уэ лъытапхъэщ; ауэ я зэхуакум къыдэхъухьыр ″тI″ Iуэхугъуэу ″тIыу″гъэщ. ″Зы″мрэ абы къыхэхъукI ″зы″м я зэхуакум дэлъ ″тIыу″р а ″зы″итIыр зэпызыщIэрщ: къыхэхъукI ″зы″р къызхэхъукI ″зы″м и ″тIыу″гъэкIэрэ генератикэу пыщIащ.

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэращIщи, щхьэж "зы"уэ лъытэжу "щы"уэ зэхэлъ щыIэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыIэм "щы"уэ зэхэлъръэ "зы"уэ лъытэ щыIэгъуэщIэ къызэрыхэхъукIыр щыIэгъуэм и бэгъуэкIэ операцэу "тIыу"гъэкIэрэщ. "Щы"уэ зэхэлъръэ "зы"уэ лъытам къыхуэкIуэ "тI"ыкIэрэщ "тIыу"р къызэрыхъури, ар "тI"ыр къызхуэкIуэм и зы щIыкIэщ, мыхъумэ, "щы"уэ зэхэлъръэ "зы"уэ лъытауэ щхьэжрэ щхьэхуэу зы щыIэгъуэрэ щыIэу утыку къихьагъэххэ гуэркъым.

ЩыIэрэ "щы"уэ зэпкъырылъ дэтхэнэ гуэрыр "зы"уэщ зэрылъытэри, мыр генератикэм щхьэщыкIыныгъэу геометрие зэпкъырылъыкIэщ, ари зэрыухуэр а "щы"мкIэрэщ. ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ "зы"р генератикэм щхьэщыкIыныгъэрэ геометрие лъабжьэу "щы"уэ зэхэлъыныгъэщи, щыIэгъуэу мы "щы"уэ зэхэлъръэ "зы"уэ лъытамрэ, мыбы и "тIыу"гъэм къыхэхъукI "щы" лIэужьыгъуэрэ "зы"уэ лъытам я зэпыщIэныгъэр генератикэ зэпыщIэныгъэщ. Аращи, зыр зым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьарэ щыIэгъуэ зыгъуэта мы "щы" лIэужьыгъуэрэ геометрикэхэр генератикэу зэпыщIащ.

Генератикэ щхьэщыкIыныгъэу зэхэлъыкIэр зы геометрием итыныгъэщи, мыри щыIэгъуэр зэрызэпкъырыувэу зы геометриер утыку къызэрихьэ "щы"кIэрэщ. Ари щхьэжу "зы"уэ мэлъытэри, мы геометрием и кIуэцIым "тI" къару зэрыхищIэкIэрэ къэхъур а геометрием и унэтIыгъэщ. Мы унэтIыныгъэр къызэрыхъукIэрэ аргуэру "щы"м гъуэ егъуэтри, щыIэгъуэ зэрыухуэну "щыгъуэ"р къызэрыхъукIэрэи мы щыIэм нэгъуэщI щыIэ къыхэхъукIыущ щыIэгъуэр зэрызекIуэрэ зэрызэхъуэкI щIыкIэр.

"Щы"уэ зэпкъырылръэ "зы"уэ лъытэм и унэтIыныгъэращ "тIыу"ри, "щы" лIэужьыгъуэ къэхъуныгъэм хуэкIуэр мыращ: дэтхэнэ "тIыу"гъэм къигъэхъур "щы" лIэужьыгъуэщ, "тIыу"м "щы" къегъэхъур; "щы"р къызтехъукIыр "тIыу"щи, "тIыу"ри зы "щы" лIэужьыгъуэм и "тI" ужьыгъуэщ. Аращи, "зы"р зы геометриеу зэпкъырылъ "щы"уэ утыку ит дэтхэнэ щыIэ гуэрщ, абы и "тIыу"р мы щыIэ гуэрым и унэтIыныгъэу щытращи, ар аргуэру "щы"пIэрэ "щы"гъуэм хуэкIуэныгъэу, аргуэру щыIэ гуэр къэхъуныгъэм хуэкIуэн Iуэхугъуэщ.

Мы къэтIуэтахэм къызэрагъэлъагъуэщи, "щы"уэ зэхэлъръэ геометрие лъабжьэу зэпкъырылъ дэтхэнэ гуэрэмрэ щыIэгъуэм езыр хъугъэу генератикэу зэрыунэтIыр "тI" къарукIэрэщ: щыIэ гуэрым нэгъуэщI щыIэ гуэр къызэрыхэхъукIыр ар зэрыунэтIрэ зэры"тIыу"кIэрэщ. Зымрэ абы къыхэхъукI зым я зэхуакум къыдэхъухьращ "тIыу" Iуэхугъуэри, ар къызхэхъукIымрэ къыхэхъукIыр генератикэу зэпызыщIэ лъэбакъуэрщ. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэрэ къэхъуныгъэм теухуауэ, къызыхэхъукI щыIэгъуэмрэ къыхэхъукI щыIэгъуэр хъугъэкIэ генератикэу зэпызыщIэр къызхэхъукI щыIэгъуэм и "тIыу"гъэращ. "ТI"ыр макъыхъуу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ, "тIыгъуэ"м ихуэр зэрыунэтI щIыкIэу къэхъу "тIыу"р

къызтехъукӀым и хъугъэу, щыгъуэ къэхъурэ ″щы″пӀэ иувэу утыку къихьэр (къыхэхъукӀыр) къызхэхъукӀым хъу лъэныкъуэкӀэ генератикэу зэпызыщӀэрщ.

Мы къэтӀуэтахэр зы формулацэ хуэдэу къэгъэлъэгъуэн хуеймэ, ″щы″уэ зэпкъырылъэ ″зы″уэ лъытэ гуэрым и ″тӀыу″гъэм ″щы″ лӀэужьыгъуэ къызэригъэхъуу зи гугъу тщӀы мы ″къэхъуныгъэ″р мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «зы{⋂щы}→ тӀыу→ щы{⋂зы}».

*

″Щы″уэ зэхэлъэ ″зы″уэ лъытам ″тӀ″ыр хищӀэу зэры″тӀыгъуэ″кӀэрэ ″тӀ″ ужьыгъуэу ″тӀыу″гъэ егъуэтыр. ″ТӀыу″гъэ къызхуэкӀуа ″зы″м аргуэру ″зы″ гуэр къыхохъукӀри, ари ″щы″уэ зэрызэпкъырылъыр гурыӀуэгъуэщ. ЩыӀэгъуэр зэрыбагъуэрэ зэрыужь лъабжьэщ мыри, щыӀэгъуэр щыӀэхункӀэ щыӀэгъуэм и щыӀэгъуэр зэрихь щӀыкӀэращ. Аращи, ″зы″р зэрытӀрэ зэрунэтӀкӀэрэ аргуэру ″зы″ къызэрыхъу мы кӀуэкӀэр Ӏыхьищрэ лъэбэкъуищщ: ″щы″уэ зэхэлъ ″зы″м и ″тӀыу″гъэу утыку къихьэр ″щы″уэ зэпкъырыувэ ″зы″ гуэрщи, мы Ӏуэхугъуэм езыри зы щыӀэгъуэу ″щы″уэ зэпкъырылъщ. ЩыӀэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр ″щы″уэ зэхэлъщи, щыӀэуэ щытри, абы къытехъукӀри, мы къэхъуныгъэу къекӀуэкӀри ″щы″ лӀэужьыгъуэщ. Аращи, ″щы″уэ зэхэлъэ ″зы″уэ лъытам аргуэру ″щы″уэ зэхэлъэ ″зы″уэ лъытэ гуэр къызэрыхэхъукӀ Ӏуэхугъуэу мы ″къэхъуныгъэ″м езыри ″щыгъуэ″м зэриувэкӀэрэщ утыку къызэрихьэрэ щыӀэгъуэ зэригъуэтыр. ″Щы″уэ зэхэлъэ ″зы″уэ лъытам и ″тӀыу″гъэкӀэрэ ″щы″уэ зэпкъырыувэу ″зы″уэ зэрылъытэкӀэрэ гъэзащӀэ мы ″къэхъуныгъэ″м езыри лъэбэкъуищрэ ″щы″пӀэ зэриувэкӀэрэ утыку къызэрихьэр гулъытапхъэщ. ИкӀи, зы щыӀэгъуэ зыгъуэтауэ щыт мы къэхъуныгъэм езыри ″зы″уэ зэрылъытапхъэр гурыӀэгъуэщ.

ЩыӀэгъуэр щыӀэхункӀэрэ абы и щыӀэгъуэр зэрихьрэ щыӀэгъуэ зиӀэм щыӀэгъуэ зиӀэ гуэр къыхэхъукӀыныгъэр увыӀэгъуэ зэримыӀэу къекӀуэкӀын хуейуэ щытщи, нытӀэ, мы зи гугъу тщӀы ″къэхъуныгъэ″р увыӀэгъуэ зэримыӀэкӀэрэ къэхъун хуейщ, хъуурэ щытын хуейщ. Аращи, ″зы″р ″зы″уэ къэмынэн щхьэ, ″зы″м ″зы″ къыхэхъукӀыу щытын хуейщ. Ар щыхъукӀи, ″зы-тӀыу-щы″р аргуэру къэхъужын хуейщ, икӀи мыр мыувыӀэу къэхъун хуейщ. Зыгуэрыр къэхъурэ щыӀэ хъун папщӀэ, абы и ″щыгъуэ″р къэхъун хуейщи, нытӀэ, зы ″къэхъуныгъэ″у утыку къихьауэ къэдгъэлъэгъуа ″зы-тӀыу-щы″м езым зэрыщыту ″щыгъуэ″ игъуэтын хуейщ. Зы ″къэхъуныгъэ″у щыт ″зы-тӀыу-щы″м езым зэрыщыту щыӀэгъуэ игъуэтын папщӀэ, а зэрыщыту ″щы″пӀэрэ ″щыгъуэ″ игъуэтын хуейщ.

″Къэхъуныгъэ″м езыр зэрыщыту утыку къыщихьэжращ абы зэрыщыту щыӀэгъуэрэ лэжьэкӀэ зэригъуэтынури, мыбы папщӀи, мы ″къэхъуныгъэ″р зэрыщыту къэхъужын хуейщ. Мыри зэрыгъэзэщӀэну щӀыкӀэр мы ″къэхъуныгъэ″м зэрыщыту и ″тӀыу″гъэ къызэрыхъукӀэращи, ари къэхъуныгъэм езыр зэрызэтеуплӀанщӀэращ. Мы къэхъуныгъэр

зэры″тІыу″рэ щызэтеуплІанщІэм щыгъуэр къэхъуныгъэр аргуэру къэхъужу аращ. Мыбдежым щыІэгъуэм щыІэгъуэ къыхэхъукІыжыныгъэр гъэзэщІагъэххэщи, ″къэхъуныгъэ″р зэрыщыту къызэрыхъукІэрэ езым и лэжьэкІэм щыІэгъуэ игъуэтагъэххэу аращ. Мыри щыІэгъуэ ужьыгъуэм лъабжьэ зэригъуэтаращ.

″Зы-тІыу-щы″р зы ″къэхъуныгъэ″щи, мы къэхъуныгъэр а зэрыщытрэ зэрыщыІэкІэрэ къэхъуу щытын папщІэ, мы зэрыщытрэ зэрыщыІэкІэрэ и щыІэгъуэр ихьын папщІэ, ар ″щыгъуэ″рэ ″щы″пІэ иувэн хуейщи, абы щыгъуэ, мы зэ щхьэ ″къэхъуныгъэ″м (зы-тІыу-щы) езым щыІэгъуэ игъуэтынщ. Ар щыхъукІи, щыІэгъуэм щыІэгъуэ къыхэхъукІыныгъэрэ щыІэгъуэ ужьыгъуэм езым щыІэгъуэ зэригъуэткІэрэ хъуурэ кІуэныгъэр къэхъунщ. Хъуурэ кІуэныгъэр зэрыгъэзащІэр ″зы-тІыу-щы″ защІэкІэрэщи, мыр (зы-тІыу-щы) хъуурэ кІуэныгъэм лъабжьэ зэригъуэтарэ и пщалъэращ. Мы пщалъэр мыувыІэу утыку къызэрихьэкІэрэщ хъуурэ кІуэныгъэри, увыІэгъуэ зэримыІэкІэрэ мы хъуурэ къекІуэкІым и зы Іыхьэр (и пщалъэ Іыхьэр) зы къэхъуныгъэу мы зи гугъу тщІа ″зы-тІыу-щы″ращ.

Мы къэхъуныгъэ пщалъэр увыІэгъуэ имыІэу къэхъуу щытщи, мыпхуэдэуи зы периодикэ къэхъуныгъэ мэухуэр. Ар периодикэу щыгъэзащІэкІэ утыку къихьэр зы периодикэ функцэщ. Мы периодикэ функцэм и зы периодыр зи гугъу тщІы къэхъуныгъэ пщалъэрщ (зы-тІыу-щы). Аращи, къэхъуныгъэм и ″тІыу″гъэкІэрэ къэхъуныгъэ къызэрыхэхъукІыжу къэта формулацэр зы периодикэ функцэуи къэгъэлъэгъуэфынщ.

ЩыІэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыІэр зэрызэпкъырыувэрэ зэрызэпкъырылъыр ″щы″уэщи, щхьэжу ″зы″уэ мэлъытэр. Мыпхуэдэу зэпкъырылърэ лъытэ щыІэгъуэм щыІэгъуэ къыхэхъукІыныгъэрэ и щыІэгъуэр зэрихьын къару иІэжщи, мы къарур щыІэгъуэм езым хэлъыж ″тІ″ращ. ЩыІэгъуэм и щыІэгъуэр зэрихьрэ зэрыбагъуэ щІыкІэу щыІэгъуэщІэ къызэрыхэхъукІыфыр езым хэлъыж ″тІ″ къарукІэрэщ. Абы хэлъ ″тІ″ыр ″тІыгъуэ″м зэриувэкІэрэщ ″тІыу″гъэри къызэрыхъур. Аращи, щыІэгъуэр зэры″тІыу″кІэрэщ щыІэгъуэ къызэрыхэхъукІри, мыри ″зы-тІыу-щы″уэ зи гугъу тщІа ″къэхъуныгъэ″ращ. Щхьэж зы къэхъуныгъэу мы тлъыта ″зы-тІыу-щы″м езыри ″щы″уэ зэрыпкъырыувауэ зы щыІэгъуэщ. Ари щыІэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыІэм хуэдэу ″щы″уэ зэхэлърэ ″зы″уэ лъытапхъэщ; щхьэж щыІэгъуэрэ щыІэм хэлъ ″тІ″ыр мы ″къэхъуныгъэ″м (зы-тІыу-щы) ″тІыу″уэ (″тІ″ ужьыгъуэу) зэрыхэлъыр нэрылъагъущ. НытІэ, ″къэхъуныгъэ″у тлъыта мы щыІэгъуэм и щыІэгъуэр зэрихьыр абы хэлъыж ″тІыу″кІэрэщи, мыбы езыр (зы-тІыу-щы) зэры″тІыу″кІэрэ зэтеуплІанщІэу и щыІэгъуэр аргуэру къохъур. Ар зэрыщыту зэ ″тІыу″рэ щызэтеуплІанщІэм щыгъуэ къэхъур абы и

щыӀэгъуэр зэрыкӀуатэращи, мыр зы периодикэ функцэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэри гурыӀуэгъуэщ.

Аращи, щыӀэгъуэм щыӀэгъуэ къытехъукӀыныгъэр зэрыгъэзащӀэр къэхъуныгъэ пщалъэу щыт ″зы-тӀыу-щы″р езым и ″тӀыу″гъэкӀэрэ аргуэру утыку къызэрихьэжкӀэрэщи, мыр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «″зы-тӀыу-щы″→ тӀыу→ ″зы-тӀыу-щы″».

Мыр къэхъуныгъэ пщалъэу тлъыта ″зы-тӀыу-щы″м езым аргуэру и къэхъукӀэжращ; ″зы-тӀыу-щы″р зэрытеуплӀанщӀэращи, мыри зэрыгъэзащӀэр ″зы-тӀыу-щы″м езыр зэры″тӀыу″кӀэращ. Къэхъуныгъэ пщалъэу тлъыта ″зы-тӀыу-щы″р зэры″тӀыу″рэ зэрытеуплӀанщэу утыку къихьра ″зы-тӀыу-щы″м езыми къэхъуныгъэ зэригъуэтарэ зэрыщыту зэрыунэтӀаращ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, зэ ″къэхъуныгъэ″р (зы-тӀыу-щы) а зэм къытемынэу, аргуэру къэхъуащи, мыр абы езым увыӀэгъуэ зэримыӀэкӀэрэ хъуурэ къекӀуэкӀыу зэрыщӀидзэм лъабжьэ зэригъуэтаращ. Мыр къэхъуныгъэм езым и къэхъуныгъэжу, абы езым щыӀэгъуэ зэригъуэтаращ. Аращи, къэхъуныгъэм щыӀэгъуэ зэригъуэтар къэзгъэлъагъуэ мы формулацэр къэхъуныгъэр увыӀэгъуэ зэримыӀэкӀэрэ къэхъуу зэрыщытынуращ зытеухуари, щыӀэгъуэм щыӀэгъуэ къыхэхъукӀыныгъэ ″зы-тӀы-щы″р мыувыӀэу лэжьэну ара щ.

Мы псалъэм къызэрыгуэкӀкӀи, къэхъуныгъэ ″зы-тӀы-щы″р зэрытеуплӀанщӀэу къызэрыгъэлъэгъуа мы формулацэр икӀи мы къэхъуныгъэр зэрызэкӀэлъыкӀуэкӀэрэи къэгъэлъэгъуапхъэщи, ар щыхъукӀэ, ″щы″уэ зэхэлърэ ″зы″уэ лъытэм и ″тӀыу″гъэкӀэрэ утыку къихьэныгъэм лъэбэкъуищ зэрырикӀуэращ утыку къихьэнур. Аращи, къэхъуныгъэ унэтӀыгъэм теухуауэ мы къэта формулацэр ″зы″м и ″тӀыу″гъэкӀэрэ ″зы″р утыку къызэрихьэм (зы-тӀыу-щы) ″тӀыу″гъэ зэригъуэтращи, мыр икӀи къэхъуныгъэ пщалъэу тлъыта ″зы-тӀыу-щы″кӀэрэ утыку къихьа ″щы″м (ар икӀи ″щы″уэ зэхэлъ ″зы″щ) и ″тӀыу″гъэкӀэрэ къэхъум ″зы″ гуэр къытехъукӀыныгъэкӀэрэ зэрызекӀуэращ.

ЩыӀэгъуэм теухуауэ ″зы″мрэ ″щы″м я зэпыщӀэныгъэр ″зы{⋂щы};щы{⋂зы}″уэ зэрыщытыр ипэкӀэ къэтагъэххэщи, игъуэ щыхъум деж, зыр зым ипӀэ зэриувэфынур гулъытапхъэщ. ″Зы″мрэ ″щы″р мы зэрызэӀуха щӀыкӀэкӀэ къэдгъэлъагъуэу, къэхъуныгъэр зэрызытеуплӀанщӀэ щӀыкӀэу къэдгъэлъэгъуа формулацэм хиубыдэхэр зэкӀэлъхьэужьуи къэгъэлъэгъуапхъэщи, илъабжьэкӀэ къызэрытар мыпхуэдэщ. Мыпхуэдэу щыгъэлъагъуэкӀэ утыку къихьэри къэхъуныгъэ пщалъэр (зы-тӀыу-щы) зи период зы функцэ формэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″Зы-тӀыу-щы″м езыр зэры″тӀыу″рэ зэрытеуплӀанщӀэр ″зы″м и ″тӀыу″гъэкӀэрэ ″зы″ утыку къихьэныгъэми лъэбэкъуищ зэрырикӀуэращи, мыпхуэдэу къэхъур щыӀэгъуэ ужьыгъуэм езым щыӀэгъуэ зэригъуэт щӀыкӀэу ар ″щы″пӀэ зэриувэращ. Мыри щыӀэгъуэ ужьыгъуэм лъабжьэ

игъуэтарэ мыувыIэу зекIуэныгъэ зэригъуэтаращи, ″зы″м и ″тIыу″гъэм ″зы″ къызэригъэхъум лъэбэкъуищ щикIуэм деж, щыIэгъуэ бэгъуэныгъэм езыр къэхъуагъэххэу щытщи, ари мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ:
«зы{∩щы}→ тIыу→ щы{∩зы}→ тIыу→ щы{∩зы}→ тIыу→ щы{∩зы}».

Гулъытапхъэщи, ″тIыу″гъэр ″щы″кIэрэ къызэрыхъурэ зы гуэрым зы гуэр къызэрыхэхъукIыу хъууэ кIуэр лъэбэкъуищкIэ къэзыгъэлъагъуэщ мыри, щыIэгъуэ ужьыгъуэщ. Зыр зэрытIкIэрэ ″тIыу″ къэхъуу, щыIэгъуэ зиIэр зэрыкIуатэрэ зы гуэрым зы гуэр къызэрыхэхъукI щIыкIэу зэкIэлъыкIуэ мы Iуэхур лъэбэкъуищыр зыхэплъагъуэу нэхъ Iупщlыу мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ:
«зы{∩щы}→ тIыу→ щы{∩зы}→ тIыу→ щы{∩зы}→ тIыу→ щы{∩зы}».

Япэрей лъэбакъуэ ЕтIуанэ лъэбакъуэ Ещанэ лъэбакъуэ

″Зы-тIыу-щы″р зэры″тIыу″кIэрэ зэрызэтеуплIанщIэ щIыкIэу утыку къихьауэ мы къэтар ″зы-тIыу-щы″р зэкIэлъхьэужьу зэрызекIуэрэ ар зи периоду зы функцэщ; ар ″волнавая функциа″ жыхуаIэ зы функцэщ. Къэхъуныгъэ пщалъэу тлъытар зэрыщыту ″тIыу″рэ зэрытеуплIанщIэкIэрэ зэхуэдитIыу, икIи къэхъуныгъэ пщалъэр зэрызэдзакIэрэ зэхуэдищу зыхэплъагъуэу зы функцэщ. Къэхъуныгъэр зэрыунэтIрэ зэрыужьыр ″щы″пIэ зэриувэр зыхэплъагъуэ мы функцэр щыIэгъуэм щыIэгъуэ къызэрыхэхъукIкIэрэ зэрызекIуэм теухуащ. Сытри ″щы″пIэ зэриувэкIэрэ щыIэгъуэ зэригъуэтым хуэдэу, мы функцэри къэхъуныгъэрэ щыIэгъуэм щыIэгъуэ къызэрытехъукIыр ″щы″пIэ иувэу щыIэгъуэ зэригъуэтыр къэзыгъэлъагъуэ функцэщ.

*

Къэхъуныгъэ пщалъэу тлъыта ″зы-тIыу-щы″р ″щы″уэ зыхэплъагъуэ мы функцэр щыIэгъуэм щыIэгъуэ къызэрыхэхъукIым езыр ″щы″пIэ зэриувэрэ абы щыIэгъуэ зэригъуэтым теухуащ. Ауэ, мыр ″къэхъуныгъэ″р зэрыщыту утыку къызэрихьэжу зэрыгъэзащIэр ″волнавая″у утыку къизылъхьэ зы функцэщи, къэхъуныгъэр зэхуэдэ защIэкIэрэ щэнейкIэ зыхэплъагъуэ мы функцэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэрэ Iыхьэу утыку къихьэр адрейхэм зэрызэлъытар хэплъагъуэкъым. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, мы функцэр зы периодыр зэрыщыту зэкIэлъыкIуэущ зэрыухуари, щыIэгъуэ ужьыгъуэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэр зы джыгъуэщIэу зэщхьэщыкIыу зэрызекIуэрэ зэрызэпкъырыувэ щIыкIэр зэхуэдэ защIэу Iыхьищу зэхэт мы функцэм хэплъагъуэкъым.

Къэхъуныгъэр зэрызэтеуплIанщIэкIэрэ утыку къыщихьэкIэ, щыIэгъуэм щыIэгъуэ къызэрыхэхъукIкIэрэ къэхъу мы Iуэхугъуэр лъэбакъуэ лъэбакъуэрэ зэпкъырыувэкIэу зэрыужьыр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, мыхэр зыхыумылъагъуэу къэта мы функцэм дэтхэнэ и зы Iыхьэрэ лъэбакъуэм, дэтхэнэ и зы щIыпIэм функцэм зэрыхэтым елъытауэ езым хуэIуауэ зы пщIэ зэриIэнур гулъытапхъэщ. АтIэ, къэхъуныгъэр

къызэрыхъужкIэрэ щыIэгъуэм щыIэгъуэ къызэрытеухъукIыу зэрызекIуэр къэзыгъэлъагъуэ мы функцэм дэтхэнэ и зы щIыпIэм и пщIэрэ и ″валор″ыр лъытэнрэ утыку къихьэн хуейуэ щытщи, мыри бзэращ къэзыIуатэр. Аращи, мы волнавая функцэр къэхъур къызэрыхъужкIэрэ зэрызекIуэрэ щыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэ зэригъуэтращ зытеухуари, мыри щыIэгъуэ зэрызэпкъырыувэкIэу зэрыгъэзащIэр къызэрыIуатэ щIыкIэу, мы функцэм дэтхэнэ и зы щIыпIэр игъуэ псалъэкIэ адыгэбзэм къызэриIуэтам щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы функцэм дэтхэнэ и зы щIыпIэрэ Iыхьэр утыку къызэрихьэрэ мы функцэм хигъэзэщIыхь къалэным теухуауэ иIэ пщIэр щхьэхуэ щхьэхуэу лъытапхъэщ. Къэхъуныгъэрэ хъуурэ кIуэныгъэр зэрызекIуэр къэзыгъэлъагъуэрщ мы функцэри, хъуурэ кIуэныгъэм дэтхэнэ и зы щIыпIэм къэхъуныгъэм теухуауэ зэщхьэщыкI къалэнрэ пщIэ зэриIэр гурыIуэгъуэщи, мы функцэм хиубыдэ дэтхэнэ гуэрыр (″щы″ лIэужьыгъуэрэ ″тIыу″ лIэужьыгъуэу) утыку къызэрихьамрэ, къыздихьа щIыпIэу функцэм хигъэзэщIыхьым теухуауэ еплъын хуейщ. ИкIи дэтхэнэ зы щIыпIэр функцэм хигъэзэщIыхьым теухуауэ лъытэн зэрыхуейрэ игъуэ псалъэхэмкIэ къэIуэтэн зэрыхуейри гулъытапхъэщ.

НытIэ, япэу мы функцэм хэт ″тIыу″хэр къызэрыIуэта псалъэхэм деплъынщ.

«зы{∩щы}→ тIыу→ щы{∩зы}→ тIыу→ щы{∩зы}→ тIыу→ щы{∩зы}».

↓ ↓ ↓

Зы тIыу (зытI) тIыуитI (тIитI) тIыуищ (тIищ)

↓ ↓ ↓

ТIу ПлIы Хы

Мы лъэбэкъуищ унэтIыгъэу функцэм хиубыдэ ″тIыу″гъэхэм и япэрейр къэхъуныгъэ пщалъэм и ″тIыу″гъэщи, функцэ къежьапIэ ″зы″м и ″тIыу″гъэу щытрэ функцэми и япэрей мы ″тIыу″гъэр зэрыхуэфащэрэ зэрыигъуэкIэрэ адыгэбзэм щхьэж зы псалъэу къызэриIуэтар ″тIу″уэщ.

″ТIу″уэ лъыта мы япэрей ″тIыу″гъэм къыкIэлъыкIуэ ″тIыу″гъэхэри функцэм зыщыхэт щIыпIэмрэ зыхэт къэхъуныгъэ Iыхьэрэ лъэбакъуэм елъытауэ, икIи къызкIэлъыкIуэ ″щы″ лIэужьыгъуэми елъытауэ игъэзащIэм зэрезэгъкIэрэ игъуэ псалъэхэмкIэ къэIуэтапхъэщи, ахэр адыгэбзэм къызэриIуатэ щIыкIэри илъабжьэкIэ къэтащ.

Япэрей ″тIыу″гъэр ″тIу″уэ лъытащи, абы утыку къыригъэхьэ ″щы″ лIэужьыгъуэри а зэрыщыту ″щы″уэ зэрылъытакIэрэ щыIэгъуэ ужьыгъуэ функцэм и япэрей лъэбакъуэр утыку къихьащ. Мыпхуэдэу утыку къихьа ″щы″м къыкIэлъыкIуэрэ абы и ″тIыу″гъэуи къэхъуу функцэм и етIуанэ ″тIыу″гъэу хэтыр адыгэбзэм зэрызилъытэрэ къызэриIуатэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мыбдежыр къэхъуныгъэ пщалъэм и ″тIыу″гъэщ, икIи абы хиубыдэу утыку къихьа ″щы″ми и ″тIыу″гъэщи, ″тIыу″гъэ къалэнитI зыгъэзащIэрщ.

Функцэм теухуауэ етIуанэ ″тIыу″гъэращ мыбдежри, зи гугъу тщIы функцэм дежкIэ ″тIыуитI″щ. Япэрей ″тIыу″р ″тIу″уэ зэрылъытакIэрэ, абы къыкIэлъыкIуэ мы ″тIыу″р ″тIутI″уи лъытапхъэщ. Мыр зы ″тI″ Iуэхугъуэщи, ″тIитI″уи лъытапхъэщ.

Мы ″тIыу″гъэм теухуауэ мы къэIуэтахэм къызэрыхэкIщи, къэхъуныгъэ пщалъэм къыкIэлъыкIуэу ар зэрызэтеуплIанщIэр зыгъэзащIэрэ абы и ″тIыу″гъэу утыку къихьэ мы ″тIыу″ лIэужьыгъуэр щыIэгъуэ унэтIыныгъэрэ бэгъуэныгъэм пIэ (пI) игъуэтауэ зыхуэкIуэнум зэрыхурихулIэр (лI) къизыIуэ зы псалъэу ″пI-лI″ → ″плIы″уэ лъытащ. Ар (плIы) щыIэгъуэ къэхъуныгъэ пщалъэу щыт ″зы-тIыу-щы″м къигъэхъуарэ хиубыдэ щыIэгъуэщIэ ″щы″м и щхьэщыкIыныгъэу, абыи и ″тIыу″гъэу зэрыщыткIэрэ ″щы″р зэрыхъун хъуарэ (лI) пIэ зэригъуэтари, ″щы″ нэужьыр унэтIыгъэкIэрэ зэрызекIуэнурэ зыхурихулIэнури зыхэлъыжу ухуа зы псалъэщ. Мыбдежыр икIи щыIэгъуэр зэрызэпкъырыувэрэ утыку къызэрихьэ геометрие лъабжьэ ″щы″р зэрытеуплIанщIэ щIыпIэращи, щыIэгъуэр зэрызэпкъырыувэрэ геометрие зэригъуэт ″щы″м щхьэщыкIыныгъэр зэригъуэтращ.

ЩыIэгъуэ унэтIыгъэр щыIэгъуапIэм зэриувэнум мы и етIуанэ лъэбакъуэр утыку къызэрихьэу зэрыунэтIращ ″тIитI″ыр ″плIы″уэ зэрылъытэри, ар къэхъуныгъэ пщалъэу щыт щыIэгъуэ унэтIыгъэм и япэрей лъэбакъуэм утыку къыригъэхьа ″щы″ нэужьым къэхъуарэ абы и ″тIыу″гъэу, ″щы″рэ мы щыIэгъуэ лъабжьэу ухуар зыдэкIуэфым нэгъунэ кIуапIэ зэригъуэтари къизыIуэ зы псалъэуи лъытапхъэщ. ″ПлIы″р щыIэгъуэр зэрыухуа ″щы″м и ″тIыу″гъэрэ абы къыкIэлъыкIуэу, щыIэгъуэ зиIэр ″щы″уэ зэпкъырыуварэ зэрыхъун хъуа нэужь къэхъу унэтIыгъэщи, мыбдежыр ″щы″пIэ иувам и щхьэщыкIыныгъэрэ и унэтIыгъэу щыIэгъуэ зиIэр зэрыхъун хъуарэ щыIэгъуэ зэриIэкIэрэ гъуэгу зэрытехьагъэххэ щыIэпIэщ.

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэм езыр ″щы″пIэ зэриувэкIэрэ щыIэгъуэ зэригъуэтым теухуа функцэм и курэкупс мы ″тIыу″гъэр мы функцэр зэрыухуэ щIыкIэу къэхъуныгъэ пщалъэр щызэтеуплIанщIэрэ аргуэру утыку къихьэжыныгъэр щыгъэзащIэ ″тIыу″гъэщ. ЩыIэгъуэр зэрызэпкъырыувэфым (щы) щхьэщыкIыныгъэ къыхуэзыгъакIуэ мы ″тIыу″гъэр, зи мыхьэнэр геометрием теухуауи фIыуэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа ″щы″м зы измерение къыхэхъуэжыныгъэ ″тIыу″гъэщи, мыр щыгъэзащIэ щIыпIэу ″плIы″р хъущэщ.

Къэхъуныгъэ пщалъэ ″зы-тIыу-щы″р аргуэру къэхъужыным пIэ хуэхъур мы етIуанэ ″тIыу″гъэу теуплIэнщIэныгъэр щыгъэзащIэращ. ″ТеуплIэнщIэн″ псалъэм хэт ″плI″ макъхэр гулъытапхъэщи, мы псалъэм и мыхьэнэр ″плIы″р бжыгъэцIэ зыхуэхъуа ″4″ым зэрытемыхуэр гурыIэгъуэщ. Ауэ мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, ″плI″ макъ

мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэщ "теуплlэнщlэн" псалъэмрэ "плlы" псалъэри, абыхэм къэхъуныгъэрэ щыlэгъуэкlэ зэпыщlэныгъэ зыхуаlэщ.

Функцэм мы и "ещанэ лъэбакъуэ"м хиубыдэ "тlыу"гъэр функцэр "щы"пlэ зэриувэрэ функцэ ухыпlэу щыт "щы" лlэужьыгъуэри къызщыхэхъукlращ. Мыбдежыр щыlэгъуэ ужьыгъуэм езым щыlэгъуэ щигъуэтрэ "щы"пlэ щиувэращи, хиубыдэ "тlыу"ри "щы"пlэ щиувэращ. Мыбдежыр мы функцэм и ещанэ "тlыу"гъэщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэм езым щыlэгъуэ зэригъуэтыр щызэфlэкl "щы" лlэужьыгъуэри къыздыщыхэхъукl "тlыу"гъэращ. Ар щыхъукlи, мыбдежри етlуанэ "тlыу"м хуэдэу мы гъэзащlэ lуэхугъуэм зэрезэгъкlэрэ игъуэ псалъэу къэlуэтапхъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ.

Мы "тlыу"гъэр функцэм и ещанэ "тlыу"гъэрэ и ещанэ lыхьэм щыщ "тlыу"гъэу зэрыщытым, мыбы къызэрыгуэкlкlи ухыпlэ "щы" лlэужьыгъуэр къэзыгъэхъуну "тlыу"гъэу зэрыщытым, икlи къызкlэлъыкlуэ "щы" лlэужьыгъуэм (тху) зэрыри"тlыу"гъэу зэрыщытым теухуауэ игъэзащlэ къалэным зэрезэгъ псалъэкlэ къэlуэтапхъэщ.

Функцэм и ещанэ мы "тlыу"гъэм функцэм хигъэзэщlыхь къалэнымрэ функцэ лъэныкъуэкlэ тежыlыпхъэхэр пытщэнщ. Аращи, "тlыу"гъэу мы ещанэу къэхъур "тlыу"уэ "щы"щи, "тlыу"р "щы"пlэ щихуэ щlыпlэу "тlыущ"щ; "тlыу"р "щы"пlэрэ "щыгъуэ" щиувэрэ щыхиубыдэ щlыпlэу "тlыуэщ"щ; "тlыу"р "щы"пlэ щихуэрэ "тlыу" джыпlэу "тlыуищ"щ. "Тlыу"р "тl" ужьыгъуэщи, мыбдежыр "тl" lуэхугъуэм "щы"пlэрэ щыlэгъуапlэ щигъуэтарауэ "тlыщ"рэ "тl" джыгъуэпlэуи "тlищ"щ, икlи "тl"ым пlэ хуэхъужу "тl"ыр "щы"пlэм зэрыривэкlэрэи "тlэщ"щ. Мы псалъэхэм къаlуатэр аращи, мыбдежыр "тl"ым "щы"пlэ щигъуэтрэ "тl"ым и "щыгъуэ"ращ; ари "тl"ым щыlэпlэ щигъуэтращ, "тl" бэгъуапlэм и щыlэгъуэр щызэпкъырыувэращ. Щыlэгъуэ унэтlыныгъэрэ бэгъуэныгъэр къызэрыхъурэ "щы"пlэ зэриувэ лъэбакъуэу мыбдежыр "тl"ырэ "тlыу"гъэми щыlэгъуэ зэригъуэт щыlэкlэрэ щlыпlэщ.

Функцэу зи гугъу тщlым зэрыхэт щlыкlэкlэ, мыбдежыр "тl"ыгъэ щэнейуэ мы къэхъуар (тlыщ, тlищ) "тl"ыр "щы"пlэ щиуваращи, "тl"ыпlэу (тlэщ) щытыр "щы"ми и "тl"ыгъэу, "щы"ми унэтlыгъэрэ бэгъуапlэ хуэхъурщ. Мы псалъэхэм къызэрыгуэкlкlи, мыбдежыр функцэм зэрыхэтрэ хигъэзэщlыхь лъэныкъуэкlэ "щытl, щlыитl – щитl"уи лъытапхъэщ: мыбдежыр икlи "тlищ"щ, икlи "щитl"щ.

Мыбдежыр зы "тlыу" лlэужьыгъуэу зэрыщытым папщlэ зы "хъу"гъэу, ауэ фукнцэм зэрыхэтрэ хигъэзэщlыхь къалэнкlэрэи "бзы"гъэуи зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, "хъу"гъэрэ "бзы"гъэр щызэхэхьэ мы "тlищ"рэ "щитl"ыр хъуурэ кlуэным щыlэгъуэ щигъуэт щlыпlэу, щыlэгъуэ лъабжьэ "щы"ми и унэтlыгъапlэщ. Аращи, "хъу"гъэр "бзы"гъэм, "бзы"гъэри "хъу"гъэм

зэрыхуэкIуэ щIыпIэу, мыбдежыр щыIэгъуэ утыку къихьэпIэрэ щыIэгъуэ бэгъуапIэращ.

Функцэм теухуауэ мыбдежыр щыIэгъуэм щыIэгъуэ къызэрыхэхъукIкIэрэ хъуурэ зэрыкIуэм езым щыIэгъуэ къызэригъуэтым и ещанэ лъэбакъуэщи, щыIэгъуэр зэрыбагъуэрэ хъууэ зэрыкIуэр ″щы″пIэм щихуэ лъэбакъуэм и ″тI″ыпIэщ. ″ТIищ″у зэрыщыткIэрэ ″хъу″гъэм щыIэгъуэ лъабжьэрэ ″бзы″гъэу ″щы″пIэ щигъуэт щIыпIэу, икIи ″щитI″уи зэрыщыткIэрэи щыIэгъуэ лъабжьэрэ ″бзы″гъэу щыт ″щы″м къэхъуныгъэрэ унэтIыгъэ щигъуэт щIыпIэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, мыбдежыр убзыхугъэрэ унэтIыгъэу щыIэгъуапIэрэ къэхъугъуапIэ щIыпIэу зэрыщытым ипкъ икIэ, игъуэджэу ″хы″уэ лъытащ.

Дигу къэдгъэкIыжынщи, ″х″ макъыр ″хъу″ макъыр къызтехъукI лъабжьэрэ ″субстанс″у лъытапхъэ ″хъ″ым и къэхъукIэм бзэгум къыщытехъукIыжа зы макъщи, ар (х) къызтехъукIа ″хъ″ым ещхьу ″лъабжьэ″ мыхьэнэ зиIэрщ: ″х″ыр щыIэр къыздыщыхъурэ зыдэщыIэ лъабжьэ зи мыхьэнэ макъщ. Аращи, ″х″ыр щыIэгъуэ геометрие системэм и ординат къалэным теухуауэ зы макъ мыхьэнэщи, щыIэр щыджрэ утыку къыздыщихьэ лъабжьэщ.

ЩыIэгъуэр зэрыунэтIрэ зэрыбагъуэм теухуауэ зи гугъу тщIы функцэм хиубыдэ ″тIыу″хэм функцэм теухуауи я пщIэрэ валорхэр зэрылъытэкIэрэ адыгэбзэм къызэриIуэта псалъэхэм и гугъу тщIащи, илъабжьэкIи мы функцэм хиубыдэ ″щы″ лIэужьыгъуэхэр адыгэбзэм къызэриIуэта псалъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

| | | | |
|---|---|---|---|
| «зы{∩щы}→ тIыу→ | щы{∩зы}→ тIыу→ | щы{∩зы}→ тIыу→ | щы{∩зы}». |
| ↓ | ↓ | ↓ | ↓ |
| Зы | Щы | Тху | Блы |

″Щы″уэ зэхэлърэ геометрие лъабжьэу зэпкъырылъыр ″зы″уэщ зэрылъытэри, абы и ″тIыу″гъэм къытехъукIри аргуэру ″щы″уэ зэхэлъ геометрие лъабжьэу ухуэ ″зы″ гуэрщ. Аращи, щыIэгъуэ зиIэу ″щы″уэ зэпкъырыувэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэр ″зы″уэщ. ЩыIэгъуэ зиIэрэ ″щы″уэ зэпкъырылъыр ″зы″уэ зэрылъытэм ипкъ иткIэ, щыIэгъуэ ужьыгъуэу зи гугъу тщIа функцэм и къежьапIэ ″щы″ лIэужьыгъуэрэ ″зы″уэ лъытар адыгэбзэм зэрыигъуэкIэрэ къызэриIуэта псалъэр ″зы″уэщ.

Мы япэрей ″щы″ лIэужьыгъуэр ″зы″уэ къэIуэтащи, мыбы и ″тIыу″гъэу утыку къихьари япэрей лъэбакъуэрэ ″щы″ лIэужьыгъуэу къызэрыхъуам ипкъ иткIэ, адыгэбзэм зэрыигъуэкIэ къызэриIуэта псалъэр ″щы″уэщ.

Къэхъуныгъэ пщалъэу щыт ″зы-тIыу-щы″м хэт ″тIыу″гъэр япэрейуэ зэрыщытым папщIэ, зы псалъэу ″тIу″уэ къызэрыIуэтам хуэдэжу, абы хиубыдэ ″щы″ лIэужьыгъуэрэ ″зы″уэ лъытам и япэрейр ″зы″уэ, етIуанэри ″щы″уэ къэIуэтащ. ИкIи мыхэр (зы, щы) мы къэхъуныгъэрэ щыIэгъуэ ужьыгъуэ зекIуэкIэр къэIуатэу щIимыдзэ ипэIуэкIэ бзэм мыпхуэдэ мыхьэнэкIэрэ хэхьагъэххэт.

Къэхъуныгъэ пщалъэ жыхуэтIэр щыIэгъуэ ужьыгъуэ пэщIэдзэу щыIэгъуэм япэу щыIэгъуэ къызэрытехъукI лъэбакъуэращ (зы-тIу-щы). Мыр и пэщIэдзэрэ и лъабжьэу щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ унэтIыгъэр къызэрыпыщэм ипкъ иткIэ, мы япэрей лъэбакъуэм утыку къыщихьарэ "щы"уи къэIуэтам и "тIыу"гъэм (плIы) нэгъуэщI "щы" лIэужьыгъуэ къызэрыхэхъукIынур гурыIуэгъуэщи, япэрей лъэбакъуэм щыщрэ "зы"м и "тIыу"гъэу (тIу) утыку къихьа "щы"р мы къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэми и пэщIэдзэращ.

ЩыIэгъуэ унэтIыгъэм и япэрей лъэбакъуэм утыку къыщихьа "щы"м и унэтIыгъэми (етIуанэ тIыурэ тIитI: плIы) "щы" лIэужьыгъуэ гуэр утыку къызэригъэхьэр гурыIуэгъуэщ. Мы "плIы" псалъэу къэIуэтам къигъэхъу мы "щы" лIэужьыгъуэр бзэм къызэриIуэта псалъэр "тху"уэщ. Мыбдежыр функцэм и етIуанэ "тIыу"гъэм (плIы) утыку къыригъэхьа "щы" лIэужьыгъуэр (тху) щыIэгъуэ унэтIыгъэм и етIуанэ лъэбакъуэм къигъэхъуарэ щыджаращ (щы-плIы-тху). Ар зы "щы" лIэужьыгъуэу утыку къызэрихьар гурыIуэгъуэщ, ауэ Iыхьищу зэхэлъу къэгъэлъэгъуа мы функцэм и етIуанэ лъэбакъуэу утыку къызэрихьам папщIэ, езыр зы "щы" лIэужьыгъуэу щыт "тху"м мы функцэм хигъэзэщIыхь къалэныр хъугъэщ. "Тху"р мы функцэр зытеухуа щыIэгъуэ ужьыгъуэм езым щыIэгъуэ щигъуэтрэ "щы"пIэ зэриувэнум и етIуанэ лъэбакъуэм утыку къыщихьаращи, езыр зы "щы" лIэужьыгъуэу щытми, функцэм хигъэзэщIыхь мы и къалэным зэрезэгъкIэрэ ар "тху"уэщ зэрылъытэр. "Тху"р щыIэгъуэ унэтIыгъэ мыхьэнэ зыхэлъу щхьэщыкIыныгъэрэ къаруфIагъэ (т) эффекткIэрэ зэрыхур (ху) къизыIуэ зы псалъэу зэпкъырыуващ.

Ар "тху"уэ зэрылъытам щхьэусыгъуэ хуэхъуар абы функцэм хуигъэзащIэ мы унэтIыгъэ къалэнращ. "ПлIы"рэ "тIыу"гъэм къыкIэлъыкIуэу утыку къихьауэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, "щы" лIэужьыгъуэрэ "бзы"гъэ зиIэми, ар зыхэт ужьыгъуэм и "тIыу"гъэ Iыхьэм щыщу зэрыщытым папщIи, "хъу"гъэ лIэужьыгъуэ зиIэу зы псалъэщ "тху"ри, зэрыухуа макъ мыхьэнэм мыр къыхощыр.

Мыбы къыкIэлъыкIуэр функцэм и ещанэ лъэбакъуэрэ Iыхьэу щыIэгъуэ ужьыгъуэр "щы"пIэм зэрихуэрэ щыIэгъуэ зэригъуэт лъэбакъуэращ. "Тху"м и "тIыу"гъэу къэхъур зэрыигъуэкIэ "хы"уэ зэрылъытам ипщэкIэ и гугъу тщIащи, абы къыхэхъукIыжыр функцэри "щы"пIэ зэриувэ "щы" лIэужьыгъуэу "блы"уэщ къызэрыIуэтар. "Хы"р функцэм и ещанэ "тIыу"гъэ лIэужьыгъуэу "тIищ"рэ "щитI"уи зэрылъытам папщIэщ мыпхуэдэу къызэрыIуэтари, абы и мыхьэнэр гурыIуэгъуэщ. Абы къыхэхъукIыж "щы" лIэужьыгъуэр (блы) щыIэгъуэ ужьыгъуэр щызэфIэкIрэ зэрызэпкъырыувар къизыIуэращ: щыIэгъуэ унэтIыгъэрэ щыIэгъуэр зэрыбагъуэ щIыкIэр щызэфIэкIрэ зэрыухыр, щыIэгъуэ ужьыгъуэм езыр "щы"пIэм зэриувэрэ щыIэгъуэ зэригъуэтыр мы "щы"

лӀэужьыгъуэкӀэрэщ къызэрыӀуатэри, ар "блы"уэщ къызэрыӀуэтар. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэу мы зи гугъу тщӀыр зэрызэлъытэныгъэ ужьыгъуэу (б) къызэрыхъуарэ зэрыхъун хъуауэ икӀи мыр зэрилъабжьэкӀэрэ зэрызекӀуэнур (л) хэлъыжу зэрызэпкъырыувар къызэрыӀуатэ зы псалъэщ "блы"р.

"Щы"р зэрыкӀуатэрэ зэрызекӀуэр къизыӀуэ "щэ"м мы и кӀуэкӀэр зэрызэкӀэлъхьэужьыкӀэу зэрыгъэзащӀэр къэзыгъэлъагъуэ функцэр "щы"пӀэ иувэу щыӀэгъуэ ужьыгъуэм езым щыӀэгъуэ зэригъуэтыр щызэфӀэкӀрэ щыух щӀыпӀэу, мы ужьыгъуэр зэрыгъэзэщӀэну щӀыкӀэм пщалъэ хуэхъуу утыку къихьаращ "блы"р. Функцэм и ухыпӀэ "щы" лӀэужьыгъуэ "блы"р щыӀэгъуэ ужьыгъуэм езым щыӀэгъуэ щигъуэтаращ; щыӀэгъуэ зиӀэр зэрыщыӀэкӀэрэ зэрызекӀуэрэ зэрыбагъуэм лъабжьэ зэригъуэтарэ ар зэрызекӀуэну щӀыкӀэми пщалъэ хъуэхъуэжаращ "блы"р.

Къэхъуныгъэ пщалъэу тлъытащ щыӀэгъуэр зэрыужьрэ щыӀэгъуэм щыӀэгъуэ къызэрыхэхъукӀым къызэрыщӀидзэ "зы-тӀыу-щы"ри, мыр увыӀэгъуэ зэримыӀэкӀэрэ щызекӀуэм щыгъуэ, къэхъуар хъуурэ зокӀуэр, щыӀэгъуэм щыӀэгъуэ къыхэхъукӀыу къокӀэрэхъукӀыр. Мы къэхъуныгъэ пщалъэр зэрызэтеуплӀанщӀэкӀэрэ утыку къызэрихьэж щӀыкӀэу утыку къихьа функцэр къэхъуныгъэ пщалъэм щэнейрэ икӀуэрэ "щы"пӀэ зэригъуэтыр щыӀэгъуэм щыӀэгъуэ къыхэхъукӀыныгъэм езым щыӀэгъуэ зэригъуэтращ. Мыр хъуурэ къекӀуэкӀымрэ щыӀэгъуэм щыӀэгъуэ къызэрытехъукӀым и щыӀэгъуэ пщалъэу лъытапхъэщ. Къэхъуныгъэ пщалъэр (зы-тӀыу-щы) лъэбэкъуищу зэхэлъщи, абы езым и къэхъуныгъэу щыӀэгъуэ щигъуэтри ар езыр зэрызэтеуплӀанщӀэрэ лъэбэкъуищ щырикӀуэращ. Къэхъуныгъэ пщалъэр "щы"уэ зэрызэхэлъым хуэдэу, ар зэрытеуплӀанщӀэкӀэрэ къэхъу щыӀэгъуэ ужьыгъуэри Ӏыхьищу зэхэлъщ. Мы Ӏыхьищрэ лъэбэкъуищыр хъуурэ кӀуэныгъэрэ щыӀэгъуэм щыӀэгъуэ къыхэхъукӀыныгъэм щыӀэгъуэ зэригъуэт пщаплъэращи, мыпхуэдэу утыку къихьэращ "блы"р.

"Къэхъуныгъэ пщалъэ"у утыку къихьа "щы"м езыр щхьэжу "къэхъуныгъэ пщалъэ"у зэрылъытапхъэм хуэдэжу, къэхъуныгъэ пщалъэм лъэбэкъуищ икӀуэу утыку къихьэ "блы"ри щхьэжу хъуурэ кӀуэныгъэмрэ "щыӀэгъуэ ужьыгъуэм щыӀэгъуэ зэригъуэт пщалъэ" псалъэу лъытапхъэщ. Аращи, функцэм и щӀыпӀэу утыку къихьа псалъэхэу, "щы"мрэ "блы"м ягъэзащӀэрэ я мыхьэнэр мы ужьыгъуэм щыщу утыку къихьэ адрей псалъэхэм елъытауэ нэхъ пщӀэшхуэщ. "Щы"р икӀи щыӀэгъуэ лъабжьэщ, икӀи къэхъуныгъэ пщалъэщ, икӀи щыӀэгъуэ ужьыгъуэм езыри "щы"уэ зэхэлъръэ Ӏыхьищщи, абы и ухыпӀэу утыку къихьэу къэӀуэта "блы"ри "щы" лӀэужьыгъуэщ; щыӀэгъуэр зэрызекӀуэ щӀыкӀэри "блы"гъэкӀэрэщ.

ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэм езым щыӀэгъуэ зэригъуэтрэ щыӀэгъуэ зэхъуэкӀыныгъэм лъабжьэ игъуэту зэрызэпкъырыувэрэ зэрызэфӀэкӀаращ "блы"р. Мы зэфӀэкӀа Ӏуэхугъуэр зэрызэлъыта щӀыкӀэкӀэ зэрыхъун хъуауэ

зэрыщытрэ мыпхуэдэуи зэрызекӀуэнур игъуэкӀэрэ къызэрыӀуэта псалъэщ ″блы″р. ЩыӀэгъуэм (щы) щыӀэгъуэ къыхэхъукӀын Ӏуэхугъуэу, щыӀэгъуэр зэрызекӀуэр къыщыунэхуарэ зэрызекӀуэ щӀыкӀэм лъабжьэрэ пщалъэ зэригъуэтаращ ″блы″р утыку къизыгъэхьари, ар зытеухуар щыӀэгъуэм щыӀэгъуэ къыхэхъукӀыныгъэр зэрыгъэзащӀэрэ зэрызэщӀэблэ щӀыкӀэращ.

*

ЩыӀэгъуэр щхьэжу зэрылъытэ ″щы″р зэрыщыӀэкӀэрэ зэрыкӀуатэр ″щэ″ращ къызэрыӀуатэр. Абы и зекӀуэкӀэу ″щы″м ″щы″ къызэрытехъукӀыжыр ″тӀ″ыкӀэрэ зэрыгъэзащӀэри гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьэ къэхъуныгъэр зэрызекӀуэ щӀыкӀэри зи гугъу тщӀа волнавая функцэращ къэзыгъэлъагъуэр. Мы функцэкӀэрэ гъэзащӀэр щыӀэгъуэ ужьыгъуэр зэрызэпкъырыувэ щӀыкӀэращи, абы дэтхэнэ и зы лъэбакъуэмрэ и зы щӀыпӀэм мы зэрызэпкъырыувэкӀэрэ ужьыгъуэм теухуауэ зы къалэни егъэзащӀэр. Мыбы папщӀэщи, функцэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэр утыку къызэрихьэрэ функцэм хигъэзэщӀыхьым зэрытеухуакӀэрэ игъуэ псалъэхэмкӀэ къоӀуатэр.

ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэр хъуурэ къекӀуэкӀныгъэращи, дэтхэнэ зы щыӀэгъуэу ″щы″уэ ухуарэ ″зы″уэ лъытар лъабжьэрэ къежьапӀэу (хъ) къыщӀэхъуэнум пӀэ хуэхъуращ; абы и ужьыгъуэу (у) къэхъум (хъу) аргуэру ″щы″уэ ухуарэ ″зы″уэ лъытэ гуэр къегъэщӀыр. Мы утыку къихьэри зы лъабжьэу (хъ) къыщӀэхъуэн гуэрым пӀэ хуэхъужращи, абы и ужьыгъуэми (хъу) аргуэру ″щы″уэ зэхэлърэ ″зы″уэ лъыта гуэр къегъэщӀыжыр. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэм теухуа мы къекӀуэкӀыкӀэр функцэм зэрыхэплъагъуэу ″щы″ лӀэужьыгъуэрэ ″тӀ″ лӀэужьыгъуэр зэкӀэлъхьэужьу зэрыгъэзащӀэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, убзыхуарэ зы бзыгъэу утыку къихьарэ къыщӀэхъуэнум пӀэ хуэхъужыр ″бзы″гъэу зэрыщытымрэ, ″тӀ″ макъыр зэрымакъыхъум хуэдэжу, абы и ужьыгъуэ ″тӀыу″ри ″хъу″гъэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, щыӀэгъуэ ужьыгъуэу мы къекӀуэкӀыр ″бзы″гъэрэ ″хъу″гъэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэу зэрызэхэлъри гулъытапхъэщ.

ЩыӀэгъуэрэ геометрие лъабжьэу щыт ″щы″мрэ ар зэрылъытэ ″зы″р щыӀэгъуэрэ щыӀэр убзыхуауэ зы бзыгъэу утыку къызэрихьэр гурыӀуэгъуэщи, функцэм ″щы″рэ ″зы″ лӀэужьыгъуэу (щы{⋂зы}) хэплъагъуэ дэтхэнэ гуэрыр къэхъур (хъу) къызтехъукӀ лъабжьэу (хъ) ″бзы″гъэу лъытапхъэщ. ″Щы{⋂зы}″ым и щыӀэгъуэр зэрихь щӀыкӀэр абы ″щы{⋂зы} къызэрыхэхъукӀкӀэрэщи, мыр зэрыгъэзащӀэрэ мы ″бзы″гъитӀ зэхуакум къыдэхъухьу ай тӀур зэпызыщӀэ ″тӀыу″р ″зы″м ″зы″ къыхэхъукӀыныгъэ зыгъэзащӀэу ″хъу″гъэ лӀэужьыгъуэщ.

Мы псалъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, щыӀэгъуэ ужьыгъуэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэрэ щӀыпӀэр ″бзы″гъэрэ ″хъу″гъэу зэпыщӀащ. ЩыӀэгъуэм и щыӀэгъуэр зэрихь щӀыкӀэкӀэ мы зэкӀэлъхьэужьыкӀэу къекӀуэкӀыр ″хъу″гъэрэ ″бзы″гъэ лъэныкъуэу генератикэу зэпыщӀащ.

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, зи гугъу тщIы функцэм хэт дэтхэнэ "зы(∩щы); щы{∩зы}"р "бзы"гъэ зиIэрщ, дэтхэнэ зы "тIыу"ри "хъу"гъэ зиIэрщ. Ауэ ахэр мы къызэрыхъуа щIыкIэу "бзы"гъэрэ "хъу"гъэу зэрыщытым нэмыщI, функцэм зыдыхэт щIыпIэм елъытауэ дэтхэнэ зым фукнцэм хигъэзэщIыхь къалэнкIи "бзы"гъэрэ "хъу"гъэу зэрылъытэфынур гурыIуэгъуэщ, икIи ахэр къызэрыIуэта псалъэхэр мыпхуэдэу зэрыухуари гулъытапхъэщ.

Аращи, щыIэгъуэ ужьыгъуэр генератикэу зэпыщIауэ мы къызэрекIукIым дэтхэнэ и зы лъэбакъуэрэ щIыпIэр къызэрыхъуа щIыкIэмрэ функцэм зыдыхэту хигъэзэщIыхь къалэным теухуауэ зэрылъытэ "бзы"гъэрэ "хъу"гъэр щызэтехуэрэ щызэтемыхуэ щыIэщ. НытIэ, функцэм дэтхэнэ и зы щIыпIэр "щы" лIэужьыгъуэ е "тIыу" лIэужьыгъуэу утыку къызэрихьэм нэмыщI, функцэм зыдыщыхэтрэ хигъэзэщIыхь къалэн лъэныкъуэкIи еплъын хуейщ.

Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIи, я къэхъукIэр "щы" лIэужьыгъуэу зэрыщытым езэгъыущ "зы, щы, блы"м функцэми хагъэзэщIыхь къалэнри, мыхэр къызэрыхъуамрэ функцэми хагъэзэщIыхьыр зэтехуэу "бзы"гъэ зиIэхэрщ. Мыбы хуэдэщ "тIу, плIы"ри, "тIыу" лIэужьыгъуэу къызэрыхъурэ функцэм хагъэзэщIыхь къалэн лъэныкъуэкIи зэтехуэу "хъу"гъэ зиIэхэрщ.

Ауэ "тху"мрэ "хы"р мыбыхэм хуэдэкъыми, ахэр къызэрыхъуарэ функцэм хагъэзэщIыхь къалэныр зэтехуэкъым, икIи функцэм хагъэзэщIыхь къалэнкIэрэщ зы псалъэу къызэрыIуатэхэр. "Тху"р "щы" лIэужьыгъуэу къызэрыхъуа щIыкIэкIэ "бзы"гъэ зиIэра щхьэ, ар зы псалъэу къызэрыIуэтар абы функцэм хигъэзэщIыхь къалэнкIэрэщи, "хъу"гъэ зиIэрщ. "Хы"ри "тIыу" лIэужьыгъуэу къызэрыхъуа щIыкIэкIэ "хъу"гъэ зиIэра щхьэ, функцэм хигъэзэщIыхь къалэнкIэрэщ зы псалъэу къызэрыIуэтари, "бзы"гъэ зиIэрщ.

*

ЩыIэгъуэ зыгъуэтыр зэрызэпкъырувэрэ зэрызэпкъырылъыр, абы и унэтIыгъэрэ "тIыу"гъэкIэ зы щыIэгъуэ зиIэ гуэр къызэрытехъукIыр, мы щыIэгъуэ унэтIыгъэрэ зыужьыгъуэр гъуэгу зэрытехьэрэ лъэбэкъуищ зэрырикIуэкIэрэ щыIэгъуэ ужьыгъуэм езым щыIэгъуэ зэригъуэтыр къызэрыIуатэращ "зы"м къыщIидзэрэ "блы"м щиухыу "щы" кIуэтэгъуэ "щэ"р зэрызэIух щIыкIэу утыку къихьа функцэмрэ абы и дэтхэнэ зы щIыпIэр щхьэжу мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ къызэрыIуатэу мы зи гугъу тщIахэр.

Мы псалъэхэм щыщ гуэрхэр я макъ мыхьэнэкIэрэ утыку къызэрихьэрэ бзэм щыхэхьар - щыIэгъуэ ужьыгъуэр къэзыIуатэ щIыкIэу-мыбдежрауэ жыIэпхъэщ. Ауэ мы псалъэхэм щыщ гуэрхэр къызтехъукIа макъхэр мыбы ипэкIэ къызэрыхъуар, икIи а макъхэр бзэм хэлэжьыхьу зэрыщIидзари мыбдежым псалъэ зэрыхъуам ипэкIэу зэрыщытыр

гулъытапхъэщ. Мы зи гугъу тщlыхэри ″зы″м къыщlидзэу ″блы″м щыухыу дызтепсэлъыхьахэм хыболъагъуэр. Аращи, мыбдежым щигъэзащlэ къалэным теухуауэ бзэм щызекlуэу щlимыдзэ ипэкlэ ″з, щ, тl, х″ макъхэр бзэм хэлэжьыхьу зэрыщытар гулъытапхъэщ. Мыр ипщэкlэ къэтlуэтахэм хыболъагъуэри, мы макъхэм я мыхьэнэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ куэдыщэ тежыlыхьын хуэныкъуэжкъым.

Мы псалъэм къызэрыгуэкlщи, и гугъу зэрытщlакlэрэ ″щ″ымрэ ″з″ макъыр мы функцэм хагъэзэщlыхь къалэнкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу щlимыдзэ ипэкlэ я макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщытар гурыlуэгъуэщ. ″З, щ″ макъхэр бзэм хэлэжьыхьу зэрыхэт щlыкlэм и нэхъыбэр мы функцэм зэрыхэтым ипэкlэ къэхъуа лэжьэкlэхэу жыlэпхъэщ. Мы функцэм теухуауэ ягъэзащlэ къалэным зэрезэгъкlэрэ утыку къихьа ″зы, щы″ псалъэхэр иужькlэ бзэм бжыгъэцlэу хэлэжьыхьу зэрыщlидзар гурыlуэгъуэщ.

″Тl″ макъри щыlэгъуэ ужьыгъуэр мы къызэрыlуатэ щlыкlэм ипэкlэ и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщытари гурыlуэгъуэщ, ауэ и макъ мыхьэнэм ипкъ иткlэ, абы (тl) мы функцэм игъуэ щlыпlэр къызэрыlуэтапхъэу ″тlу″ псалъэр къызэрытехъукlар гурыlуэгъуэщ. Ар ″тl″ ужьыгъуэ ″тlыу″м къызэрытехъукlыжар гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа ″тlу″р иужькlэ зы бжыгъэцlэу бзэм щызекlуэу щlидзэжащ.

Мы макъхэм хуэдэщ ″х″ макъри, ари мы функцэм и зы щlыпlэр и макъ мыхьэнэм ипкъ зэриткlэ къэlуэтапхъэ мыхъу ипэlуэкlэ бзэм хэлэжьыхьу щытауэ жыlэпхъэщ. Щыlэгъуэ зиlэрэ щыlэ дэтхэнэ гуэрыр зытетрэ зыхэту щыlэгъуэ лъабжьэу лъытапхъэщ ″х″ макъ мыхьэнэри, ар щыlэгъуэ зыгъуэта дэтхэнэ гуэрыр зытет геометрие системэм и ординатым теухуа макъ мыхьэнэ зиlэращ. ″Хы″р зы ″макъ псалъэ″у мы функцэм и зы щlыпlэр къиlуатэу бзэм зэрыхэхьар иужькlэ зы бжыгъэцlэу бзэм щызекlуэу зэрыщlидзам нэмыщl, ар бзэм нэгъуэщl зы мыхьэнэкlи хэтщ. Дэтхэнэ зыгуэрым тетыпlэрэ ехыпlэу лъабжьэ хуэхъур ″х″ макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуатэри, ар щхьэж ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэт зы щlыкlэри псышхуэ хъурейхэр зэрылъытауэщ (хы). Абдежыр (хы) дызтепсэухь щlылъэ гущlыlум теухуауэ лъабжьэрэ нэхъ тафапlэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ щlылъэ ординату зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ; мыри ″х″ макъ мыхьэнэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ.

Ауэ мы щхьэж макъхэм нэмыщl, мы функцэм и щlыпlэ гуэрхэр къызэрыlуэта щlыкlэу утыку къихьа ″макъ зэгуэт псалъэ″хэр къыщыхъуар мыбдежращ. Ахэр икlи ″макъ зэгуэт″у утыку къыщихьари мыбдежращ. Зи гугъу тщlыр ″плl, тху, бл″ макъ зэгуэтхэращи, ахэр функцэм и щlыпlэ гуэрхэр игъуэкlэрэ къэlуэтэн хуей щыхъум щыгъуэ къэхъуа ″макъ зэгуэт″хэрауэ лъытапхъэщ, икlи занщlэу ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм щыхэхьари мыбдежрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Мы функцэм и зы щIыпIэр къэIуэтэнкIэрэ утыку къихьащ ″плIы″ псалъэри, мыбдежым щыгъэзащIэр ″пI″ырэ ″лI″ макъхэр зэгухьэу ″плI″ макъ зэгуэткIэрэ къызэрыIуэтапхъэм ипкъ иткIэ, ″плIы″ псалъэри занщIэу мыбдежым къыщыхъуауэ жыIэпхъэщ. Аращи, зы ″макъ зэгуэт″у ″плI″ыри, зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″плIы″ри къыздыщыхъуар мыбежращи, бзэм мыпхуэдэу хэхьа ″плI″ макъ зэгуэтыр зыхэту иужькIэ къэхъуа псалъэхэм и къежьапIэрэ лъабжьэр мыбдежращ. ″ПлI″ыр зыхэту ухуарэ ″плIы″ри къызэрыхъуам езэгъыщэу утыку къихьа зы псалъэщ ″теуплIэнщIэн″ псалъэри, ар зэрыухуар мыпхуэдэу зэпкъырыхыпхъэщ: ″плI-э-н → плIэн″ Iуэхур утыку къыригъэхьэу (у-плIэн) ар зэтеухуэнкIэрэ (те) зэрыгъэзащIэр (щIэн) къыхэщу зэпкъырыува зы псалъэщ ″теуплIэнщIэн″ыр.

″Тху″р зы ″макъ зэгуэт″у утыку къыщихьарэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм щыхэхьари мы функцэм и зы щIыпIэр игъуэкIэрэ къэIуэтэн хуей щыхъум щыгъуэращ. ″Тху″р мыпхуэдэу утыку къихьа нэужь, ″бжэн″ Iуэху къыщыунэхум щыгъуэ, ″тху″ псалъэр зы бжыгъэцIэу бзэм щызекIуэу щIидзащи, мы ″макъ зэгуэт″ым (тху) мы ″макъ зэгуэт псалъэ″м (тху) нэмыщI псалъэ къытехъукIауи бзэм хэплъагъуэкъым.

Зы ″макъ зэгуэт″у ″бл″р утыку къыщихьарэ ар зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у (блы) бзэм щыхэхъухьари мы функцэр щыух щIыпIэр къэIуэтэн папщIэу жыIэпхъэщ. Мыбдежыр зэрызэлъыта ужьыгъуэу мы функцэр щыухарэ функцэр мыбы нэужьми мыпхуэдэу зэрылэжьынури гурыIуэгъуэ зыщI ″бл″ макъ зэгуэтыр занщIэу бзэм зэрыхэхьэкIэрэ къэхъуа зы ″макъ зэгуэт псалъэ″щ ″блы″р. Зи гугъу тщIы функцэм и ухыпIэу утыку къихьащ ″блы″ри, мыпхуэдэу гъэзащIэ щыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэ зэригъуэтрэ икIи ар зэрызекIуэнум лъабжьэрэ пщалъэ хуэхъужу утыку къихьа зы псалъэщ. НытIэ, мы функцэр зэрыгъэзэщIари, функцэр зытеухуа щыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекIуэнури ″блы″кIэрэщ. Ар щыхъукIэ, мыбдежым мыпхуэдэу утыку къихьа ″блы″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыну щIыкIэри мы щыIэгъуэ ужьыгъуэм теухуауэ щытын хуейуэ къыщIэкIынщ.

Мыпхуэдэу утыку къихьа ″блы″ псалъэр ″бжэн″ Iуэхур цIыхум къигъэунэхуа нэужь зы бжыгъэцIэу бзэм хэлэжьыхьу зэрыщIидзар жыIэпхъэщ. Ауэ, утыку къызэрихьа щIыкIэм къызэрыгуэкIэкIэ ″блы″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэхэм фIыуэ щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейр гурыIуэгъуэщи, абы илъабжьэкIэ IэнатIэ IэнатIэу деплъынщ.

Абы ипэу, мы зи гугъу тщIа псалъэхэм теухуауэ жыIэпхъэхэм пытщэжынщ. Мы псалъэхэр щыIэгъуэ ужьыгъуэм теухуа функцэм дэтхэнэ и зы щIыпIэр къызэрыIуатэкIэрэ утыку къихьа псалъэхэращи, мы я зэкIэлъхьэужьыкIэм зэрезэгъкIэрэи иужькIэ бжыгъэцIэ хъужахэр. Мы псалъэхэр ″щы″рэ ″тIыу″ лIэужьыгъуэущ функцэм зэрыхэтыр. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэр щыIэгъуэм щыIэгъуэ къызэрыхэхъукIэрэщ зэрызекIуэри,

дэтхэнэ зы "щы" лIэужьыгъуэм и "тIыу"гъэкIэрэ зы "щы" лIэужьыгъуэ къыхэхъукIыущ зэрызекIуэр. ЩыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэр "щы" лIэужьыгъуэхэращи, ари зы "щы" лIэужьыгъуэм и "тIыу"гъэкIэрэщ утыку къызэрихьэр. "ТIыу"р щхьэж щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэракъыми, ар "тI" къызхуэкIуэ зы "щы" лIэужьыгъуэм и унэтIыгъэщ. Функцэр "щы"рэ "тIыу" зэкIэлъыкIуэкIэрэ мыпхуэдэу ухуащи, дэтхэнэ зы "щы" лIэужьыгъуэр щхьэж зы псалъэу къызэрыIуатэм хуэдэу, "тIыу" лIэужьыгъуэхэри щхьэж псалъэхэу къызэрыIуатэр гурыIуэгъуэщи, мы зэкIэлъыкIуэкIэу къэIуатэ дэтхэнэ зы псалъэри иужькIэ бжыгъэцIэу бзэм зэрыхэхьэжар гурыIуэгъуэщ. Аращи, щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэ "щы" лIэужьыгъуэхэр къызэрыIуатэ псалъэхэм (зы, щы, тху, блы) хуэдэжу, мы "щы" лIэужьыгъуэхэм дэтхэнэ зым къытехъукIрэ къыкIэлъыкIуэ "щы" лIэужьыгъуэр къэзыгъэхъуж "тIыу" лIэужьыгъуэхэр къызэрыIуатэ псалъэхэри (тIу, плIы, хы) иужькIэ бзэм бжыгъэцIэ хэхъухьыжащ.

*

Зи гугъу тщIы функцэм гурыIуэгъуэ къищIыр щыIэгъуэ ужьыгъуэращи, щыIэгъуэм щыIэгъуэ къызэрыхэхъукIрэ щыIэгъуэ зиIэм и щыIэгъуэр зэрихьым теухуа дэтхэнэ гуэрыр зэрыгъэзащIэр "блы"р утыку къызэрихьэкIэрэщ. Мы псалъэм ипкъ иткIэ, щыIэгъуэ зиIэу дэ дызыхэту къекIуэкIыр къызэрыхъуарэ хъуурэ зэрызекIуэр "блы"гъэкIэрэщ.

"Щы"р зэры"щы"кIэрэ зэрыкIуатэрэ и ужьыныгъэу къэхъум езым щыIэгъуэ зэригъуэтыр а ужьыгъуэм езыр "щы"пIэ зэриувэращи, мыр къызэрыIуатэ псалъэращ "блы"р. Мыр щыIэгъуэ ужьыгъуэм "блы"гъэ зэригъуэткIэрэ къекIуэкI Iуэхугъуэщи, мыпхуэдэу гъэзащIэр адыгэбзэкIэ къызэрыIуэтапхъэри "блэн" Iуэхугъуэущ.

ЩыIэгъуэр утыку къызэрихьарэ зы геометриеу "щы"уэ зэхэлъыр "зы"уэ зэрылъытэм деж къыщIидзэу къэхъу ужьыгъуэ лъэбэкъуищым къигъэщIыр "блы"ращи, мы къекIуэкI Iуэхуу "блы"гъэу гъэзащIэм езыр "блэн" Iуэхущ. "Блы"р утыку къихьэн папщIэ гъэзащIэ Iуэхур къызэрыIуэтапхъэр, нэгъуэщIыу жыпIэмэ, "блы"р утыку къизыгъэхьэу къекIуэкI Iуэхур къызэрыIуэтапхъэр "блэн" глаголкIэрэщ. "Блэн" Iуэхур щыIэгъуэ ужьыгъуэу "блы"р утыку къызэрихьэращ. "Блы"р утыку къызэрихьэр щыIэгъуэ ужьыгъуэм езым щыIэгъуэ зэригъуэтращи, ар щыIэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэу щыIэгъуэр щыIэхукIэ щыIэгъуэр зэрызекIуэ щIыкIэу къэхъуращи, мы зекIуэкIэри къэзыIуатэр "блэн" глаголращ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къащIыр аргуэру къэIуэтапхъэмэ, мыхэр пыщапхъэщ. "Блы"р утыку къызэрихьэ мы Iуэхугъуэр "блэн" псалъэращ къэзыIуэтапхъэри, мы утыку къихьа щыIэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэр (блы) утыку къызэрихьэм езыр "блэн" Iуэхуу къызэрыIуэтапхъэм къыщымынэу, щыIэгъуэ ужьыгъуэр мыпхуэдэкIэрэщ ("блы"кIэрэ) зэрызекIуэри, щыIэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэ нэужь къыпыщэ кIуэкIэри къызэрыIуэтапхъэр "блэн" псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи,

"блы"гъэ къызэрыхъукlэрэ гъэзащlэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм и зекlуэкlэращ "блэн"ыр.

"Блэн" псалъэр бзэм зэрыхэтрэ зэрыхэлэжьыхьыр япэрэ занщlэу гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъур "нэху" къэхъуныгъэм теухуауэщ. Аращи, "блэн"ым гурыlуэгъуэ къытхуищыlыр "нэху бзий"м и кlуэкlэращ. Нэху къызэрыхъур нэху бзийкlэрэщ. "Нэху" жыхуэтlэр дэ езым ди нэм и къалэныр зэрыхурэ зэрыгъэзащlэу, нэм илъагъуфынум теухуаращ. Ди нэмкlэ тлъагъуну нэхугъэу дыгъэ бзийхэм къагъэунэхунри, нэхугъэ къэзыгъэщl лlэужьыгъуэу уэздыгъэ бзийхэм къагъуэнэхунри зэрыгъэзащlэ щlыкlэр ахэр (дыгъэ, уэздыгъэ) зэрыблэкlэрэщ. Мы къэтlуэтахэм къызэрыгуэкlщи, дыгъэ бзийрэ дэтхэнэ уздыгъэ бзийр зэрызекlуэ щlыкlэращ "блэн" псалъэм гурыlуэгъуэ къищlрэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр.

Нэху къэзыщlыр "нэху бзий"щи, "нэху бзий жылэ"у лъытапхъэрэ нэху бзийр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ цlыкlухэр физикэу зэралъытэри "фотон" жыхуаlэхэращ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къащlыр аращи, фотонхэм я хьэрычэтрэ я зекlуэкlэр "блэн" lуэхугъуэщ.

"Нэху бзий" жыхуэтlэр пкъыгъуэ цlыкlуу фотонхэу зэхэлъ бзийщ. Нэху бзийхэм я зекlуэкlэр дэ нэхуущ зэрытлъытэри, ар ди нэм илъагъу нэху бзий пкъыгъуэ цlыкlухэращ. Фотонхэу зэхэлъ нэху бзийхэри волнавая функцэ формэ зиlэущ зэрызекlуэри, ари "сигнал" жыхуаlэращ. Нытlэ, "нэху" жыхуэтlэрэ ди нэм илъагъуфыр "нэху бзий" жыхуэтlэ зы сигнал лlэужьыгъуэщ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, мы сигналхэм я зекlуэкlэр зи гугъу тщlа функцэм и зекlуэкlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы зекlуэкlэри "блэн" глаголкlэрэщ къызэрыlуэтапхъэр. Ауэ мыр дэ тлъагъуф нэху бзийхэм хуэlуа закъуэу къанэкъым: дэтхэнэ зы сигнал лlэужьыгъуэу уэзыр (энергие) зэрызекlуэ щlыкlэр "блэн" lуэхугъуэщ.

Уэзу щытрэ дэтхэнэ зы сигнал лlэужьыгъуэри зи гугъу тщlа функцэм хуэдэу "щы"уэ зэрызэпкъырылъри гурыlуэгъуэщ. Щыlэгъуэ зиlэр зэрыщыlэрэ зэрытлъытэр уэзкlэрэщ. Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр уэз лlэужьыгъуэщ. Пкъыгъуэшхуэ зиlэу щыlэгъуэ зиlэхэр уэзыр зэрызэхэувыхьарэ зэрызэхэвыхьауэ щыlэгъуэ зиlэхэращ.

Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ зы пкъыгъуэр зэрызэхэлъ а нэхъ пкъыгъуэ псо цlыкlуу ялъытэр "атом"ращи, дэтхэнэ зы пкъыгъуэ лlэужьыгъуэр и атомхэр зэрызэхэлъ щlыкlэм теухуауэ зэщхьэщокlыр. Дэтхэнэ зыгуэрыр атомкlэрэ зэщlэблауэщ зэрыщытри, атомхэри "атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlу"ущ зэрызэщlэбларэ зэрызэхэлъыр. "Фотон" жыхуэтlэри атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм щыщ гуэрщ. Икlи атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм я хьэрычэт щlыкlэрэ я зекlуэкlэри "фотон"ым хуэдэу, "блэн" lуэхугъуэкlэрэщ.

Дэ тлъагъуфрэ нэхугъэ къэзыгъэхъур ″фотон″ лӀэужьыгъуэ сигналу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, дэ дымылъагъуф атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀу хьэрычэтрэ зекӀуэкӀэри ″блэн″ Ӏуэхугъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Мыбыхэм щыщрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀу гуэрщ ″электрон″ жыхуаӀэри, абы и хьэрычэтращ икӀи дэ тлъагъуф нэхугъэр зытеухуа ″фотон″ри къэзыгъэщӀрэ хэзыгъэщӀыр. Дэтхэнэ зы атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀум и хьэрычэтрэ и зекӀуэкӀэр ″блэн″ Ӏуэхугъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкӀщи, ″электрон″ хьэрычэтрэ зекӀуэкӀэри мыпхуэдэщ. ″Электрон″ыр ″электромагнетикэ″ энергиер къэзыгъэхъу атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀуращ.

Космосыр зэрызекӀуэрэ и щыӀэгъуэр зэрихь къарур лӀэужьыгъуиплӀыу ягуэшри, ″электромагнетикэ къару″р мыбыхэм щыщ зыращ. Абы и зекӀуэкӀэрэ и хьэрычэтыр нобэ цӀыхум фӀыуэ гурыӀуэгъуэ къыхуэхъуауэ жыӀэпхъэщ, икӀи и зекӀуэкӀэрэ и хьэрычэтри ″блэн″ Ӏуэхугъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ.

Физикэ щӀэныгъэр иджыри зытелэжьыхь Ӏуэхугъуэхэщ мыхэри, уэщӀыр (космос) зэрызекӀуэ уэз (энергие) лӀэужьыгъуэу щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрым и щыӀэгъуэр зэрихь щӀыкӀэр ″блэн″ Ӏуэхущ. Космосыр къызэрекӀуэкӀрэ и щыӀэгъуэр зэрихьым теухуауэ ялъытэ къаруиплӀым зыр ″электромагнетикэ къару″уэ жытӀагъэхэщи, адрейхэри мыхэращ: атомыр зэрызэхэлърэ и псоугъэр зэрихь ″нуклеер къару″, атом лъабжьэ пкъыгъуэ цӀыкӀухэр атомым хэблыкӀынкӀэрэ зыхущӀэкъу ″радиоактив - реактив къару″, уэз зэхэвыхьыныгъэм къигъэхъуа пкъыгъуэшхуэхэм (вагъуэ, щӀылъэ) нэхъ пкъыгъуэ цӀыкӀухэмрэ сигналъэр зэрырашалӀэ ″гравитон къару″.

Мы къарухэр уэз лӀэужьыгъуиплӀыу лъытами, ахэр зэрызэпыщӀауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, зы къаруущ зэрылъытапхъэр; ар щыӀэгъуэ пкъыгъуэшхуэ космосыр зэрызэщӀэбларэ зэрызекӀуэ къаруращ. Космосыр зэрызэщӀэбларэ зэрызекӀуэ мы къарур зыуэ е лӀэужьыгъуиплӀу лъытами, ар зэрырекӀуэкӀэр ″блэн″ ӀуэхугъуэкӀэрэщ. Космосыр зэрызэщӀэблэрэ зэрыужьыр зэрыгъэзащӀэр мы зи гугъу тщӀа къаруиплӀращи, ахэр зэрызэлъытакӀэрэ зэрыблэращ космосыр зэрызекӀуэр. Дэтхэнэ зы къарурэ уэз лӀэужьыгъуэр адрейхэм елъытауэ зэрыблэкӀэрэ космос ужьыгъуэр зы тэрэзыгъуэм тету мэгъэзащӀэр.

Зи гугъу зэрытщӀауэ электромагнетикэу къэхъурэ фотоникэу тлъагъуф дэтхэнэ нэхугъэр ″блэн″ Ӏуэхугъуэщи, адыгэбзэм хэт ″щыблэ″ псалъэр зытеухуари мыпхуэдэу къэхъу зы къэунэхугъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм и ″щыблэ″ псалъэм ″щыӀэгъуэ (щы) блэн″ыгъэуи еджапхъэщ, икӀи ″блэн Ӏуэхур къыщыхъу″уи еджапхъэщ. Ауэ ″блэн″ым езыр щыӀэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекӀуэр къизыӀуэ псалъэращи, аргуэру щыӀэгъуэ (щы) блэныгъэу лъытэн нэхърэ, ″блэн″ыгъэр къыщыхъум щыгъуарауэ лъытапхъэщ ″щыблэ″ псалъэм

къиIуатэри, зы уэз лIэужьыгъуэрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэм зы щIыпIэм зыщадзрэ къыщыблэм щыгъуэр "щыблэ"у лъытапхъэщ. Адыгэбзэм "щыблэ" жыхуиIа къэхъу-къэщIыр электромагнетикэ "блэн" Iуэхугъуэр къызэрыхъурэ къыщыхъуми теухуащ, икIи мы электрон дзыгъуэрэ хэдзыкIыныгъэм къигъэщI фотоникэ нэхугъэр "блэн"ыгъэкIэрэ къызэрыхъурэ къыщыхъуращ зытеухуар.

"Щыблэ" псалъэр адыгэбзэм зэрыхэтрэ хроникэ зэрыхэхъухьа щIыкIэр гурыIуэгъуэщи, фотоникэ блэн Iуэхугъуэм теухуауэщ, ауэ ари электромагнетикэ блэн Iуэхугъуэрэ щыблэм зэрыпыщIари гурыIуэгъуэщ. Ауэ зэрыгурыIуэгъуэщи, "щыблэ" псалъэм и мыхьэнэм къиIуэтэфынур мыбы къыщымынэу, дэтхэнэ зы космикэ къарурэ уэз лIэужьыгъуэхэри зэуэ занщIэу щыблэм щыгъуэри "щыблэ" псалъэм къызэриIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, космосыр зэрызекIуэ мы къарурэ уэз лIэужьыгъуэхэм дэтхэнэ зыр зы щIыпIэм егъэлеяуэ щыблэр, е адрей уэз лIэужьыгъуэм елъытауэ егъэлеиныгъэкIэ блэуэ щыщIидзэр а уэз лIэужьыгъуэм теухуа "щыблэ"у лъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, космосыр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ цIыкIу атомыр щызэхакъуэтэкIэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэм теухуа уэз зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыблэнур гурыIуэгуэщи, мыр къыщыхъум щыгъуэри уэз зэмылIэужьыгъуэхэм я "щыблэ"у лъытапхъэщ. УвыIэгъуэ имыIэу зэщIэблэрэ блэуэ щыт дыгъэм къыщыхъу къэуэгъуэрэ къэблэгъуэхэри "щыблэ" лIэужьыгъуэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу дыгъэм щыхэблыкIхэри, атомыр къагъауэу къыхэблыкIхэри "щыблэшхуэ"рэ "щыблэбэ"у лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щыблэхэр космосыр зэрызекIуэ къарууиплIми теухуауэ лъытапхъэщи, космосыр къызэрекIуэкIыр зэрыблэ мы къару лIэужьыгъуэхэр егъэлеяуэ блэуэ зэрыщIадзэм зэрезэгъкIэрэ дэтхэнэ зым и "щыблэ"р къэхъуу жыIэпхъэщ. Аращи, атомыр щызэхэкъутэми, дыгъэм къыщыхъу къэуэныгъэми "электромагнетикэ щыблэ" къызэрыхъум хуэдэжу, "нуклеер щыблэ"и, "радиоактив щыблэ"и къызэрыхъур гурыIуэгъуэщ.

Ди лъэхъэнэм щаухуэ нуклеер централхэр щызэхэуэм щыгъуи, мыпхуэдэу зэмылIэужьыгъуэ уэзхэм теухуа "щыблэшхуэ" къызэрыхъур гурыIуэгъуэщ. Ауэ мыпхуэдэ реакторхэм зэзэмызэ "радиоактив уэз" щIэкIуэсыкIыу ягъэлея хэблыкIыныгъэ къыщыхъу щыIэщи, мыпхуэдэхэри "радиоактив щыблэ"у лъытапхъэщ.

ЩIылъэ пкъыгъуэшхуэхэм зызхурашэлIэн къарур зэралъытэ "гравитон къару"м теухуа "щыблэ"ри "черная дыра (black hole)" жыхуаIэр къыщыхъукIэ егъэлеяуэ къэхъуу жыIэпхъэщ. "Чэрная дыра" жыхуаIэр къызэрыхъур зэмылIэужьыгъуэ теориехэу къаIуатэр, ауэ ар къэхъуа нэужь "гравитон къару"р абы аткIэ щымыIэу лъэщу къызэрыхъур гурыIуэгъуэщ, икIи ар къызэрыхъуми "гравитон къару"м и Iыхьэшхуэ хэлъу жыIэпхъэщ. Аращи, зы дыгъэ – вагъуэ лIэужьыгъуэм и блэныгъэр щыухым щыгъуэ,

дэп маскӀэу къызэтенэжрэ кӀуэ пэтрэи ункӀыфӀыжу зэхэуэжрэ щызэхэпщэжкӀэ, и пкъыгъуэр цӀыкӀу дыдэ хъужурэ и хьэлъагъэри егъэлеяуэ зэрыхэхъуэм ипкъ иткӀэ, и гъунэгъум щыӀэу хъуар зыришалӀэрэ зыхуришэхыу зэрыщӀидзэр абы и "гравитон къару"р егъэлеяуэ блэуэ зэрыщӀидзэращи, мыри "гравитон щыблэ"у лъытапхъэщ.

Мы къэтӀуэтахэр космосыр зэрызекӀуэ къарурэ уэз лӀэужьыгъуэхэм теухуа "щыблэ"хэу лъытапхъэщ. Ауэ а нэхъ щыблэшхуэр къыщыхъур езы космосым и къежьапӀэу ялъытэ къэуэгъуэрэ пӀэнкӀыгъуэшхуэу (big bang) щыӀэгъуэр къэхъурэ зэщӀэблэныгъэр къыздыщежьарагъэнщ. Абдежыр "блэн" пэщӀэдзэщ, къыщыблэрэ щыӀэгъуэр зэщӀэблэу щыщӀидзэращи, япэрей "щыблэ"ращ. Космос жыхуэтӀэ щыӀэгъуэр къызэрежьар мы япэрей къэуэныгъэкӀэрэущ зэралъытэр. Абдежыр щыӀэгъуэр къызэрыхъу щыгъуэращи, абдежым къыщӀидзэу къэхъу кӀуэтэгъуэрэ дэтхэнэ зы лъэбакъуэм щыӀэгъуэр джыурэ зекӀуэу щӀидзауэ ялъытэр.

"Зэман" жыхуаӀэри япэрей пӀэнкӀыгъуэшхуэр къыщыхъурэ космосыр зэрызэщӀэблэ ужьыгъуэрэ кӀуэтэныгъэм езырауэ жыӀэпхъэщ. Мы ужьыгъуэрэ кӀуэтэгъуэр "блы"р утыку къызэрихьэу зи гугъу тщӀа Ӏуэхугъуэм зэрезэгъкӀэрэщ зэрыгъэзащӀэри, щыӀэгъуэ лъабжьэ "щы"рэ "щыгъуэ"р къызэрыхъукӀэрэ щыӀэгъуэщӀэхэр утыку къызэрихьэкӀэрэщ къызэрекӀуэкӀыр. Мыр "блы"гъэкӀэрэщ зэрызекӀуэри, "космос" жыхуаӀэри зэрызэщӀэблэ щӀыкӀэр мыпхуэдэщ. Япэрей къэуэгъуэм къыщӀидзэу увыӀэгъуэ имыӀэу "блы"гъэкӀэрэ зекӀуэрэ зэщӀэблэ защӀэу щытщ мыри, щыӀэгъуэ ужьыгъуэр функциалу мы зэрыкӀуатэ щӀыкӀэр адыгэбзэм и "э" макъым игъэзащӀэ къалэным зэрезэгъыу зэрыщытыр япэрей лэжьыгъэхэм и гугъу щытщӀагъащ.

ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъурэ щыӀэгъуэр зэрызекӀуэр мы функциал кӀуэтэгъуэу "зэман" жыхуаӀэрагъэнщ. Ар "щы" кӀуэтэгъуэрэ зекӀуэкӀэри къызэрыӀуатэм (щэ) хиубыдэ функциал кӀуэтэгъуэращ (э). "Щы"м икӀуэ дэтхэнэ зы лъэбакъуэр функциал кӀуэтэгъуэу "зэман" жыхуэтӀэм и зы лъэбакъуэращи, абы дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм "щы" зэрыджыжкӀэрэ къэхъу щыӀэгъуэ кӀуэтэгъуэри зэрыигъуэкӀэрэ "щэ"уэ къызэрыӀуэтапхъэр гурыӀуэгъуэщ.

Адыгэбзэм "зэман"ыр зы псалъэкӀэ къэӀуэтэу зэрыхэмытыр гурыӀуэгъуэщи, щыӀэгъуэм теухуауэ къэхъу дэтхэнэ зы кӀуэтэгъуэрэ къэхъуныгъэр игъуэ макъ мыхьэнэхэмкӀэрэ щогъэлъагъуэр. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекӀуэрэ зэрыджкӀэрэ къэхъу функциал кӀуэтэгъуэри "э" кӀэухкӀэрэщ къыщыгъэлъагъуэри, адыгэбзэм "э" макъыр зэрыхэлэжьыхь защӀэр "функциал кӀуэтэгъуэ"рэ "функциал зэман" жыхуэтӀэм теухуа къалэн зэригъэзащӀэкӀэрэщ. "Э"р щхьэж мыхьэнэ зимыӀэрэ бзэми зы псалъэ хэмыхъухь макъщи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхьымрэ щхьэж зы щыӀэгъуэ зимыӀэ "зэман" жыхуаӀэри жьэжу къызэрыӀуатэ зы псалъэр адыгэбзэм зэрыхэмытыр зэтехуэрэ зэхуэдэ Ӏухугъуэщ. "Зэман" жыхуаӀэр

япэрей къэуэгъуэу ялъытэ щыблэшхуэм къыщIидзэу щыIэгъуэ ужьыгъуэм и функциал кIуэтэгъуэрагъэнщи, "зэман" жыхуаIэм и зекIуэкIэр зи гугъу тщIа "блэн"ыгъэм зэрыхиубыдэри гулъытапхъэщ.

Аргуэру "щыблэ" псалъэм дыхуэкIуэжу псэлъитI-щы пытщэжынщ. АтIэ мыпхуэдизыр зытежытIыхьа "блэн"ыгъэмрэ абы и пэщIэдзэрэ и егъэлеиныгъэу лъытапхъэ "щыблэ"р бзэм хроникэ зэрыхэхъухьа щIыкIэ закъуэу зыгурыгъэIуэн хуейкъым. "Щыблэ" псалъэм и мыхьэнэр уафэм къыщыхъу блэн Iуэхугъуэмрэ уафэмрэ щIылъэ зэхуакум къыщыхъу блэн Iуэхугъуэ закъуэм теухуауэ зыгурыгъэIуэн хуейуэ щыткъым. - Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэрэ пыщапхъэщи, уафэм къыщыхъурэ уафэмрэ щIылъэ зэхуакум къыщыхъу мы къэунэхугъуэр бзэ нэхъыбэм псалъэ зэщхьэщыкIыу къызэрыIуатэр гурыIуэгъуэщи, зэхуэдэ щIыкIэу къызэрыхъур гурыIуэгъуэ мы Iуэхугъуэр адыгэбзэм зэхуэдэу "щыблэ" псалъэмкIэ къызэриIуатэри гулъытапхъэщ-. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекIуэр "блэн"ыгъэщи, мыпхуэдэ къэхъуыкIэ зиIэу утыку къихьэ дэтхэнэ зы щыIэр щыблэмрэ егъэлеяуэ зэрыблэр "щыблэ" псалъэм къызэриIуэтапхъэм теухуа щапхъэхэри къэтхьащ. Аращи, "щыблэ" псалъэм къиIуэтапхъэр "щыблэшхуэ"рэ "щыблэбэ"у зи гугъу тщIа Iуэхугъуэшхуэхэуи щытынщ, зы фотон е элекртон закъуэм теухуауи щытынщ, ар икIи зэуэ къэхъунщи увыIэжынщ е къэхъуу зэрызекIуэм зы зэманыгъуэфIи ихьыфынщ. Дауи жыIэ, мыпхуэдэу дэтхэнэ зы "блэн" Iуэхур къыщыхъум щыгъуэращ "щыблэ" псалъэм къиIуатэри, атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIу лIэужьыгъуэу дэтхэнэ зы закъури, зы къаумри щыблэм щыгъуэр зэхуэдэу "щыблэ" псалъэмкIэ къэIуэтапхъэщ. ИкIи, абы цIыхум и нэмкIэ илъагъуэф нэху къигъэщI – къимыгъэщIми, Iуэхур зыхуэдэрэ зытетыр зэхъуэкIкъым. Ар уэз лIэужьыгъуэрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIухэр щыблэм щыгъуэр къэзыIуатэ псалъэращи, зы электрон закъуэ е зы фотон закъуэу щырет, е псэ зыIут пкъыгъуэхэм теухуауэ псантхуэпкъ цIыкIу (нейрон) закъуэуи щырет, мыбыхэм зыщадзкIэрэ щыблэм щыгъуэр къэIуэтэн хуейуэ щытмэ, "щыблэ" псалъэкIэрэщ къызэрыIуэтапхъэр.

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэ къызэригъуэт щIыкIэу утыку къихьарэ щыIэгъуэ ужьыгъуэ щIыкIэм и пщалъэу тлъыта "блы"р физикэ щIэныгъэ Iуэхугъуэу лъытапхъэхэм теухуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэращ мы зи гугъу тщIахэр зытеухуар. Ауэ мыбы къыщымынэу, щыIэгъуэр зэрызэпкъырылърэ зэрыужьым теухуа "щы"мрэ "блы" псалъэр зытеухуа бжыгъэхэри мы зи гугъу тщIа физикэ щIэныгъэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ зэрызекIуэ щапхъэр зэрымымащIэри гулъытапхъэщ. Космикэрэ атомикэ зэщIэблэкIэм мы бжыгъэхэр (3, 7) мымащIэу хыболъагъуэр. Псалъэм папщIэ, зи гугъу тщIа атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкIуэхэр зэрызэпкъырылъри "куарк" жыхуаIэ а нэхъ пкъыгъуэ цIыкIуищущ зэралъытэр; тIанэ, - иджыркIэ къамыгъэунэхуами-

электронхэр къыздыщекlуэкl атом гущlыlу лъагъуэхэри (орбит) а нэхъыбэу къатиблущ зэралъытэр. Икlи цlыхум и нэм илъагъуф нэхугъэрэ нэху бзийр lыхьищрэ плъыфиблу зэрызэхэлъри гулъытапхъэщ.

*

Щыlэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэу утыку къихьауэ зи гугъу тщlы "блы"р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр физикэ щlэныгъэ lуэхугъуэхэм зэрытехуауэ мы къэтlуэтахэм къыщынэкъым. "Блы"рэ "блэн" псалъэхэр бзэм и лэжьэкlэ lыхьэрэ щlыпlэ зэхуэмыдэхэмрэ хабзэ къекlуэкlыкlэхэми хыболъагъуэр. Мыпхуэдэ зы щапхъэщи, зы псэущхьэр адыгэбзэм къызэриlуатэри "блэ" псалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. "Блэн" псалъэмрэ "блэ" псалъэр зэхуэдэ макъкlэ зэрыухуар нэрылъагъущи, "блы"рэ "блэн" псалъэмрэ адыгэбзэм "блэ"уэ щылъыта а псэущхьэм и къэхъукlэрэ и щыlэгъуэр зэтехуэрэ зэпыщlауэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ адыгэбзэм "бл" макъ мыхьэнэкlрэ щыухуа псэлъэхэу, "блы, блэн"ымрэ "блэ" псалъэм я зэхущытыныгъэм теухуауэ мыхэр тежыlыхьыпхъэщ: "блы"гъэрэ "блы"уэ зекlуэр зэрыгъэзащlэ глаголщ "блэн"ри, "блы"гъэрэ "блы"уэ щытри "блэ" псалъэм къеlуатэр, икlи "блэ"р "блэн" глагол лъабжьэу щытрэ "блэн" глаголыр зэрыгъэзащlэ зы щlыкlэр къизыlуэ и зы лэжьэкlэу къэхъу псалъэщ.

"Блы"рэ "блэн"ым мыпхуэдэ зэпыщlэныгъэ зыхуиlэ "блэ" псалъэр зы псэущхьэм и цlэщи, псэущхьэцlэ гуэрхэм пэсэрей псэукlэрэ фlэщхъуныгъэ лъабжьэ зэриlэфынури ди лэжьыгъэхэм къыщоlуатэр. Аращи, "блэ" псалъэмкlэ зы псэущхьэр къызэрыlуатэм лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуар наlуэ къэхъун папщlэ, пэсэрей псэукlэрэ фlэщхъуныгъэ гуэрхэри щlэн хуейуэ къыщlэкlынщ. "Блэ"м нэмыщl, зы блэшхуэ лlэужьыгъуэу лъытапхъэ псэущхьэ гуэрэри адыгэбзэм "благъуэ"у къеlуатэр.

Адыгэ мифологием "блэ"м нэхърэ "благъуэ"р куэдыщэу зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ Адыгэ мифхэм зэрыхэтым къыщымынэу, "блэ"рэ "благъуэ" псэущхьэхэр зэхуэмыдэ лъэпкъхэм я символизмэхэмрэ я мифологием зэрыхэтри гулъытапхъэщ. Мыбыхэм теухуа лэжьыгъэр мифологиерэ символизмэ lуэхугъуэу щхьэхуэу къегъэкlуэкlын зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, и чэзум ирежьэ... - икlи и къэхутакlуэхэми пожьэ.

Ауэ мыбдежым зи гугъу тщlа "блы, блэн" псалъэхэмрэ адыгэбзэм "блэ" псалъэм къиlуатэ псэущхьэр нэгъуэщl лъэпкъхэм я символизмэрэ я мифологием зэхуэдэ lуэхугъуэхэм теухуауэ зэрыхэтращ гъэщlэгъуэнри, мыпхуэдэ гуэрхэм мыбдежым и гугъу щытщlынри игъуэщ.

Азия лъэпкъ гуэрхэм я пэсэрей фlэщхъуныгъэрэ я култхэм а псэущхьэр (блэ) дыгъэ бзийхэр зэрызекlуэ (блэн) символу хэтщи, мы символизмэм адыгэбзэм и "блэн"рэ "блэ" псалъэр зэрызэпыщlа дыдэу къызэрыхэщыр гъэщlэгъуэныжщ. «Дыгъэ бзийхэр щlылъэм къызэрыхуэкlуэ щlыкlэр блэм хуэдэщ; мафlэ бзийхэри блэм хуэдэщ

зэрызекIуэр» хуэдэ жыIэгъуэр къызщIэныжауэ зи гугъу тщIы мы бзэхэм зы псэущхьэу "блэ"р къызэрыIуэтэ псалъэмрэ дыгъэ бзийрэ "блэн"ыр къызэрыIуэтэ псалъэхэр зэрызэпкъырыуварэ бзэм зэрыхэт щIыкIэкIэ зикI зэпыщIэныгъэ зэрызыхуамыIэрэ зэрызэтемыхуэри гъэщIэгъуэнщ. ИкIи, дыгъэ бзийхэр "блэ"уэ зэрызекIуэм теухуауэ къаIуатэ мы псалъэхэм нэмыщI, мыр къызэрагъэлъагъуэ тхыпхъэхэм "блэ"ри "блы (7)"уэ зэхэлъ символкIэщ къызэрагъэлъагъуэ (п.п: Iэпэ зэпэубыда цIыхуиблкIэщ). Мыр "блэ" псалъэр адыгэбзэм къызэриIуатэ ("блы"уэ щыт) щIыкIэм зэрезэгъыр IупщIщ, ауэ а псэущхьэр (блэ) "блы (7)"уэ къэзыгъэлъагъуэ лъэпкъхэм я бзэхэм "7"ым и бжыгъэцIэмрэ а псэущхьэр (блэ) къызэраIуатэ псалъэри зикI зэтехуэрэ зэпыщIауэ зэрыщымытри гулъытапхъэрэ гъэщIэгъуэнщ. А бзэхэм мы зи гугъу тщIа я жыIэгъуэмрэ тхыпхъэкIи къагъэлъагъуэр къыздикIарэ къызтехъукIа лъабжьэрэ логиер мынахуэрэ хэгъуэщэжауэ зы символизмэу зэрыухуэжар жыIэпхъэщ; ауэ мыхэр адыгэбзэм и псалъэхэмкIэ къыщыIуатэм деж, зэрымысимволыжри гурыIуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм - символизмэ Iуэху хэмылъу- езым и "блы, блэн" псалъэхэмрэ я лэжьэкIэкIэ къиIуатэхэр мы къызэриIуатэ щIыкIэкIэ хамэбзэрэ мифологие гуэрхэм символизмэкIэ къызэрыIуатэрэ къызэрыгъэлъагъуэу зэрыхэтым теухуауэ щапхъэхэм мымащIэу урохьэлIэр.

Мыбы нэмыщI, Хьэт-хэмрэ иужьрей лъэпкъхэм (Хьитит) уэлбанэрэ щыблэм и Тхьэр блищ символкIэщ зэралъытэрэ къызэрагъэлъагъуэри, адыгэбзэм "щыблэ"у къиIуатэр абыхэм "блищ" символкIэ зэралъытари гъэщIэгъуэнщ. Адыгэм зэпыщIэныгъэ зыхуиIэ мы щIыналъэрэ лъэпкъхэм мы я символизмэр адыгэбзэм къызэриIуатэм зэрытеухуапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Ауэ ипэкIэ зи гугъу тщIарэ Адыгэм зэпыщIэныгъэ зыхуимыIэ лъэпкъ символизмэр адыгэбзэм и лэжьэкIэм зэрытеухуар нэхъ гъэщIэгъуэну къыщIэкIынщ.

Мыпхуэдэу зэхуэмыдэ лъэпкъхэм я символрэ мифхэр щызэтехуэ щыIэщи, ар пэсэрей псэукIэрэ фIэщхъуныгъэ зэтехуэныгъэм къыхэкIыу жыIэпхъэщ, ауэ мыбдежым и гугъу зэрытщIам хуэдэу, къызэрыIуатэрэ къызэрыгъэлъагъуэр зы бзэм (адыгэбзэ) и псалъэхэр (был, блэн, блэ) зэрызэпыщIа щIыкIэу къыппыщIэхуэ символрэ мифхэм я лъабжьэр - нэхъыбэм деж- а псэлъэбзэм (адыгэбзэ) къытехъукIауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Зэхуэмыдэ лъэпкъхэм я мифрэ символизмэм лъабжьэ яхуэхъуауэ лъытапхъэу адыгэбзэм къигъэщIа мы псалъэхэр космикэрэ уэз зекIуэкIэм (блэн, щыблэ) теухуа псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ахэр икIи щыIэгъуэ ужьыгъуэ къекIуэкIыкIэм теухуауэ утыку къихьа псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. ИкIи мы псалъэхэр бжыгъэцIэ зыхуэхъуа бжыгъэхэри мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ зэрызекIуэри гурыIуэгъуэщ. ЩыIэгъуэрэ щыIэгъуэ ужьыгъуэр къэзыIуатэ мы псалъэхэр икIи

космосыр физикэу къызэрекlуэкlри къызэрыlуатэ псалъэхэращи, фlэкlыпlэ зимыlэ фlэщыгъэ зыхэлъ псалъэхэщ. Мыхэр цlыхум гурыщхъуэ хэмылъу зэрырифlэщыр гурыlуэгъуэнщи, цlыху фlэщхъуныгъэми лъабжьэ зэрыхуэхъунур гурыlуэгъуэнщ.

Адыгэбзэм "щы"рэ "блы" псалъэхэр зытеухуа "3, 7" бжыгъэхэр ноби дэтхэнэ зы лъэпкъым пщlэ зиlэ бжыгъэхэу зэрилъытэр гулъытапхъэщи, мыбы теухуа щапхъэр мащlэкъым. Щыlэгъуэр зы геометрие лъабжьэу "3"кlэрэ зэрыухуэр хэткlи гурыlуэгъуэнщ, "7"ри щыlэгъуэ ужьыгъуэм зэрытеухуар адыгэбзэм и лэжьэкlэм щыгъуазэ укъещlыр. И бзэ ухуэкlэрэ лэжьэкlэм мыпхуэдэу нахуэ къиищlыу хэмытми, и фlэщхъуныгъэрэ и мифхэм зыхэт дэтхэнэ зы лъэпкърэ цlыхум дежкlэ мы бжыгъэхэр пщlэ зиlэущ зэрылъытэнур. Ауэ макъыбзэу щыт адыгэбзэ зэпкъырыувэкlэр щыlэгъуэрэ щыlэгъуэ ужьыгъуэм зэрезэгъым къызэрыгуэкlщи, цlыхум "3, 7" бжыгъэхэр пщlэшхуэ зиlэу мы зэрилъытэ щlыкlэм и архивыр адыгэбзэм зэрыхэтым гулъытэ хуэщlын хуейщ.

*

Символизмэрэ мифологиеу мы зи гугъу тщlахэр "блы"рэ "блэн"ыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу ипэкlэ зи гугъу тщlахэм зэрыпыщlар гулъытапхъэщ. Икlи символизмэрэ мифологие псалъэ лlэужьыгъуэхэр бзэр зэрызэпкъырыуварэ зи гугъу тщlа псалъэхэр бзэм хэлэжьыхьу щыщlидзам елъытауэ иужьыlуэкlэ къэхъуауи жыlэпхъэщ. Ауэ къызэрыхъуа щlыкlэу мы зи гугъу тщlы "блы"рэ "блэн"ыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр мыбы нэгъунэ мы зи гугъу тщlахэм къыщынэкъыми, щыlэгъуэ ужьыгъуэм теухуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхь нэгъуэщl гуэрхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэр "блы"гъэрэ "блэн"кlэрэ къэзыlуатэ адыгэбзэм мыпхуэдэ хъугъуэ-фlыгъуэ зыхэлъ lуэхур зы lуэхутхьэбзэуи елъытэ, икlи зэкlурэ зэкlэлъыкlуэкlэ зиlэ мыпхуэдэ lуэхугъуэхэр къызэриlуатэри "блы - блэн" лъабжьэ зиlэу къэхъуа псалъэхэмкlэщ. Аращи, нэрынэ нэрынэу ирикlуэу зэпкъырыувэкlэ зиlэ дэтхэнэ зы lуэхугъуэм мы и ухуэкlэр зэрыблэнрэ зэрызэщlэблэнкlэрэщ къызэрыlуатэр.

Щыlэгъуэм и щыlэгъуэр зэрихьрэ зэрызекlуэр хъугъуэ-фlыгъуэщи, абы езэгъыу и гъащlэр зыхь цlыхум дэтхэнэ зы lуэхутхьэбзэр игъэзэщlэну зэрыщlидзэри "блэн" псалъэр лъабжьэ зэрыхуэхъукlэрэ къэlуэтапхъэщ. Аращи, дэтхэнэ зы lуэхум зэрыщlидзэрэ зэрыхуежьэр "блэн" ужьыгъуэщ: «ублэн, къэублэн, пэублэ».

Щыlэгъуэ ужьыгъуэу гъунэгъу къэхъуныгъэрэ къекlуэлlэныгъэри цlыхум "блэн"ыгъэу зэрилъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «къэблэгъэн, гъэ къэблагъэ, илъэс къэблагъэ».

Щыlэгъуэ ужьыгъуэм езэгъыу хъугъуэ-фlыгъуэ зэхэтыкlэр цlыхум хабзэ хуэхъун зэрыхуейри гурыlуэгъуэнти, мыпхуэдэ цlыху зэхэтыкlэм къызэрыгуэкlкlэ, зы цlыхум гуапэу хуэкlуэнрэ гъунэгъу хуэхъуныгъэри,

зы цIыхур къеджэнрэ гъэхьэщIэнри "блэн"ыгъэкIэрэ зэрыгъэзэщIапхъэр гурыIуэгъуэщ: «къэблэгъэн, къеблэгъэн, еблэгъэн, къегъэблэгъэн, еблагъэ».

Хъугъуэ-фIыгъуэрэ фIэщыгъэ зыхэлъу гъэзащIэ мы Iуэхугъуэхэр цIыху щыIэкIэрэ зэхэтыкIэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ. Ахэр цIыху зэхэтыкIэмрэ и гъащIэр зэрихьым, икIи зыгуэрыр къызэрыгурыIуэ щIыкIэм теухуауэ къэхъуа мы псалъэхэр ипэкIэ зи гугъу тщIа псалъэхэм зэрыпыщIари гурыIуэгъуэщ. Космикэрэ уэз зекIуэкIэри зи гугъу тщIа псалъэхэмкIэ къэзыIуатэри цIыхуращи, ар мы космикэрэ уэз ужьыгъуэм къигъэщIа зы псэущхьэу зэрыщытым гулъытэи хуэзыщIращ. Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIкIи, мыбдежым зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэр "блы"гъэрэ "блэн"кIэрэ къэзыIуатэ цIыхум и гъащIэр зэрихьрэ и зэхэтыкIэр щыIэгъуэрэ псэужьыгъуэм зэрезэгъкIэрэ зэрихь щIыкIэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэр "блэн"кIэрэщ зэрыгъэзащIэри, ипщэкIэ космосрэ атомыр зэрызэпкъырылъРэ зэрызекIуэр, дэтхэнэ гуэрыр зэрызэпкъырылъРэ зэрыбагъуэр "блэн" лъабжьэкIэрэ къызэрыIуатэм и гугъу тщIащ. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэщIэхэр къыхэхъукIыу мы зекIуэкIэм игъуэр къыщыскIэ псэри хэджыкIыу псэ зыIут щыIэгъуэхэри утыку къызэригъэхьэр гурыIуэгъуэщ. Псэ зыIуту утыку къихьэ щыIэгъуэхэм лъабжьэ хуэхъу пкъыгъуэ цIыкIури "ген" жыхуаIэращ зэралъытэри, псэ зыIуту щыIэгъуэ зиIэхэр зэрыбагъуэр псэ щыIэгъуэ жылэу лъытапхъэ "ген" жыхуаIэ пкъыгъуэ цIыкIухэр зэрызэщIэблэкIэрэщ. Псэ щыIэгъуэ пкъыгъуэ цIыкIу "ген"хэри щыIэгъуэ ужьыгъуэм хуэдэу "блы"гъэрэ "блэн"кIэрэщ зэрыужьрэ зэрыбагъуэр зэрылъытапхъэри, псэ зыIуту хъуар генератикэу зэпыщIарэ зэрызэлъытауэ щыIэгъуэ зиIэхэрщ.

ПсэужьыгъуэкIэрэ зэмылIэужьыгъуэ псэущхьэхэр къызэрыхъуар гурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зы псэущхьэ лъэпкъыр генетикэу зэрызэхэлъыр "геном" жыхуаIэращ. "Геном" жыхуаIэр зы псэущхьэ лъэпкъым и "ген" лIэужьыгъуэр зыхэзыубыдэращи, дэтхэнэ зы псэущхьэ лъэпкъым езым хуэIуа геном иIэжщ. ЩыIэгъуэ ужьыгъуэрэ псэ ужьыгъуэм ипкъ иткIэ, псэ зыIут дэтхэнэ щыIэгъуэ зиIэри бэгъуэнкIэ зэрыхущIэкъур гурыIуэгъуэщи, мыри зы псэ лIэужьыгъуэм и геномыр ихъумэн Iуэхугъуэу лъытапхъэщ.

Псэ ужьыгъуэу дэтхэнэ зы "ген"ыр щыIэгъуэ ужьыгъуэм езэгъыу зэрыбагъуэр гурыIуэгъуэщи, мыри "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэкIэлъхьэужьу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Псэужьыгъуэу мы генетикэ бэгъуэкIэм кIуэ пэтрэ щхьэжу "хъу"рэ "бзы" лъэпкъ псэущхьэхэр утыку къызэригъэхьари гурыIуэгъуэщ. Мыбы нэужьми, псэужьыгъуэу генетикэ бэгъуэныгъэр "хъу"рэ "бзы" псэущхьэхэм я генхэр зэрызэхэбэгъухьым къатехъукIыу зэрыщIидзапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Хъурэ бзы лъэпкъыу зэщхьэщыкIа

псэущхьэхэм я генхэр зэрызэхэхьэрэ зэрызэхэбэгъухьри "блы"гъэу зэрызекIуэнур гурыIуэгъуэщ.

Ауэ дэтхэнэ зы псэущхьэр щхьэжу езыр зэрыбагъуэ щIыкIэр "хъу"рэ "бзы" лъэпкъ лъэныкъуэкIи "блы"гъэр илъытэу зэрыщIидзар псэущхьэ ужьа щIыкIэу иужькIэ къэхъуауэ къыщIэкIынщ. Е, псэущхьэр хъурэ бзы лъэпкъыу зэщхьэщыкIарэ, я бэгъуэкIэр щхьэжу бзырэ хъу лъэныкъуэкIи "блы"гъэр зэрымылъытэкIэрэ икIуэу щытами, мы псэущхьэ бэгъуэныгъэм щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ генетикэ бэгъуэныгъэм езэгъыу ирикIуэ зы лъагъуэи щытагъэнти, "цIыху" жыхуэтIэ псэущхьэр мы лъагъуэм къытехъукIагъэну къыщIэкIынщ. ИкIи щыIэгъуэ ужьыгъуэу "блы"гъэр къызэрекIуэкIым щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, генетикэу псэущхьэ ужьар мыпхуэдэ зы лъагъуэ зыкIуэ бэгъуэкIэм къызэрыхэхъукIынури гурыIуэгъуэнщ. Ауэщи, псэужьыгъуэу псэущхьэхэр зэрыбагъуэм икIуэ мыпхуэдэ зы лъагъуэм къыхэхъукIа зы псэущхьэу къыщIэкIынщ цIыхури, абы и щыIэгъуэр зэрыригъэкIуэнурэ зэрыбэгъуэну щIыкIэр ар къызэрыхъуарэ къызхэхъукIа мы лъагъуэрэ лъабжьэм езэгъыу зэрыщытын хуейр зылъытэжарагъэнщ.

ЦIыхур щыIэгъуэ ужьыгъуэр зыхэзыщIарэ абы зыригъэкIуу и гъащIэрэ и бэгъуэныгъэр "блы"гъэкIэрэ къезыгъэкIуэкI зы псэущхьэщи, мыбы и лъабжьэр езы цIыхур утыку къызэрихьа щIыкIэу щыIэгъуэ ужьыгъуэм езэгъ псэущхьэ бэгъуэныгъэ лъагъуэрауэ къыщIэкIынщ. Мыр бзэм къызэриIуатэ псалъэхэр макъхэр къэхъуу бзэр зэпкъырыувэу щыщIидзэхэм хуэзэу къэхъуауэ зэрылъытапхъэри мы лэжьыгъэм хыболъагъуэри, и бзэр къызэрыхъуам хиубыдэрэ гулъытэи зэрыхуищIкIэрэ ар хабзэ зыхуэхъуа зы псэущхьэщ цIыхур.

Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIи, "блы"гъэрэ "блэн"ыр зи бзэм щызекIуэрэ абы гулъытэ хуэзыщIа цIыхур зэрыбагъуэ щIыкIэм ипкъ иткIэщ и быныр "щIэблэ"у зэрилъытэм и лъабжьэр. Дэтхэнэ зы псэущхьэм къыщIэхъуэ быныр "щIэблэ"у лъытапхъэу къыпщыхъу щхьэ, щхьэжу дэтхэнэ зы псэущхьэр зэрыбагъуэр "блы"гъэм зэрытемытыр гурыIуэгъуэщи, зи бзэрэ зи хабзэр зи гугъу зэрытIщауэ ухуа цIыхум "щIэблэ"у илъытэнур езым къыщIэхъуэ быным хуэIуатэу зэрыщытын хуейри игъуэщ. ЦIыхур зи гугъу тщIа щыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрылъытэ "блы"рэ "блэн" псалъэр къэзыIуэта зы псэущхьэу, мы щыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрицIыхурэ зэрилъытэкIэрэ абы зыригъэкIуу и щыIэгъуэр зэрихьын хуейуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыр хабзэ зэрыхуэхъуауэ зэрыбагъуэм ипкъ иткIэщ "щIэблэ" псалъэри цIыхум езым къыщIэхъуэм хуэIуауэ зэрзырихьэм и лъабжьэр.

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэр "блы"рэ "блэн"кIэрэ зэрызекIуэр и бзэм щыджарэ зыцIыхуу щыт цIыхум мыр езым и щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ бэгъуэныгъэми лъабжьэ хуищIащи, цIыхур зы нэрыбгэу зэрыбэгъуэн хуей хабзэр зэрылъытэ псалъэу щыт "благъэ"ри "блы"гъэрэ "блэн"ыгъэм

къызэрытехъукlар гулъытапхъэщ. "Благъэ"р зэрылъытэкlэрэ къекlуэкl мы системэри "благъагъэ" псалъэращ гурыlуэгъуэ къэзыщlыр.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэм теухуауэ зи гугъу тщlа функцэмрэ ар къызэрыlуатэ псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэр ипщэкlэ къэтхьащи, цlыхум и "благъагъэ" системэри щхьэж зы нэрыбгэм дежкlэ "блы"гъэрэ "блэн"ыгъэ lуэхугъуэу къэтlуэтахэм хуэдэу лъытапхъэщ. Щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэу зи гугъу тщlа функцэр псэужьыгъуэу щыт ген ужьыгъуэми зэрытеухуэр гурыlуэгъуэщи, функцэр "бзы"гъэрэ "хъу"гъэу зэрызэхэлъым хуэдэу, "ген"хэри "бзы"гъэрэ "хъу"гъэу зэрызэхэлъыр, икlи "благъагъэ"ри дэтхэнэ зы нэрыбгэм дежкlэ "бзы"рэ "хъу" лъэныкъуэр зыхэзыубыдэ зы "блы"гъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэ щlыкlэу зи гугъу тщlа генератикэ зэпыщlэныгъэр псэ ужьыгъуэрэ псэущхьэм дежкlэ "генетикэ" зекlуэкlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Генетикэу зы "блы"гъэм итрэ зэ"благъэ"хэр зы "генетикэ жыг"ыу лъытапхъэщ. Псэ ужьыгъуэм дежкlэ, ген зэхэхьэныгъэрэ зэхэбэгъуэныгъэкlэ игъуэр зы геномым щыщрэ (п.п: цlыху геном) зы "генетикэ жыг"ым щымыщ (генетикэу зэмыблагъэ) генхэращ.

Зи гугъу тщlа функцэр къызэрыlуатэ псалъэхэр щыlэгъуэ ужьыгъуэр генератикэу зэрызэкlэлъыкlуэрэ зэрызэпкъырыувэр къэзыlуатэ псалъэхэращ. Генератикэ зэкlэлъхьэужьыкlэ зиlэ мы ужьыгъуэм езым щыlэгъуэ зэригъуэтрэ щызэфlэкlым утыку къихьэр "блы"ращи, "блы"р щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэм и зы щапхъэрэ пщалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыбы хуэдэщи, псэужьыгъуэрэ гэнетикэ бэгъуэныгъэм и зы щапхъэрэ пщалъэри, "блы"гъэ lэнатlэрэ абы хиубыдэр къызэрыlуатэ "благъагъэ"ращ.

"Блы"гъэм итрэ "благъагъэ"м и дэтхэнэ зы щlыпlэр генератикэу зэпыщlэныгъэ зиlэрщи, ар мы ужьыгъуэм теухуа зы lыхьэ псоуи щытращ. Мыр псэужьыгъуэрэ генетикэ зекlуэкlэр щыlэгъуэ ужьыгъуэм зэрезэгъкlэрэ ген ужьыгъуэ пщалъэращи, мы "блы"гъэу псоугъэ lэнатlэм хиубыдэхэр абы хиубыдэм дежкlэ зэрылъытэр "благъэ"ущ. Абы хиубыдэм дежкlэ "блы"гъэм щыщ дэтхэнэ зыр "благъэ"у зылъытэ зы системэщ "благъагъэ"ри, бэгъуэныгъэ пщалъэу щыт мы системэр мыпхуэдэ защlэкlэрэ къыпыщэжурэ щызекlуэкlэ, абы къытехъукlыр зы цlыху лъэпкъращ (Адыгэ лъэпкъ). Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, зы цlыху лъэпкъыр благъагъэкlэ бэгъуарэ зи лъабжьэрэ зи блэкlам благъагъэ зыщlэлъ цlыху гупращ. Абыхэм я генхэм и блэкlарэ лъабжьэр зэхуэдэщ, ауэ абыхэм щыщу иджыри "блы"гъэрэ "благъагъэ"м итхэращ зэ"благъэ"ри, мыпхуэдэхэм я генхэр иджыри зэхэтщ, зэщыщщ, зы ген жыгщ.

Щыӏэгъуэ ужьыгъуэм щыӏэгъуэ зэригъуэтыр щызэфӏэкӏ пщалъэу лъытапхъэ "блы"гъэр генетикэ ужьыгъуэми и зы пщалъэщи, абы хиубыдэ дэтхэнэ зы геныр адрей генхэм генератикэу пыщӏауэ зэхуэдэ зы къэхъуныгъэм итращ. "Блы"гъэм хибыдэ генхэр зы къэхъуныгъэрэ хъугъэм итщи, ахэр генератикэу зэпыщӏэныгъэ зэрызыхуаӏэкӏэрэ къэхъупӏэгъущ. Зы геным и ужьыгъуэр "блы"гъэкӏэрэщи, зы "блы"гъэм хиубыдэ генхэр генератикэу зэпыщӏэныгъэ зиӏэу зы къэхъугъуэм хибыдэхэращ. "Блы"гъэ ӏыхьэм хиубыдэ дэтхэнэ зы геныр адрейхэм генератикэу пыщӏащи, зыщыщыр а "блы"гъэращ. Зы "ген"ым дежкӏэ, езыр зыхэт "блы"гъэм итрэ щыщу щыт адрей генхэр зэрылъытапхъэр "благъэ"ущи, зы "блы"гъэм хиубыдэрэ зым адрейр "благъэ"у илъытэ генхэм "благъагъэ" зыхуаӏэщ.

Цӏыхум "благъэ"у илъытэр генхэр зы "блы"гъэм зэриткӏэрэ генетикэу зэпыщӏэныгъэ зыхуиӏэращ. Мыпхуэдэ зы ӏуэхугъуэр щхьэж зы системэу "благъагъэ"ущ зэрылъытэр. Мыр зы системэщи, абы хиубыдэ зы "ген"у жыӏэ, е зы "нэрыбгэ"у жыӏэ, ӏуэхур зэрылъытапхъэрэ къызэрекӏуэкӏыр зэхуэдэщ.

Мы къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ зэрыщӏщи, дэтхэнэ зы нэрыбгэр генетикэу зыщыщыр "благъагъэ" системэращи, щхьэгъусэ зыхуищӏынур мы системэм щымыщрэ благъагъэ зыхуимыӏэу щытын хуейщ. Дэтхэнэ зы нэрыбгэм дежкӏэ, "благъагъэ"р генетикэу лъэбэкъуибл зыкӏуэ зы системэщ. Цӏыхум и щыӏэгъуэр щыӏэгъуэ ужьыгъуэм зэрызекӏуэкӏэрэ зэрихь щӏыкӏэр "благъагъэ" системэращи, зэрыбэгъуэну щӏыкӏэу щхьэгъусэ къыхуэхъунур генетикэу благъагъэ зыхуимыӏэ лъэпкъым щыщын хуейщ. Зэблагъэрэ зы "блы"гъэм ит цӏыхуитӏыр зы генетикэ ужьыгъуэрэ хъупӏэм итщи, генетикэу зы хъугъэм итхэр зы "блы"гъэм щыщхэу, я генхэр зэхэхьэнкӏэрэ иджыри зэрыхъун мыхъупӏэм итхэращ.

"Блы"гъэм итрэ "благъагъэ" зыхуиӏэхэр зы щыӏэгъуэ ужьыгъуэ ӏэнатӏэу щыт "блы"р "щы" лӏэужьыгъуэрэ щыӏэгъуэ ужьыгъуэм и лъэбэкъуищу утыку къызэрихьэм ипкъ иткӏэ, зы "щы"гъуэм итхэращ. "Щыщын" псалъэм гурыӏуэгъуэ къищӏ а нэхъ мыхьэнэ лъабжьэри мырагъэнщ. Зэблагъэхэр зы "блы"гъэм щыщхэращи, генетикэу зыр зым зэпыщӏэныгъэ зэриӏэрэ зэдэхъугъэм итрэ щыщхэращ; мыбы папщӏи, я генхэр зэхэбэгъуэныгъэкӏэ щхьэхуэ генхэу щымытхэращ.

Ауэ "благъагъэ" системэр зэрышэну цӏыхуитӏыр зыщыщ лъэпкъитӏми зэрахьэ зы системэу щытын зэрыхуейри гурыӏуэгъуэнщ. Ар мыхъумэ, цӏыхуитӏым къыщӏэхъуэну щӏэблэр генетикэу щыӏэгъуэ ужьыгъуэм екӏункӏэ гарант иӏэнкъым. Аращи, зэрышэну цӏыхуитӏым дэтхэнэ зыр "благъагъэ" системэр къызщекӏуэкӏ лъэпкъым къыхэкӏа хъун хуейщ. Мыпхуэдэ хабзэ зимыӏэр мы хабзэм щыщ хъужын папщӏэ, къыщӏэхъуэну щӏэблэр мы хабзэм тету генерацэу "блы" икӏуэн зэрыхуейри гурыӏуэгъуэнщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэщи, "благъагъэ" системэр щыӏэгъуэр зэрыухуэрэ щыӏэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъум езэгърэ екӏуу зы системэщ. Мыпхуэдэ системэм тет цӏыхурагъэнщ нэхъ "цӏыху"у лъытапхъэри, мыпхуэдэр зи хабзэрэ мыпхуэдэ хабзэм къыщӏэхъуэ цӏыхур и зэхэтыкӏэрэ и лъэпкъкӏэрэ нэхъ лъапӏэу ялъытэу зэрыщытари гурыӏуэгъуэнщ. Благъагъэу цӏыху хабзэжьым тетыныгъэрэ зи лӏакъуэри лъытэныгъэр цӏыхум зэрыхуэӏуарэ цӏыхугъэу зэрыщытым ипкъ иткӏэ, мыпхуэдэ цӏыхумрэ лъэпкъри лъапӏэу ялъытэу къэгъуэгурыкӏуагъэнщ. Цӏыху зэхэтыкӏэу иужькӏэ къэхъуа зехьэ-зехуэм цӏыхум и пщӏэр зэрылъытэ щӏыкӏэрэ хабзэми фащэ куэд зэрызэблихъуар гурыӏуэгъуэщи, "благъагъэ" системэм къыщӏэхъуэр лъапӏэу зэрылъытэу щытам ипӏэкӏэ нэгъуэщӏ пщӏэ лӏэужьыгъуэхэр зэриувэжар нобэм къынэсу цӏыхум къигъуэгурыкӏуам хыболъагъуэр. Ауэ цӏыху зэхэтыкӏэрэ псэукӏэхэм теухуауэ иужькӏэ къэхъуа цӏыхум пщӏэ хуэщӏыныгъэхэм лъабжьэ хуэхъуари цӏыхугъэм зэрезэгъ "благъагъэ" системэр зезыхьэ цӏыхур лъапӏэу зэрылъытауэ щытарауэ къыщӏэкӏынщ.

"Благъагъэ" системэр нэрыбгэр къызхэкӏа лъэпкъыр "блы"гъэкӏэрэ зылъытэ системэщи, ар щылъытэкӏэ езы нэрыбгэр къызхэкӏа "лӏакъуэ"ри зэрилъытэнур гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, "благъагъэ" системэм утыку къыригъэхэр икӏи "лӏакъуэ" системэращ. Мыри цӏыхурэ лъэпкъыр лъапӏэу зэрылъытэ щӏыкӏэу мы зи гугъу тщӏа къекӏуэкӏыкӏэм теухуауэ къэтӏуэтахэм зэрезэгъри гурыӏуэгъуэщ.

Адыгэр "благъагъэ" системэм зэрытеткӏэрэ "лӏакъуэ" системэри зылъытэ зы лъэпкъщ, икӏи щхьэгъусэ зыхуищӏынур зыщыщым хэплъыхьыныгъэ зиӏэу зы лъэпкъщ. Абы мы и хэплъыхьыныгъэр къэзыгъэлъагъуэ зы щапхъэщ "лъабжьэр бжьиблкӏэ махуэ" псэлъэжыр. Зы генетикэ щӏэнрэ зы геным лъэбэкъуибл зэрырикӏуэу, зы генетикэ щӏэныр къызэрыхъу – зэрызэхъуэкӏ – зэрыухыр лъэбэкъуиблу зэрыщытращ мы псэлъэжьыр зытеухуар. Мы псэлъэжьыр "лӏакъуэ"рэ генетикэщ зытеухуар, ауэ абы гурыӏуэгъуэ къищӏыр мыбыи къыщымынэу, дэтхэнэ зы "блы"гъэрэ "блэн" лӏэужьыгъуэу мы лэжьыгъэ ӏэнатӏэм и гугъу щытщӏарэ къыщытӏуэтахэри зэрызыхиубыдэр гулъытапхъэщ.

Адыгэр зэрылъэпкъыу зытета системэщ "благъагъэ"ри, нобэм къэсыху, абы дэтхэнэ и зы нэрыбгэри, дэтхэнэ и зы унагъуэрэ жылагъуэри зэхуэдэ защӏэу мыпхуэдэ хабзэ зиӏэрщ. Лъэпкъым хамэу къыхэхьэри мы хабзэр зэрихьэу зэрыщӏидзэкӏэрэ "блы"гъэкӏэрэ лъэпкъым щыщ зэрыхъужри гурыӏуэгъуэнщ. Адыгэбзэрэ хабзэр зезыхьэу зэхэсхэр ноби мы системэм зэрытепсэуххыр гурыӏуэгъуэщ, ауэ мыпхуэдэ хабзэ зимыӏэ лъэпкъхэм хэпсэухь хъуа хэхэс Адыгэхэм нобэ "благъагъэ" системэр хуэм хуэмурэ зэрабгынэрэ хамэ щхьэгъуси зэрзырагъуэтыр гурыӏуэгъуэщ. Мы хэкӏуэдэжыныгъэм и хэкӏыпӏэри мы системэм щӏэныгъэкӏэ щыгъуазэ хуэхъужынращ.

Зы нэрыбгэм дежкӀэ "благъэ"р "блы"гъэм итращи, генетикэ зэпыщӀэныгъэ зыхуиӀэ лъэкъуиблым хиубыдэращ. Мы псалъэм ипкъ иткӀэ, зы нэрыбгэм и анэмрэ и адэ лъэныкъуэу блым нэгъунэр а нэрыбгэм и благъагъэм хиубыдэращ; "зэш"хэм (дэлъху - къуэш - шыпхъу) я зэхущытыкӀэри мыпхуэдэщ. Ар дыдэуи, а нэрыбгэм и быным къыщӀэхъуэ къуэрылъхурэ пхъурылъхуу блым нэгъунэри а нэрыбгэм и благъагъэм хиубыдэхэращ. И блэкӀарэ и щӀэблэу мы лъэныкъуитӀри а нэрыбгэр генетикэу зыхэт "блы"гъэщи, а нэрыбгэм дежкӀэ, мы блыгъэм химыубыдэр анэ лъэныкъуэрэ адэ лъэныкъуэми, е къуэрылъхурэ пхъурылъху лъэныкъуэми, а нэрыбгэм и благъагъэм щыщыжкъым. Анэрэ адэ лъэныкъуэу, е къуэрылъхурэ пхъурылъху лъэныкъуэу, зы нэрыбгэм теухуауэ зи гугъу тщӀы мы "блы"гъэм хиубыдэхэр къашэ-нашэкӀэрэ благъэ зыхуэхъуахэри мы "блы"гъэм зэрыхибыдэкӀэрэ ди нэрыбгэм и "благъэ"щи, химыубыдэри и благъэкъым. Аращи, нэрыбгэр къызхэкӀарэ езым къыщӀэхъуауэ, абыхэми благъэ къахуэхъужахэри хэтыжу, дэтхэнэ и зы лъэныкъуэкӀи генетикэу лъэбэкъуиблым хиубыдэр а нэрыбгэм и благъэщи, абы химыубыдэрэ икӀари благъэжкъым. Мы псалъэм зэрезэгъщи, зэхуэдэ лӀакъуэм къыхэкӀами, зэхуэдэ зы "блы"гъэм имытыжрэ зы "благъагъэ" системэм щымыщыжхэр зэрышэнкӀэ игъуэ зэрыхъужри гурыӀуэгъуэщ.

Адыгэм "благъагъэ" системэр зыригъакӀуэ щхьэ, нобэ "благъэ"рэ "благъагъэ" псалъэхэр зи бын зэрышахэм зыхужаӀэ псалъэ хъууэ зэрыщӀидзэри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэри "благъэ" псалъэкӀэ къэӀуэтапхъэ щхьэ, "благъэ" псалъэр мыпхуэдэ закъуэм хуэӀуа зэрыхъукӀэрэ "благъэ" псалъэм къиӀуэтапхъэхэр кӀуэ пэтрэ щӀокӀуэдыкӀыр. Нобэ хамэбзэу щыт "Ӏыхьлы" псалъэр "благъагъэ"м хиубыдэ зы лъэныкъуэм теухуауэ бзэм щызекӀуэу зэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэщи, системэр хэзыгъэгъуэщэну мыпхуэдэ псалъэхэр бзэм къыхэмыхьэнкӀэ хуэсакъын зэрыхуейри гулъытапхъэщ.

"Блы"гъэрэ "блэн" псалъэхэр лъабжьэ зэрыхъуакӀэрэщ генетикэ зэпыщӀэныгъэрэ ужьыгъуэм теухуауэ мы зи гугъу тщӀа "благъэ, благъагъэ" псалъэхэр къызэрыхъуарэ зэрызекӀуэри, ар зы системэу лъэпкъми зэрызырихьэр гурыӀуэгъуэщ. Мы псалъэхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэр жытӀагъэххэщи, мыпхуэдэу къэхъуа "благъагъэ"р зы системеу зэрызекӀуэм теухуащ мыбдежым генетикэми теухуауэ къэтӀуэтахэр. Нобэ генетикэр зи Ӏуэху щӀэныгъэ зэрыщыӀэри гурыӀуэгъуэщи, абы куэд мыщӀауэ благъагъэ зиӀэхэм къащӀэхъуэ бынхэм узыншагъэкӀэ тӀасхъэ зэриӀэ нэхъыбэ къызэрыхэкӀыр къигъэунэхуагъэхххэщ. Ауэ нобэ генетикэ щӀэныгъэм мыбдежым къызэрытӀуатэ щӀыкӀэу "благъагъэ"р зы "блы"гъэ системэу илъытэным къынэсауэ жыӀэпхъэкъым.

"Блы"рэ "блэн"ым теухуауэ зэхуэмыдэ Ӏуэхугъуэхэу къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, щыӀэгъуэ зиӀэр зэрызэпкъырылърэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэр

зэрызекlуэр космикэу цlыхум и бзэм щыджарэ гулъытэи зыхуищlа lуэхугъуэщ. Мыр икlи цlыхум езыр зыхэпсэухь хабзэ зыхуищlыжа зы lуэхугъуэщи, мы хабзэм и къежьапlэри –зий мыхъуми- а псалъэхэр бзэм щызекlуэу зэрыщlидзам хуэдизкlэ жыжьэу лъытапхъэщ. Икlи "хабзэ" жыхуэтlэр утыку къызэрихьами и зы щапхъэщ "благъагъэ" жыхуэтlэ системэр мы утыку къызэрихьа щlыкlэри, хабзэм и зэпкъырыувэкlэмрэ и лъабжьэри мыпхуэдэ жыжьапlэрэ лъабжьапlэхэм щылъыхъуэн хуейщ.

Мыпхуэдэщ щыlэгъуэр къызэрекlуэкl щlыкlэу утыку къихьа "блы"мрэ ар зэрыгъэзащlэ "блэн" псалъэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри, цlыху зэхэтыкlэм дежкlэ, абы и лэжьэкlэ нэхъыщхьэр "благъэ"рэ "благъагъэ"у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэхэр икlи "блы"р бжыгъэцlэ зыхуэхъужа бжыгъэри зыхиубыдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ мы къэтlуэтарэ къэтхьа щапхъэхэм нэмыщlыу "блы"рэ "блэн"ыр зи лъабжьэу бзэм къыхэхъухьрэ хэлэжьыхь псалъэр зэрымымащlэри гурыlуэгъуэщ.

*

Щыlэгъуэ ужьыгъуэ пщалъэу "блы"р утыку къихьа нэужь, щыlэгъуэ ужьыгъуэм къызэрыпыщэр къызэрыlуатэ псалъэхэр утыку къызэрихьами деплъынщ.

"Блы"р утыку къыщихьэкlэ щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэр къэlуэтагъэххэщи, абы иужьыр зэрыгъэзэщlэнури "блы"гъэкlэрэщ. "Блы" нэужьри "блы"гъэкlэрэщ къызэрекlуэкlри, мы "блы"гъэ lэнатlэу къекlуэкlыр аргуэру "блы"р утыку къызэрихьэкlэрэ къэlуэтэн хуэныкъуэжкъым. Щыlэгъуэ ужьыгъуэм щыlэгъуэ игъуэту блэуэ зэрыщlидзэр къизыlуэ "блы"м щхьэщыкlрэ икlыу гъэзащlэри зы "блы"гъэщи, ар "блы" нэужьым зы джыгъуэщlэу утыку къихьа "блы"гъэу зэрыщытым папщlэ, ар "и" макъ мыхьэнэр занщlэу зы "макъ псалъэ" зэрыхъукlэрэщ къызэрыlуатэр. Аращи, "блы"р утыку къихьэу "блэн" lуэхур къэхъуа нэужь, щыlэгъуэ ужьыгъуэм щыlэгъуэ игъуэтагъэххэщи, абы щхьэщыкl ужьыныгъэр аргуэру "блы"гъэу гъэзэщlэну зы джыгъуэщlэщи, ар къызэрыlуатэ псалъэращ "и"р.

"Блы"гъэм къыпыщэжыр зы джыгъуэщlэу къызэрыlуэта "и"р мыбы ипэlуэкlэ и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм хэхьауэ щытагъэнщ. Дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу зэрылъытэф макъщ "и"ри, зыгуэрыр зытеухуарэ зыхуэlуар, зыпыщlарэ къызтехъукlар къэзыгъэлъагъуэ макъщ. Мыпхуэдэу бзэм хэлэжьыхьу хэт "и" макъ мыхьэнэр наlуэщи, ар функциал зэманыгъуэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм щыджыр къизыlуэу, а гуэрыр къызтехъукlрэ зытеухуар гурыlуэгъуэ зыщlрэ къэзыгъэлъагъуэ макъыу, зы координат системэм щыджыр къызэрыlуатэ "абзсис" мыхьэнэ зиlэу зы макъщ. Мыбы зэрезэгъкlэрэи бзэм хэлэжьыхьу хэту, "блы"гъэу гъэзэщlам къыкlэлъыкlуэрэ ар зэрилъабжьэкlэрэ утыку къихьэ джыгъуэщlэр къэlуэтэн хуей щыхъум, зы псалъэу мыбдежым зыкъыщигъэлъэгъуэжар гурыlуэгъуэщ. Абы (и) мыбдежым зыкъызэригъэлъэгъуам и лъабжьэр ар

бзэм мы и гугъу зэрытщlауэ зэрыхэлэжьыхь щlыкlэращи, мыбы нэужьым бзэм хигъэзэщlыхьри зэхъуэкlакъым. Ауэ зэрыгуэрыlуэгъуэщи, ″бжэн″ lуэхурэ бжыгъэхэр къэхъуу щыщlидзэм щыгъуэ, мыбдежым къыщыхъуа мы ″и″ псалъэр зы бжыгъэцlэу бзэм щызекlуэу щlидзэжащ.

Мы джыгъуэщlэр щыlэгъуэ ужьыгъуэу ″блы″м нэгъунэр къызэрыlуэтам хуэдэу къэlуэтэн хуэмыныкъуэу, аргуэру зэрыджыр ″и″кlэрэ къэlуэта нэужь, мы джыгъуэщlэу утыку къихьари щыlэгъуэ ужьыгъуэм зэрызиубгъуу зэрызекlуэр къикlыу ″бгъу″кlэрэ къоlуатэри, щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызекlуэм и къэlуэтэныгъэри зэфlэкlауэ мэлъытэр. Щыlэгъуэр зэрыужьыр ″блы″м нэгъунэ зи гугъу тщlа псалъэхэмкlэ къэlуэта нэужь, ужьыныгъэу пыщэжыр зы джыгъуэщlэу (и) зэрылъытэрэ абы зызэриубгъури (бгъу) къэlуатэу адыгэбзэм мы къэхъурэ хъуурэ кlуэр утыку къырилъхьа мэхъур.

Зэрызэлъыта ужьыгъуэрэ (б) щыlэгъуэ зиlэм гъуэи зэригъуэтым лъабжьэ хуэхъуныр (гъу) зи мыхьэнэ ″макъ зэгуэт″щ ″бгъу″ри, мы зэрыщыту зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм фlэкlыпlэ имыlэу мыбдежым щыхэхьауи жыlэпхъэкъым. Ауэ ″и″кlэрэ къэlуэтам зэрызиубгъур къизыlуэ зы псалъэу лъытапхъэщ ″бгъу″р. ″Блы″гъэу утыку къихьа lэнатlэм икlыныгъэу (и) мы утыку къихьам зызэриубгъурауэ жыlэпхъэщ мы ″бгъу″ псалъэм и мыхьэнэри, мы и мыхьэнэр ″бгъу″ макъ зыхэту ухуарэ мы зи гугъу тщlы ″бгъу″м ипэуи къэхъуауэ лъытапхъэ псалъэхэм къыхощыр. Аращи, ″бгъу″р зы псалъэу мыбдежым утыку къызэрихьа мыхьэнэр абы ипэкlэ ″бгъу″ макъкlэ ухуа псалъэхэм нэхъ гурыlуэгъуэ къащlыр.

″Бгъу″р нэгъуэщl мыхьэнэи зиlэу бзэм хэт зы псалъэщи, дэтхэнэ гуэрым икуу щымытрэ и зы лъэныкъуэрэ гъунапкъэм теухуащ; абдежыр а гуэрым ″ибгъу″щ зэрылъытэр. Ибгъурэ и лъэныкъуэхэр зэпэгъунэгъур ″бгъузэ″щи, зэпэжыжьэри ″бгъуэ″щ. ″Бгъуэ″ е ″бгъузэ″у щырет, зыгуэрыр лъэныкъуабгъуу укъуэдийнри ″убгъун″ псалъэращ къэзыlуатэр; икlи зыгуэрым дэтхэнэ и зы ″бгъу″р зыхиубыдэу абы зыгуэр теукъуэдиенрэ тепlэн lуэхури ″теубгъуэн″ псалъэращ къэзыlуатэр.

Мыхэр ″бгъу″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къэхъуа псалъэхэращи, мы псалъэхэмрэ мыбыхэм щыщу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у щыт ″бгъу″м и мыхьэнэм ипкъ иткlэ, ар мыбдежым къыщыхъуауэ зи гугъу тщlы ″бгъу″м ипэкlэ къэхъуауэ лъытапхъэщ. Иужькlэ бжыгъэцlэ хъужауэ мыбдежым зи гугъу тщlы ″бгъу″ псалъэм и мыхьэнэр абы ипэ къэхъуауэ лъытапхъэ мы псалъэхэм я мыхьэнэм зэрыпыщlари гурыlуэгъуэщ. Аращи, мыбдежым зи гугъу тщlы ″бгъу″ псалъэм и мыхьэнэр утыку къихьа джыгъуэщlэм (и) зызэриубгъурауэ жыlэпхъэщ. Икlи, мы ″бгъу″ псалъэр ″и″кlэрэ къэlуэта джыгъуэщlэр абы ипэкlэ къэхъуа ″блы″ lэнатlэм щымыщыжрэ и лъагъуэ дыдэми зэрытемытыжыр гурыlуэгъуэ къэзыщl зы псалъэу лъытапхъэщ: мы джыгъуэщlэм (и) ″блы″гъэу абы лъабжьэ хуэхъуа lыхьэм ибгъу

лъэныкъуэхэмкlэ зызэриубгъур гурыlуэгъуэ къэзыщl зы псалъэу жыlэпхъэщ ″бгъу″р.

Мыпхуэдэ мыхьэнэкlэрэ утыку къихьа мы ″бгъу″ псалъэр ″бжэн″рэ ″бжыгъэ″хэр утыку къыщихьэми зы бжыгъэцlэу бзэм зэрыхэхьар гурыlуэгъуэщ.

Мы къэlуэтахэм къызэрыхэщщи, ″и, бгъу″ри щыlэгъуэ ужьыгъуэм теухуауэ къэхъуа зы псалъэщ. Ар щхьэ, ″и, бгъу″м мыбдежым щагъуэта мыхьэнэр щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыlуатэу езыхэм ипэ къихуэу къэхъуа псалъэхэм хуэдизу лъабжьэу зэрыщымытри гурыlуэгъуэщ. Езыхэм ипэ къихуэу утыку къихьа псалъэхэм къаlуатэм пыщэжыныгъэ къизыlуэ псалъэхэущ мыбдежым утыку къызэрихьа щlыкlэри, ″и″мрэ ″бгъу″р ″блы″м нэгъунэ къэхъур аргуэру утыку къызэрихьэжрэ зэрызекlуэр къэзыlуатэ псалъэхэущ къызэрыхъуа щlыкlэр.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэм щыlэгъуэ зэригъуэт щlыкlэу утыку къихьа ″блы″ нэужьым, мы щыlэгъуэр аргуэру джыурэ зэрызекlуэм теухуауэ къэхъуа псалъэхэщ ″и″рэ ″бгъу″ри, ″бгъу″ нэужь мы лъагъуэрэ зекlуэкlэм теухуа псалъэи хуэныкъуэкъым, икlи къэхъужакъым.

*

Мы къэтlуэтахэр щыlэгъуэм и зекlуэкlэу ″щы″м и зекlуэкlэр къизыlуэ ″щэ″р зэlухауэ къэзыlуатэ функцэр къызэрыlуатэ щlыкlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ аргуэру ″щы″мрэ ″щэ″м теухуауэ къэгъэлъэгъуапхъэрэ къэlуэтапхъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэм къызэрыгуэкlкlэ, ″щы″мрэ ″щэ″м я зэпыщlэныгъэм теухуауэ жыlэпхъэхэр мыбдежым къыпытщэнщ.

Сытри щыlэ зэрыхъурэ зэрызэпкъырылъыр ″щы″щи, щыlэм и щыlэкlэр зэрихьу къэхъу ″щы″ кlуэтэгъуэр зэрыигъуэкlэрэ ″щы-э → щэ″щ. Щыlэгъуэр зэрызэпкъырылъыр ″щы″ращи, ар щыlэурэ (щы) щыlэ (щы) гуэри къытехъукlыу зэрызекlуэр ″щэ″щ. ″Щы″р зэрыщыту зэрыкlуатэрэ ″щы″м щхьэщыкlыу кlуэр ″щэ″уэщ къызэрыlуэтапхъэри, ″щы″ зекlуэкlэ ″щэ″м икlуэ дэтхэнэ зы лъэбакъуэм къыщыхъур ″щы″ лlэужьыгъуэщ: ″щы″м и кlуэтэгъуэр ″щэ″щи, ″щэ″р ″щы″уэ кlуэращ. ″Щы″р зэрыкlуэ щlыкlэращ ″щэ″ри, ″щы″м мы и кlуэкlэу къэхъу ″щэ″м дэтхэнэ и зы lэнатlэр ″щы″щ; ″щы″урэ мы кlуэкlэр (щэ) ″щы″м ″щы″ къытехъукl кlуэкlэщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, щыlэрэ щыlэгъуэр къызэрыгъэлъагъуэ ″щы″м щхьэщыкlыныгъэрэ и кlуэтэгъуэр ″щэ″щ. Дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэм щхьэщыкlыныгъэ зэригъуэту щыунэтlрэ щыбагъуэр ″щы″мрэ ″щэ″м я зэхущытыныгъэкlэ мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «щы<щэ». Мы къэгъэлъэгъуэкlэр дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэр ″щы″мрэ ″зы″р зэрызэлъытакlэрэ мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «″зы{⋂щы};щы{⋂зы}″<щэ».

Мыр щыӏэгъуэр зэрызекӏуэрэ щыӏэгъуэ къызэрыхэхъукӏыу, ″щы″м и унэтӏыгъэрэ ″тӏыу″гъэкӏэрэ ″щы″ лӏэужьыгъуэ утыку къихьэныгъэ щыхъуращ. Ари зи гугъу тщӏа функцэм и зекӏуэкӏэу зэрыщытыр гурыӏэгъуэщи, функцэри ″щэ″м и зекӏуэкӏэр зэӏухауэ къызэрыӏуатэ щӏыкӏэу зэрыщытри жытӏагъэххэщ. Зи гугъу тщӏа функцэр зэрыщытуи, дэтхэнэ и зы лъэбакъуэри ″щэ″уэ зэрылъытапхъэр, икӏи функцэмрэ дэтхэнэ и зы лъэбакъуэри, дэтхэнэ и зы щӏыпӏэри зы ″щы″ лӏэужьыгъуэу зэрыщытри жытӏагъэххэщ. Мыхэри ″щы″мрэ ″щэ″м я зэпыщӏэныгъэм теухуауэ къэтӏуэтахэм зэрезэгъыр гурыӏуэгъуэщи, функцэмрэ дэтхэнэ и зы лъэбакъуэр ″щы″мрэ ″щэ″м зэрытеухуар гулъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм гурыӏуэгъуэ зэращӏщи, функцэм езыр, икӏи дэтхэнэ и зы лъэбакъуэр ″щы″рэ ″щэ″уэ лъытапхъэщ. Функцэр зэрыщыту зэрылъытапхъэр, икӏи ӏыхьэ ӏыхьэу зэрылъытапхъэр ″щы″рэ ″щэ″ защӏэу къэӏуэтапхъэрэ къэгъэлъагъуапхъэщ. ″Щы{⋂зы}″уэ зэрыщытым ипкъ иткӏи, ″щы″уэ къэӏуатэрэ къэгъэлъагъуэ дэтхэнэ гурэри икӏи ″зы″уэ зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэщ.

″Щы″м щхьэщыкӏрэ кӏуэкӏэр ″щэ″щи, мыри зи гугъу тщӏы функцэр къызэрежьэ щӏыкӏэу, функцэм и периоду щыт ″къэхъуныгъэ″р зэрызэлъытэр ″щы – щэ″м теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Ар щыхъукӏи, функцэр зэрыщыту езыри, абы и дэтхэнэ зы ӏыхьэри мыпхуэдэу къызэрыгъэлъэгъуапхъэр гурыӏуэгъуэнщ.

«зы{⋂щы} → тӏыу → щы{⋂зы}» (*)

щэ (**)

щэ (***)

↓

щы{⋂зы} (****)

Мы къэгъэлъэгъуам теухуауэ жыӏэпхъэхэри къыпытщэжынщ. Къэхъуныгъэ пщалъэм и къежьапӏэр зы щыӏэгъуэр къызэрыгъэлъагъуэ ″зы{⋂щы}″щи, абы зы щыӏэгъуэ зиӏэ къызэрытехъукӏыр абы и ″тӏыу″гъэкӏэрэщ; мы ″тӏыу″гъэу къэхъум зы щыӏэгъуэу ″щы{⋂зы}″ къыхохъукӏри (*), ар ″зы{⋂щы}″м и бэгъуэныгъэрэ зекӏуэкӏэу ″щэ″уэ (*) зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икӏи мыр ″щы″р зэрызекӏуэ щӏыкӏэу ″къэхъуныгъэ″м езырауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, ар зэрыщыту ″щэ″уэ (***) зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэщ. ″Къэхъуныгъэ″м езыри щхьэж зы щыӏэгъуэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, ар зэрыщыту ″щы″уэ зэрыщытрэ зэрызэпкъырылъыр нэрылъагъущ, икӏи дэтхэнэ зы щыӏэгъуэ зыгъуэтар щхьэжу ″зы″уэ зэрылъытэри гурыӏуэгъуэщ (****).

Мыр къэхъуныгъэ пщалъэращи, мыр зэрызэтеуплӏанэщӏэкӏэрэ къэхъуу зи гугъу тщӏа функцэр зэрызекӏуэ пэриоду зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Ар щыхъукӏи, функцэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэри мыпхуэдэу

къызэрыгъэлъэгъуэфынур гурыIуэгъуэщ. Ауэ ахэри мыпхуэдэу къэдмыгъэлъагъуэу, функцэр зэрыщыту ″щы - щэ″уэ къызэрыIуэтапхъэм теухуахэр къыпытщэнщ. Аращи, къэхъуныгъэ пщалъэр мы къызэрыгъэлъэгъуарэ къызэрыIуэтапхъэм зэрыхэплъагъуэщи, щыIэгъуэр (щы) зэрызекIуэр (щэ) зэIухауэ утыку къизылъхьэ функцэм езыри, дэтхэнэ и зы Iыхьэри ″щы″мрэ ″щэ″ зэпыщIэныгъэкIэ къоIуэтэжыр.

ЩыIэгъуэр (щы) зэрызекIуэ (щэ) щIыкIэу щыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэ (щы) зэригъуэтым теухуащ мы функцэри, ар езыр зэрыщыту ″щэ″уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ, икIи функцэр мы ″щэ″м и зекIуэкIэр зэIухауэ къызэрыIуатэущ утыку къызэрихьар. Функцэр щхьэжу ″щэ″уэ лъытапхъэщи, абы дэтхэнэ и зы щIыпIэрэ периодыр зы ″къэхъуныгъэ″у зэрыщытрэ ари зы ″щэ″уэ къызэрыIуэтапхъэм ипкъ иткIэ, функцэр ″щэ″ Iыхьэу ″щы″уэ зэхэлъщ. ИкIи, дэтхэнэ зы периодрэ ″къэхъуныгъэ″р зы щыIэгъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″щы″уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, функцэр ″щы″уэ зэхэлърэ икIуэр ″щэ″щ. КъэхъуныгъэкIэрэ ″щы″уэ зэхэлърэ ″щы″ зекIуэкIэу щыт мы функцэм езыр къэхъуныгъэрэ щыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэ зэригъуэту зы щыIэгъуэщи, функцэм езыри зэрыщыту ″щы″ лIэужьыгъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIщи, функцэм езыри зэрызэпкъырылъ Iыхьэхэри ″щы – щэ″кIэрэ къэIуэтапхъэрэ къэгъэлъэгъуапхъэщ. НытIэ, функцэр ″щы-щы-щы″уэ къызэрыгъэлъэгъуапхъэрэ ари ″щэ″уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ; функцэр икIи ″щэ-щэ-щэ″уэ къызэрыгъэлъэгъуапхъэрэ ари зэрыщыту ″щэ″уэ (″щэ″р ″щы″м и функциал кIуэтэгъуэщи, ″щэ″уэ сыт хуэдизри аргуэру ″щэ″уэщ къызэрыIуэтапхъэр) зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Функцэр мы къызэрыгъэлъэгъуа лъэныкъуиткIи ″щэ″щи, ар щхьэж зы щыIэгъуэуи ″щы{∩зы}″уэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

Функцэр ″щы – щэ″кIэрэ мы къызэрыIуэтапхъэм нэмыщI, ″щы″ кIуэтэгъуэрэ щхьэщыкIэныгъэр ″щэ″уэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, ″щы″м къыхэхъукIыу утыку къихьэ ″щы″ри къызхэхъукI ″щы″м и ″тIыу″гъэкIэрэщ къызэрыхъури, дэтхэнэ зы ″щы″ лIэужьыгъуэм къыкIэлъыкIуэ ″тIыу-щы″р ″щэ″уэ зэрылъытапхъэри нэрылъагъущ. Ар щыхъукIи, функцэр ″щы<щэ″уэ зэкIэлъыкIуэуи къызэрыгъэлъэгъуапхъэр гурыIуэгъуэщ.

Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIи, дэтхэнэ зы ″щы″ лIэужьыгъуэр къызэрыIуэта псалъэр ″щы<щэ″уэ зэрылъытэкIэрэ мыпхуэдэу къэгъэлъэгъупхъэщ: «″зы<щэ″, ″щы<щэ″, ″тху<щэ». ИкIи «блы<щэ»щ. Ауэ функцэ ухыпIэ ″щы″ лIэужьыгъуэ ″блы″р функцэм езыр ″щы″пIэ зэриувэрэ щыгъуэ щигъуэтрауэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, мы ″щы″ лIэужьыгъуэм (блы) щхьэщыкIыныгъэр (щэ) мы функцэми и щхьэщыкIыныгъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, ″блы″м щхьэщыкIыр (щэ) функцэ нэужьу къыпыщэращи, ари щыIэгъуэ

ужьыгъуэм щыӏэгъуэ зэригъуэтакӏэрэ зэрызекӏуэрэ къызэрыпыщэр (блы<щэ) къэзыгъэлъагъуэращ.

Ауэ функцэм хиубыдэ дэтхэнэ зы "щы" лӏэужьыгъуэрэ къыпыщэжыр "щы<щэ"уэ лъытапхъэу щытми, мыпхуэдэу зэкӏэлъыкӏуэныгъэр зыхэзыубыдэ функцэр зы псоуэ зэрыщытыр гулъытапхъэщи, абы хиубыдэ дэтхэнэ зы "щы<щэ лӏэужьыгъуэр зы зэманыгъуэкӏэ утыку зэримытыр гулъытапхъэщ. Ауэ мы функцэр къызэрыхъум и пэщӏэдзэрэ и периоди хъуауэ "къэхъуныгъэ пщалъэ" жыхуэтӏэ "зы-тӏыу-щы"р зэрызекӏуэр къэӏуэтэхункӏэ утыку зэритар гурыӏуэгъуэнщи, мыбы утыку къыригъэхьарэ икӏи зы псалъэуи "щы"уэ лъытам теухуа "щы<щэ"р зы зэманыгъуэфӏкӏэ мыпхуэдэу зэрылъытар гурыӏуэгъуэщ. Функцэр утыку къихьэху "къэхъуныгъэ"р къизыӏуэу утыку итаращи, "къэхъуныгъэ"р зэрытеуплӏанщӏэу мы функцэр утыку къихьаху "щы<щэ"р утыку зэритар гурыӏуэгъуэщ.

Мы "щы" нэужьыр "щэ"уэ зэрылъытар зы зэманыгъуэкӏэрэ утыку зэритам хуэдэщи, функцэ ухыпӏэрэ щыӏэгъуэ ужьыгъуэм щыӏэгъуэ зэригъуэта щӏыкӏэу утыку къихьа "блы" нэужьри "щэ"уэ зэрылъытам зы зэманыгъуэфӏ зэрикӏуари гурыӏуэгъуэнщ. "Блы"р функцэм и ухыпӏэщи, абы иужьыр функцэм зэрыщыщыжрэ, щыӏэгъуэ зекӏуэкӏэр иджыркӏэ къызэрыӏуэта псалъэ къызэрымыхъуам ипкъ иткӏэ, "блы<щэ"р зы зэманыгъуэфӏкӏэ утыку итагъэнщ. Аращи, "блы" нэужьыр къызэрыӏуатэ "щэ"м и ӏыхьэхэу "и, бгъу"р утыку къихьэху зэманыгъуэу мащӏэ дэкӏагъэнкъым.

Мы псалъэхэми къызэрыхэщщи, "щы" кӏуэтэгъуэ "щэ"р "щы"м и функциал кӏуэтэгъуэу, зыхиубыдэ "щы" лӏэужьыгъуэр иджыри наӏуэ мыхъуам теухуащ. Ар щыхъукӏи, "щы" лӏэужьыгъуэу утыку къихьарэ наӏуэ хъуам щхьэщыкӏыу щыӏэгъуэ кӏуэкӏэращ "щэ"ри, нытӏэ "щы" лӏэужьыгъуэу утыку къихьэрэ наӏуэ хъур утыку къихьэху, "щэ"р абы иужьыр къэзыӏуатэ псалъэущ зэрызекӏуэр. Мыпхуэдурэ, "щэ"р сытым дежи иужькӏэ кӏуатэрэ, наӏуэ къэхъуа щыӏэгъуэм аткӏэр къыриӏуэу, наӏуэ хъуам елъытауэ иджыри наӏуэ мыхъуарэ игъуэ псалъэхэмкӏэ къэмыӏуэта щыӏэгъуэ ужьыгъуэ къыпыщэм теухуащ.

Функцэ нэужьрэ "блы" нэужьыр "щэ"уэ къызэрыӏуэтапхъэр жытӏагъэххэщи, щыӏэгъуэ ужьыгъуэр "блы" нэужьым зэрызекӏуэр къэзыӏуатэ псалъэхэм иужьыр "щэ"уэ къызэрыӏуэтапхъэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Щыӏэгъуэ ужьыгъуэм щыӏэгъуэ зэригъуэта "блы"м къыкӏэлъыкӏуэр джыгъуэщӏэу "и"уэ лъытащи, ар мыпхуэдэу утыку къихьа нэужь, куэд дэмыкӏыу "бгъу"ри къызэрыӏуэтар гурыӏэгъуэнщ. "И"р къэӏуэта нэжь, абы щхьэщыкӏри аргуэру "щэ"уэ зэрылъытапхъэр (и<щэ) гурыӏуэгъуэщ, ауэ мыбы зы зэманыгъуэ зэримыкӏуари гурыӏуэгъуэщ. "И" нэужьым куэд дэмыкӏыу, мы джыгъуэщӏэм (и) зэрызиубгъур къизыӏуэ "бгъу"р утыку

къызэрихьар гурыӀуэгъуэщи, мы зи гугъу тщӀа щыӀэгъуэ ужьыгъуэм и зекӀуэкӀэр къызэрыӀуатэри мыбдежым щыухащ. Ар щыхъукӀи, ″бгъу″ нэужьыр ″щэ″уэ зэрылъытар гурыӀуэгъуэщ: «бгъу<щэ».

″Бгъу″ псалъэм гурыӀуэгъуэ къищыӀыр щыӀэгъуэ ужьыгъуэм щыӀэгъуэ зэригъуэта ″блы″гъэр аргуэру зэрыджкӀэрэ (и) зызэриубгъуращи, мыр къэзыӀуэта ″бгъу″ нэужьым щыӀэгъуэ ужьыгъуэм теухуауэ къэӀуэтэн зэрыхуэмыныкъуэжыр гулъытапхъэщ. Мыбы къызэрыгуэкӀщи, ″бгъу<щэ″р зэрызекӀуар зэманыгъуэу мащӀэу къыщӀэкӀынкъым; ар мыпхуэдэу ″бжэн″ Ӏуэхур цӀыхум къызэригъэунэхум нэгъунэ зэрылъытар гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, функцэм хиубыдэ ″щы″ лӀэжьыгъуэхэм теухуа ″щы<щэ″р функцэ нэужьми щызекӀуэу ″бгъу<щэ″ри лъытащ. Мы зекӀуэкӀэм зэрыхэплъагъуэщи, наӀуэ къэхъуа ужьыгъуэ Ӏэнатӏэ нэужьрэ иджыри наӀуэ къэмыхъуа ужьыгъуэр ″щэ″м гурыӀуэгъуэ зэрищӀкӀэрэ ″щэ″р иужькӀэ мэкӀуатэр. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыӀуатэ щӀыкӀэу утыку къихьауэ зи гугъу тщӀа псалъэхэр иужькӀэ бжыгъэцӀэу зэрызекӀуэу зэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэщи, мы псалъэхэр зытеухуа щыӀэгъуэ ужьыгъуэр зэрыпыщэр къизыӀуэ ″щэ″ри ″бжэн″ лэжьэкӀэми мыбдежым и гугъу зэрытщӀам езэгъыу зэрыхэлэжьыхьари гурыӀуэгъуэнщ.

Зи гугъу тщӀа функцэр щыӀэгъуэм (щы) щыӀэгъуэ (щы) къызэрытехъукӀрэ щыӀэгъуэр (щы) зэрызекӀуэм (щэ) зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщи функцэр зэрызекӀуэр къызэрыӀуатэ щӀыкӀэр ″щы″рэ ″щэ″кӀэрэщ. ″Щэ″м и зекӀуэкӀэу ″щы″м ″щы″ къыхэхъукӀыныгъэри ″тӀыу″гъэкӀэрэ зэрыгъэзащӀэр гурыӀуэгъуэщи, функцэр зэрызэхэлъыр ″щы″рэ ″тӀыу″кӀэрэщ: дэтхэнэ зы ″щы″ лӀэужьыгъуэм къыкӀэлъыкӀуэр абы и ″тӀыу″гъэщи, мы ″тӀыу″гъэми ″щы″ лӀэужьыгъуэ къегъэщӀыр. ″Щы″м ″щы″ къыхэхъукӀыныгъэ ″щэ″р зэӀухауэ къызэрыӀуатэр ″щы – тӀыу – щы″ зэкӀэлъхьэужьыкӀэрэщ.

″Щы″м и ″тӀыу″гъэм ″щы″ къызэригъэхъу щӀыкӀэу мы зэкӀэлъхьэужьыкӀэр зэпыудыгъуэ зимыӀэу зэпыщӀа зэкӀэлъыкӀуэкӀэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, цӀыхум ″бжэн″ Ӏуэхур къызэригъэунэхуам лъабжьэ хуэхъуари мы зэкӀэлъхьэужьыкӀэрауэ жыӀэпхъэщ. ИкӀи мыпхуэдэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэу къекӀуэкӀ ӀэпэбжэкӀэм дэтхэнэ зы Ӏэхъуамбэр зэрылъытарэ къызэрыӀуэтари мы ″щы – тӀыу″ лӀэужьыгъуэхэр къызэрыӀуэтауэ зи гугъу тщӀа псалъэхэмрэ ахэр зэрызэкӀэлъхьэужьым теухауэщ.

″Щы″ кӀуэтэгъуэ ″щэ″р зэрызэӀуха щӀыкӀэкӀэ утыку къихьа функцэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэр функцэм хигъэзэщӀыхь къалэным теухуауэ къызэрыӀуатэ мы псалъэхэр цӀыхум ″бжэн″ Ӏуэхур къигъэунэхуа нэужь, бжыгъэхэр къызэрыӀуатэ бжыгъэцӀэхэу бзэм щызекӀуэу щӀидзащ. Мыбы зэрезэгъкӀэрэи, ″бжэн″ Ӏуэхугъуэрэ бжыгъэхэр лъыта нэужьми, иужь

дыдэ къэхъуа дэтхэнэ зы бжыгъэм щхьэщыкlыр аргуэру ″щэ″уэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, къэlуэта дэтхэнэ зы бжыгъэм щхьэщыкlрэ иджыри къэмыlуэтауэ къытпэщыт бжыгъэбэр ″щэ″уэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Бжыгъэр къыздынэсарэ иджыри къэмыlуатэ зы бжыгъэбэм нэмыщl, бжыгъэр къыздынэсарэ иджыри къэмыlуэтауэ къытпэщыт зы бжыгъапхъэри ″щэ″уэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. ″Щэ″р ″бжэн″ lуэхум мыпхуэдэу щызекlуэу щытагъэнти, икlэм икlэжым нобэ зэрылъыта зы бжыгъэцlэу бзэм къыхэнэжащ. Ауэ мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, адыгэбзэм иужь дыдэу къиlуэта нэхъ бжыгъэшхуэм щхьэщыкlыу иджыри къэмыlуэтар къызэрыlуэтапхъэр ″щэ″уэ зэрыщытым къызэрыгуэкlкlи, ″щэ″р адыгэбзэм и нэхъ бжыгъэшхуэр зыхуэфащэ бжыгъэцlэу лъытапхъэщ.

*

Щыlэгъуэр зэрызэпкъырыувэрэ и щыlэгъуэр зэрихьым теухуауэ утыку къихьа псалъэхэр цlыхум ″бжэн″ lуэху къыщигъэунэхум лъабжьэу илъытэрэ зэрихьэу щlидзауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ″Бжэн″ lуэхур цlыхум къыщигъэунэхум щыгъуэ, мы псалъэхэр къыригъэкlуэкl ″бжэн″ lуэхум и бжыгъэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэкlэ зэрихьэу зэрыщlидзаращ бзэ лэжьэкlэм къыхэщри, ″бжэн″ lуэхур япэу къызэрыригъэкlуэкlыр зэрыух щlыкlэу ″пщlы″р ″бгъу″ нэужьым зэрыпищар гурыlуэгъуэщ.

″Бжэн″ lуэхур lэпэбжэкlэу къыщlидзауэ ялъытэри, ″пщlы″мрэ абы къыкlэлъыкlуэ бжыгъипщlыр lэпэбжэкlэу къызэрекlуэкlар ахэр адыгэбзэм къызэриlуатэ бжыгъэцlэхэм къыхощыр. Ауэ адыгэбзэм ″пщlы″м нэгъунэ бжыгъэцlэхэр lэпэбжэкlэу къэхъуауэ жыпlэфыну зы тегъэщlапlэ иlэкъым. Ахэр ″бжэн″ lуэхум пымыщlауэ къэхъуарэ, ″бжэн″ lуэхугъуэри къэмыхъу ипэкlэlуэкlэ зи гугъу тщlа lуэхугъуэм теухуауэ бзэ лэжьэкlэм къызэригъэхъуар гурыlуэгъуэщ.

″Пщlы″ псалъэр зэрыухуарэ и мыхьэнэм щыгъуазэ ущыхуэхъу деж, ар (пщlы) зы ″10″ гупым теухуауэ къекlуэкl lуэхугъуэр зэрыгъэзэщlар къиlуатэу утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэ къыпхуохъур. ″Бжэн″ lуэхур lэпэбжэкlэу къэхъуауэщ зэралъытэри, ″пщlы″р утыку къызэрихьауэ зи гугъу тщlы мы ″10″ гупри lитlым и lэхъуамбэхэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

″Пщlы″ псалъэр lэпэбжэкlэм теухуауэ къэхъуа зы псалъэу лъытапхъэщи, ар мы lэпэбжэкlэрэ lэхъуэмбипщlым теухуа lуэхур зэрыгъэзэщlарэ зырыухар къызэрыlуэтакlэрэ занщlэу зы бжыгъэцlэу бзэм зэрыхэхьар гурыlуэгъуэщ. ″Пщlы″ псалъэм и мыхьэнэм ″а пщlыр″ жыхуиlэуи еджапхъэщ, икlи мы къекlуэкlа ″бжын″ lуэхугъуэу гъэзэ″щlа″м ″пlэ″ зэригъуэтауи еджапхъэщ. Мы гъэзэщlа lуэхур зы ″10″ гупым теухуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы lуэхур зэрыухам папщlэ, абы зы пщlэ зэригъуэтари жыlэпхъэщ. Ар (пщlы) ″пщlэ-ы → пщlы″ лъэныкъуэри зыхэзыубыдэу зэпкъырыува зы псалъэуи лъытапхъэщ. Ар

мы лъэныкъуитIри зыхэлъу лъытапхъэу къэхъуа зы псалъэщи, IитIым и Iэхъуамбэхэр (10) зэкIэлъыбжэным и ухыпIэр къизыIуэ псалъэу утыку къызэрихьар ″пщIы″ псалъэр зэрыухуа щIыкIэм хыболъагъуэр.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Iэхъуэмбипщlыр зэрыбжкIэрэ къекIуэкI Iэпэбжэкlэр зэрыгъэзащIэрэ зэрыухауэ утыку къихьа мы ″пщIы″ псалъэмрэ, Iэпэбжэкlэр абы (пщIы) нэгъунэ къызэрыIуэтауэ ″пщIы″м ипэIуэкIэ къэхъуауэ зи гугъу тщIы псалъэхэм я къэхъукIэр зэхуэдэкъым. IитIым пыт Iэхъуамбэхэр зэкIэлъхьэужьу бжарэ зэрыухарауэ жыIэпхъэщ ″пщIы″м гурыIуэгъуэ къищI закъуэр; мыр зэрыгъэзэщIаращ абы и пщIэри. Абы (пщIы) езым ипэ къихуэу Iэпэбжэкlэр къызэрекIуэкI бжыгъэцIэхэр къызтехъукIыжа псалъэхэм хуэдэ къэхъукIэрэ мыхьэнэ иIэкъым. ″ПщIы″м ипэ къихуэ бжыгъэхэр къызэрыIуатэ бжыгъэцIэхэр IэпэбжэкIэкIэ е нэгъуэщI зы бжэкIэкIэ къэхъуауэ тегъэщапIэ пщIыфыну зыгуэри щыIэкъым, икIи ахэр къызэрыхъуар мы лэжьыгъэм къыщыIуатэ щIыкIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

ЩыIэгъуэм теухуа Iуэхугъуэу къэхъуауэ зи гугъу тщIа псалъэхэр цIыхум ″бжэн″ Iуэхур къызэригъэунэхурэ япэрауи Iэпэбжэкlэу къызэрыригъэкIуэкIам лъабжьэ ищIыу къыщигъэсэбэпащ. ″Бжэн″ Iуэхугъуэр Iэпэбжэкlэу зэ къызэрыригъэкIуэкIыр ″пщIы″кIэ иуха нэужь, ар къыздыщекIуэкI Iэхъуамбэр зэрыухам ипкъ икIэ, ″бжэн″ Iуэхури зэфIэкIыу зэрыухарэ -зэ щхьэми- къызэрыувыIар гурыIуэгъуэнти, - щыIэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыIуатэу ″щы″ лIэужьыгъуэу къэунэхуарэ къэIуэтам щхьэщыкIыр ″щэ″уэ зэрилъытауэ щытам хуэдэу-, Iэпэбжэкlэ Iэнатlэу утыку къихьа ″пщIы″ бжыгъэм щхьэщыкIынызгъэр ″щэ″уэ лъытауэ жыIэпхъэщ: «пщIы<щэ».

Аращи, гъэзэщIа ″бжэн″ Iуэхугъуэм зэ щхьэ зы увыIэпIэ игъуэту, мы увыIэпIэм щхьэщыкIыр ″щэ″уэ лъытагъэнщ, икIи ″пщIы″м аргуэру бжыгъэ къыпыщэжыху зэманыгъуэуи мащIэ дэкIагъэнкъым. Ауэ ″бжэн″ Iуэхугъуэр къэунэхуарэ ″пщIы″ нэужьыр ″щэ″уэ (пщIы<щэ) лъытауэ къекIуэкIа зэманыгъуэр ″щы″ нэужьыр ″щэ″уэ (щы<щэ) зэрылъытауэ щытамрэ, ″блы″ нэужьыр ″щэ″уэ (блы<щэ) зэрылъытауэ щытам, икIи ″бгъу″ нэужьыр ″щэ″уэ (бгъу<щэ) зэрылъытам елъытауэ нэхъ зэманыгъуэ кIэщIыу къыщIэкIынт.

″Бгъу″м нэгъунэр бжыгъэцIэу зекIуэу зэрыщIидзам хуэдэжу, ″щэ″ри къызэрыхъуарэ зэрызекIуэу щытам зэрезэгъкIэрэ, иужь дыдэ къэIуэта бжыгъэм щхьэщыкIыр къыриIуэу бжыгъэ Iуэхугъуэми хэлэжьыхьу зэрыщытар жыIэпхъэщ. Мыбы япэрауэ зыкъыщигъэлъэгъуари ″бжэн″ Iуэхур Iэпэбжэкlэу къекIуэкIыу зэрыухым утыку къихьа ″пщIы″ бжыгъэм щхьэщыкIыр къыриIуэу зэрыщытар гулъытапхъэщ. Аращи, ″пщIы<щэ″р ″бжэн″ Iуэхур Iэпэбжэкlэу аргуэру къекIуэкIыу щIидзэжыху утыку зэритар гурыIуэгъуэщ.

"Пщlы"р зы бжыгъэцlэу зэрылъытарэ къызэрыlуэтар цlыхум къигъэунэхуа бжэн lуэхугъуэр "lэпэбжэкlэ"у зэ къызэрыригъэкlуэкlаращ къызтехъукlарэ къыщыхъуари, абы иужьми бжэн lуэхугъуэр аргуэру lэпэбжэкlэу къызэрекlуэкlар "пщlы" бжыгъэм къыпыщэж бжыгъэхэр адыгэбзэм къызэриlуатэ щlыкlэм хыболъагъуэр. Икlи, "пщlы"ым къыкlэлъыкlуэ бжыгъэцlэхэм аргуэру фlыуэ гурыlуэгъуэ къытхуащlыр аращи, lэпэбжэкlэр зэ къекlуэкlыгъуэу зэрыуха щlыкlэм "пщlы"р утыку къызэрыригъэхьауэ зэрыщытращ. Аращи, "пщlы"ым къыкlэлъыкlуэ бжыгъэхэр "пщlы"р утыку къызэрихьа lуэхур аргуэру зэрыгъэзэщlэж щlыкlэкlэщ къызэрыlуатэр. Икlи, мы бжыгъэхэр зэрызэпкъырыува щlыкlэм аргуэру фlыуэ гурыlуэгъуэ къызэращlщи, "бжэн" lуэхур къыздыщекlуэкlар зы "10" гупым теухуауэщ. Ари lэхъуэмбипщlыу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

lитlым и lэхъуамбэхэр зэрыбжкlэрэ lэпэбжэкlэр зэ къыщекlуэкlым утыку къихьар "пщlы"ращи, етlуанэу lэпэбжэкlэм щlидзэжу зэрыбжэр "пщlы"р утыку къызэрихьа бжапlэхэм (дэтхэнэ зы lэхъуамбэм) зыхуэкlуэжкlэрэ къызэрекlуэкlыр "пщlы" нэужь бжыгъэцlэхэм я зэпкъырыувэкlэм хыболъагъуэр. Аращи, "пщlы" нэужь бжыгъэхэр "пщlы"м тырибжэжурэ къызэриlуатэкlэрэщ мы бжыгъэцlэхэр зэрыухуар: «пщlыкlуз, пщlыкlутl, пщlыкlущ, пщlыкlуплl, пщlыкlутху, пщlыкlух, пщlыкlубл, пщlыкlуий, пщlыкlубгъу».

Мыбыхэм зэрыхэплъагъуэщи, lэпэбжэкlэу утыку къихьарэ зы увыlэпlэ зыгъуэта "пщlы"м къыкlэлъыкlуэ бжыгъэхэр "пщlы" бжыгъэм – езым ипэ къэlуэта- зы бжыгъэ цlыкlу къыпищэжурэщ къызэрыlуатэр. lэпэбжэкlэу lитlым и lэхъуамбэхэр "бжэн" lуэхур зэрызэфlэкlрэ зэрыухым "пщlы" псалъэр къытехъукlа нэужь, бжэн lуэхугъуэм зэрыпищэр мы lэпэбжэкlэр "пщlы"р утыку къызэрихьам хуэдэжу къызэрекlуэкlращ: "пщlы" нэужь "бжэн" lухур "пщlы"р утыку къызэрихьа лъагъуэм аргуэру зэрырикlуэжкlэрэщ зэрыгъэзащlэр.

"Пщlы"м къыкlэлъыкlуэ бжыгъэхэр къизыlуэ псалъэхэм щыгъуазэ ущыхуэхъукlэ, "бжэн" lуэхугъуэр lэпэбжэкlэу къызэрекlуэкlрэ дэтхэнэ зы lэхъуамбэр зы бжыгъэу зэрылъытэу къызэрекlуэкlыр; мы lэпэбжэкlэр япэрауэ щыухыр "пщlы"уэ зэрылъытар; мыр "пщlы" нэужьми ар дыдэу къызэрекlуэкl щlыкlэу, зы бжыгъэу лъыта lэхъуамбэм аргуэру зэрыхуэкlуэжрэ ар зы бжыгъэу "пщlы"м зэрыпыщэкlэрэ къызэрыlуатэу къызэрекlуэкlыр гулъытапхъэщ. Аращи, япэрейрэ зэ къекlуэкlа lэпэбжэкlэр зэрыухар къизыlуэ "пщlы" нэужьым дэтхэнэ зы бжыгъэр lэпэбжэкlэу "пщlы"м нэгъунэ бжауэ щыт дэтхэнэ зы lэхъуамбэм теухуа зы бжыгъэр "пщlы"м зэрытырибжэжкlэрэщ: «пщlыкlуэз (пщlы-кlу-зы), пщlыкlутl (пщlы-кlу-тlу), пщlыкlуэбгъу (пщlы-кlу-бгъу)».

"Пщlы" нэужь бжыгъэцlэхэр зэрыухуам нэхъ гъунэгъуу дыщеплъкlэ, мы къэтlуэтахэр нэхъ гурыlуэгъуэ къохъур. Псалъэм папщlэ, "пщlы"

нэужьым аргуэру Iэпэбжэкlэ къежьапlэу щыт ″зы″м аргуэру кlуэжрэ ар ″пщIы″м пищIэжурэщ ″пщIыкlуз″ псалъэр зэрызэпкъырыува щIыкlэр. ″ПщIы″ нэужь къэхъу дэтхэнэ зы бжыгъэр мыпхуэдэщ къызэрыIуатэри, ″пщIы″м тырибжэну бжыгъэр (зы) зытеухуа Iэхъуамбэм хуэкlуэрэ ар ″пщIы″м пищIэрэ зэдигъэкlуущ (кlуэ-ы → кlу) бжыгъэцIэр зэрызэпкъырыувэр. Мыбдежым щапхъэу къэтар ″пщIы″м къыкlэлъыкlуэ япэрей бжыгъэу ″пщIыкlуз″ращи, ар икIи ″пщIы″ нэужьым аргуэру Iэпэбжэкlэ къекlуэкIынур къыздыщежьэж щIыпIэращ: «″пщIы-кlуэ-ы-зы (″пщIы″ нэужь ″зы″м кlуэ(ж)и, ″пщIы″м ″зы″р дэгъэкlу)″ → ″пщIы-кlу-зы″ → ″пщIыкlуз″».

″ПщIы″р япэу къекlуэкIа Iэпэбжэкlэр зэрыгъэзэщIакlэрэ утыку къихьащи, дэтхэнэ зы Iэхъуамбэр зэрыбжкlэрэ къекlуэкIа мы ″бжэн″ Iуэхум хуэдэжу, ″пщIы″ нэужьри Iэхъуамбэ Iэхъуамбэу зэрыбжкlэрэ къызэрекlуэкIым ипкъ иткlэ, ″пщIы″м пищэжу къекlуэкIыну ″бжэн″ Iуэхури япэу къекlуэкIа ″бжэн″ Iуэхум хуэдэщи, ″пщIы-кlуэж″кlэрэ зыдэкlуэжыр ″пщIы″м ипэ илъытарэ зыблэкIа щIыпIэращ. Аращи, ″пщIы″ нэужь бжыгъэхэм мы кlуэжыныгъэр ″кlу″уэ къыхэщу, икIи а зыдэкlуэж Iэхъуамбэм теухуа бжыгъэр ″пщIы″м зэрыдищIыгъурэ зэрыдигъэкlур къыхэщыжущ ″пщIы″м къыкlэлъыкlуэ бжыгъэцIэхэр къызэрыIуатэр: «″пщIы-кlу{кlуэ(ж)→ кlу}-тlу″ → ″пщIыкlутl″».

″ПщIы″ нэужь бжыгъэхэр ″пщIы″р лъабжьэ зэрыхуэхъукlэрэ къызэрыIуатэр гурыIуэгъуэщ, икIи адыгэбзэм мы бжыгъэцIэхэр зэрыхэтри мыпхуэдэщ (пщIыкlуз, пщIыкlутl, пщIыкlущ...). Ауэ нобэ ди бзэщIэныгъэрэ литературэбзэм мы бжыгъэцIэхэр ″пщыкlуз, пщыкlутl, пщыкlущ...″ущ зэритхрэ къызэриIуатэри, мы псалъэхэр зэрыухуа щIыкlэр щIиуфэрэ хигъэгъуэщэжын щIэхъуам и лъабжьэр абы и бгъэдэхьэкlэращ: зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэр нэмылъ зыщI и бгъэдэхьэкlэращ.

″ПщIы″м къыпыщэж бжыгъэхэр мыпхуэдэу ″пщIы″м тырибжэжурэ ″пщIыкlубгъу″м носри, абы къыпыщэж бжыгъэри Iэпэбжэкlэ Iуэхугъуэр етIуанэу зэрыгъэзэщIарэ зэрыухам теухуауэ ″тlэу щIын″ Iуэхугъуэу къоIуатэр: «″тlэу щIы″ → тlэущI → тlощI».

Мыбдежым пыщапхъэщи, Iэпэбжэкlэу къыригъэкlуэкl ″бжэн″ Iуэхугъуэр къигъэунэхуарэ цIэимыIуэкlэрэ къыригъэкlуэкIыу щытIагъэнт цIыхуми, ″бжын, бжэн″ псалъэхэр и макъ мыхьэнэкlэрэ нэгъуэщI Iуэхугъуэ гуэрхэм теухуауэ бзэм къигъэщIарэ щызекlуэу щымытамэ, а псалъэхэр цIэимыIуэу къыригъэкlуэкIа мы Iуэхугъуэм теухуауэ щыухуарэ къыщыхъуари мыбдежрауэ къыщIэкIынщ. Мы къыригъэкlуэкIа Iуэхугъуэм гулъытэ зэрыхуищIыжыфыну щIыпIэращ ″пщIы″мрэ ″тlощI″ыр утыку къыщихьа нэужьыр, икIи нэхъ тегъэчыныхьауэ жыпIэмэ, мы псалъэхэр ″тощI″ыр утыку къихьа нэужьым къэхъуа псалъэхэу жыIэпхъэщ.

Япэрей Iэпэбжэкlэ lуэхугъуэр зэрыухарэ зэрыщlар къэзыlуатэр ″пщlы″ псалъэращи, мыр етlуанэу зэрыщlращ ″тlэущl – тlощl″ыр зэрыухуэр. Аращи, ″пщlы″р зэрыгъэзэщlам хуэдэу (Iэпэбжэкlэ) гъэзэщlауэ зэрыщытыр, икlи ″пщlы″р зыщыгъэзэщlа ″10″ гупым (Iэхъуэмбипщl) теухуауэ етlуанэ къекlуэкlыкlэу гъэзэщlарэ зэрыухар гурыlуэгъуэ къэзыщl зы псалъэщ ″тlощl″ыр.

″Тlощl″ыр ″тlэу щlын″ lуэхугъуэу, ″пщlы″р утыку къызэрихьар етlуанэу зэрыгъэзащlэу къэхъуа бжыгъэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ Iэпэбжэкlэу къэхъу бжыгъэр зэрыбагъуэр къизыlуэ зы псалъэщ. Ар бжыгъэ бэгъуэныгъэкlэ зы бжыгъэшхуэу Iэпэбжэкlэм къигъэхъуа зы бжыгъэщ. Iэпэбжэкlэри зэрыуха бжыгъэщ ″тlощ″ри, Iэпэбжэкlэм къытехъуакlа бжыгъэ бэгъуэныгъэ нэхъыщхьэ Iэнатlэпlэм иувауэ зы бжыгъэщ. ″Тlощl″ыр мы къызэрыхъуам ипкъ иткlэ, езым иужьрей бжыгъэхэми лъабжьэ яхуэхъуа бжыгъэу, бжэн lуэхугъуэ унэтlыпlэрэ бжыгъэ бэгъуапlэ пщалъэщ. Iэпэбжэкlэр етlуанэу къызэрекlуэкlкlэрэ утыку къихьа ″тlощl″ыр Iэпэбжэкlэми кlэ зэригъуэта зы бжыгъэу зэрыщытыр абы иужьрей бжыгъэцlэхэр зэрызэпкъырыува щlыкlэм гурыlуэгъуэ къащlыр. ″Тlощl″ыр езым къыкlэлъыкlуэу къекlуэкlыну ″бжэн″ lуэхугъуэр зытещlыхьыну лъабжьэ хъуа бжыгъэцlэщ.

″Бжэн″ lуэхугъуэр Iэпэбжэкlэу япэу къекlуэкlыу ″пщlы″р утыку къихьа нэужь, Iэпэбжэкlэр аргуэру къекlуэкlыным зы зэманыгъуэ ихьауэ къыщlэкlынщ. Ауэ, ″пщlы″ нэужь къэхъу мы бжыгъэхэм (п.п: ″пщlыкlуз″ымрэ ″пщlыкlутl″ым) я зэхуакум зы увыlэгъуэрэ зэманыгъуэ дэлъу зэрыщымытынури гурыlуэгъуэщ. Ар щхьэ, ″пщlы″м хуэдэу Iэпэбжэкlэр къызэрекlуэкlрэ зэрыухыу утыку къихьа зы бжыгъэщ ″тlощl″ри, абы иужьым бжыгъэ къэхъуныгъэми зы зэманыгъуэфl ихьауэ жыlэпхъэщ. ″Бжэн″ lуэхур къызэрежьа Iэпэбжэкlэм ухыпlэ зэригъуэта ″тlощl″ иужьым зы зэманыгъуэкlэ ″бжэн″ lуэхури къыпыщэжагъэнкъым. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″тlощl″ыр утыку къихьа нэужь, абы щхьэщыкl куэдагъэр иджыри бжыгъэу къэмыlуэтауэ ″щэ″уэ лъытэу зэрыщытар жыlэпхъэщи, мыри зы зэманыгъуэфlкlэ утыку итагъэнщ: «тlощl<щэ».

*

″Тощl″ыр утыку къихьа нэужь зы зэманыгъуэкlэ бжэн lуэхур къемыкlуэкlыу зэтеувыlауэ жытlагъэххэщи, игъуэр къэсрэ ″тlощl″ нэужьми ″бжэн″ lуэхугъуэр къыпыщэжрэ бжыгъэцlэщlэхэр утыку къыщихьэм щыгъуэ, мы бжыгъэцlэхэр къызэрыlуэтэнум лъабжьэ хуэхъуар ″тlощl″ращ. ″Тlощl″ нэужь бжыгъэцlэхэр ″тlощl″ым къытехъукlыж псалъэхэущ зэрызэпкъырыувэр. ″Тlощl″ нэужь бжыгъэхэр утыку къызэрихьэр Iэпэбжэкlэм теухуауэкъыми, ″бжэн″ lуэхугъуэр Iэпэбжэкlэ хуэмыныкъуэу щхьэжу къекlуэкlыу щlидзауэ жыlэпхъэщ.

″Тlощl″ нэужь бжыгъэхэр ″тlощl″ым къыхэхъуэрэ ″тlощl″ым ипэ къэхъуа бжыгъэхэр ″тlощl″ым къызэрыпыщэжкlэрэщ къызэрыlуатэр:

«тIощIрэ зы(рэ) (21), ...., тIощIрэ бгъу(рэ) (29), тIощIрэ пщIы(рэ) (30), тIощIрэ пщIыкIутI(рэ) (32), ...., тIощIрэ пщIыкIуий(рэ) (38)».

"ТIощI"ыр зы бжыгъэ пщалъэ хъуащи, ар зэрыбагъуэрэ "тIощI-тIощI"кIэрэ хэхъуэ бжыгъэхэр къызэрыIуэтэну щIыкIэри мыпхуэдэщ: «тIощIитI (40), тIощIищ (60), тIощIиплI (80)....».

"Бжыгъэ"р куэдагъэрэ бэгъуэныгъэм теухуауэ зэрызекIуэм ипкъ иткIэ, "тI" зыхэт бжыгъэхэр нэхъ куэдагъэрэ бэгъуэныгъэ къизыIуэ бжыгъэущ зэрыгурыIуэгъуэнур. Мыр "тI" макъ мыхьэнэм елъытащ, икIи "тIощI"ым и пщIэри мырауэ жыIэпхъэщ къызхэкIыр. "ТощI"ыр мыпхуэдэ зы бжыгъэцIэу зэрыщытым нэмыщI, абы и бэгъуэныгъэу утыку къихьа мы бжыгъэхэри куэдагъэрэ бэгъуэныгъэкIэ пщIэ зиIэ бжыгъэцIэхэщ. Ауэ "тIощI"ыр тIууэ зэрыбагъуэрэ "тI"ыр тIууэ зыхэт "тIощIитI"ыр нэхъ бжыгъэшхуэущ къызэрытщыхъур. БжыгъэкIэ гъэнщIа нобэрей щIэблэм ар мыпхуэдэу къащымыхъуми, Адыгэ нэхъыжьхэм ноби "тощIитI"ыр къазэрыщыхъур мыпхуэдэщ. Мыбы къыщымынэу, "тIощIитI" бжыгъэр Адыгэм имызакъуэу, дэтхэнэ зы лъэпкъым и нэхъыжьхэми бжыгъэшхуэу къызэрыщыхъум урохьэлIэр.

"ТIощI"ыр зэрыбагъуэу утыку къихьа мы бжыгъэхэм нэмыщI, "тIощI"ымрэ абы и бэгъуэныгъэу утыку къихьа мы бжыгъэхэр "пщIы"кIэ зэрыхэхъуэ бжыгъэхэри къохъур. Мы бжыгъэхэр абыхэм ("тIощI"рэ и бэгъуэныгъэ бжыгъэхэм) "пщIы" къызэрыхэхъуэжкIэщ къызэрыIуатэр: «тIощIрэ пщIы(рэ) (30), тIощIитIрэ пщIы(рэ) (50), тIощIищрэ пщIы(рэ) (70), тIощIиплIрэ пщIы(рэ) (90)».

"ТIощI"ымрэ ар лъабжьэ зыхуэхъуу утыку къихьа мы бжыгъэхэм дэтхэнэ зым къыпыщэж бжыгъэхэр къызэрыIуатэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «тIощIрэ тIу(рэ) (22), тIощIрэ пщIыкIух(рэ) (36), тIощIитIрэ зы(рэ) (41), тIощIитIрэ пщIыкIуплI(рэ) (54), тIощIищрэ щы(рэ) (63), тIощIищрэ пщIыкIутху(рэ) (75), тIощIиплIрэ бгъу(рэ) (89), тIощIиплIрэ пщIыкIуий(рэ) (98)».

"ТIощI"ыр бжыгъэ бэгъуэныгъэ пщалъэу лъыта нэужь, абы къыпыщэжу къэхъуну дэтхэнэ зы бжыгъэр ипщэкIэ къызэрыта щIыкIэм хуэдэу "тIощI"ым къытехъукIыжурэ къызэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэнщ. Мы къэта щапхъэхэр ноби зетхьэ бжыгъэхэм щыщщ, ауэ адыгэбзэм зы бжыгъэ пщалъэу "тIощI"ыр зы зэманыгуэфIкIэ зэрихьэу зэрыщытар гурыIуэгъуэщи, мы къэта щапхъэхэм щхьэщыкI бжыгъэхэри "тIощI"ым къытехъукIыжу къэIуатэу щытагъэнщ, икIи мы къэIуэтэкIэр ноби нэхъыжьхэм дежкIэ зэрымыгъэщIэгъуэныр гулъытапхъэщ: «тIощIитху (100), тIощIитхурэ пщIырэ (110), тIощIих (120), тIощIипщI (200),...».

"ТIощI"ыр утыку къихьа нэужь, абы къыкIэлъыкIуэ бжыгъэхэр къызэрыIуатэр зы бжыгъэ пщалъэу лъыта "тIощI"ым зэрытебжэжкIэрэщи, мыпхуэдэ къэIуэтэкIэр гугъуехьыгъуэм щыхэхуэм щыгъуэ, бзэм ар къызэриIуэтэну зы бжыгъэ пщалъэ къызэригъэщIынури гурыIуэгъуэнщ.

Мы псалъэр игъэпэжу жыӀэпхъэщи, бжыгъэшхуэ гуэрхэр ″тӀощӀ″ лъабжьэкӀэрэ къызэрыӀуатэ щӀыкӀэр гугъу зэрыхъум и щапхъэу лъытапхъэщ мыхэр: «тӀощӀипщӀрэ пщӀы(рэ)(!) (210),..., тӀощӀитӀощӀ(!) (400)».

*

Бжыгъэхэр ″тӀощӀ″ лъабжьэкӀэрэ къызэрыӀуатэр мы къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэм хуэдэу гугъехьыгъуэм хуэкӀуа нэужь, бзэм абы зы хэкӀыгъуапӀэ къызэрыхуигъуэтынури гурыӀуэгъуэщ. Аращи, Ӏуэхур мыбы хуэкӀуа нэужь, къытыригъэззэжу бжыгъэ къэӀуэтэкӀэм зы хэкӀыпӀэ къыхуигъуэтыжауэ къыщӀэкӀынщ, е мы гугъуехьыгъуэр къэмыхъу ипэ, утыку къихьа бжыгъэшхуэ лъабжьэу ″тӀощӀ″кӀэрэ къэӀуэтэну бжыгъэхэми зы ухыпӀэ хуигъэуву, мы къэӀуэтэкӀэм и ухыпӀэ нэужьыр къызэрыӀуэтэну зы хэкӀыпӀэ къыхуигъэувагъэнщ.

Мы хэкӀыпӀэр сытым дежрэ дауэ къигъуэтами, ″тӀощӀ″ыр бжыгъэшхуэ лъабжьэу зэрылъытэкӀэрэ къэӀуэтэфыну бжыгъэхэм зы ухыпӀэ ириту, абы иужьрей бжыгъэхэр ″щэ″уэ зэрилъытар гурыӀуэгъуэщ. Аращи, ″тӀощӀ″ыр бжыгъэшхуэ къэӀуэтэнкӀэ гугъуехьыгъуэ щихуэм щыгъуэ, абы и хэкӀыгъуапӀэр зэрыгъэзэщӀар и макъ мыхьэнэрэ къалэным щыгъуазэ дызхуэхъуам зэрезэгъкӀэрэ мыбжыфын хуэдизу куэдыӀуэр зэрылъытэрэ къызэрыӀуэтапхъэр ″щэ″уэщ. Мы псалъэми гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, ″тӀощӀ″кӀэрэ къэӀуэтэныр гугъуехьыгъуэ щихуэм деж, абы и хэкӀыгъуапӀэу ″щэ″м зыкъызэригъэлъагъуэр зы бжыгъэр къэӀуэтэн папщӀэрагъэнтэкъыми, бжыгъэ лъабжьэ хъуа ″тӀощӀ″кӀэрэи къэбъбжыфынум щхьэщыкӀрэ тыншу умыбжыфын хуэдизу кудагъ зиӀэр зэрылъытэрэ гурыӀуэгъуэ щӀын папщӀэрагъэнт.

″ТӀощӀ″ыр ӀэпэбжэкӀэр етӀуанэу зэрыгъэзащӀэкӀэрэ утыку къихьа зы бжыгъэцӀэу, ″бжэн″ Ӏуэхур зэ щхьэ зэрыувыӀарэ ӀэпэбжэкӀэри зэрыухам ипкъ иткӀэ а нэхъ бжыгъэшхуэу утыку итаращи, абы щхьэщыкӀыр ″щэ″уэ зэрылъытапхъэр жытӀагъэххэщ (тӀощӀ<щэ). Ауэ игъуэр къэсрэ аргуэру ″бжэн″ Ӏуэхур аргуэру къекӀуэкӀын хуей щыхъум, къыпыщэну бжыгъэхэр - ӀэпэбжэкӀэ Ӏуэху хэмытыжу- ″тӀощӀ″ыр зы бжыгъэ пщалъэу зэрылъытэрэ лъабжьэ язэрыхуэхъукӀэрэ къэӀуатэу зэрыщӀидзари жытӀагъэхэщи, мы бжэкӀэр гугъуехьыпӀэ щӀихуэм деж, ″тӀощӀ″ым щхьэщыкӀыр къызэрыӀуэтапхъэу ″щэ″м зыкъызэригъэлъэгъуэнури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, ″щэ″м зыкъызэригъэлъэгъуа щӀыкӀэр бжыгъэ пщалъэу утыку ит ″тӀощӀ″ лъабжьэкӀэрэ бжэныр гугъуехьыпӀэ зэриувэрэ умыбжыфын хуэдизу бжыгъэшхуэхэр гурыӀуэгъуэ щӀын папщӀэрагъэнти, мыпхуэдэу ″тӀощӀ″ лъабжьэкӀэрэ къэмыӀуэтэфын хуэдиз бжыгъэшхуэхэм зыкъызэрагъэлъагъуэм и щхьэусыгъуэри, ″щэ″р кӀуэ пэтрэ ″100″м теухуа зы бжыгъэцӀэу къызэрытенэжын щӀэхъуам и щхьэусыгъуэри Адыгэ щӀыбым къыщекӀуэкӀ бжыгъэ къэӀуэтэкӀэ хабзэр кӀуэ пэтрэ лъэщ зэрыхъум теухуауэ жыӀэпхъэщ. Арагъэнщи, ″10″ лъабжьэкӀэрэ къэӀуэтэн

хабзэу адыгэбзэ щlыбым къыщыхъуарэ бжыгъэ къэlуэтэнкlэ лъэщрэ ерыщу къекlуэкlыу щlэзыдза хабзэр адыгэбзэм и бжыгъэ къэlуэтэкlэри дикъузэу зэрыхуежьэм къызэрыгуэкlщи, адыгэбзэм бжыгъэшхуэхэр къиlуэтэн хуей хъуащ, икlи "щэ"ри а бжыгъэ къэlуэтэкlэ хабзэм зэрезэгъкlэрэ "100"м къытенэжын хуей хъуащ.

Нобэ "100"р къызэрыlуатэ псалъэущ "щэ"р адыгэбзэм зы бжыгъэцlэу зэрыхэтри, "щэ"р "100"м къызэрытенэжам щхьэусыгъуэ хуэхъуар - зэрыжытlауэ- бжыгъэхэр "10" пщалъэрэ лъабжьэкlэрэ къэзыlуатэу зи гугъу тщlа хамэ бжэкlэ хабзэм зыкъызэригъэлъэгъуаращ. Ауэ "бжэн" lуэхур lэпэбжэкlэу къежьарэ ари lэхъуэмбипщlыу зы "10" гупым теухуауэ къекlуэкlащи, мыпхуэдэу утыку къихьа "пщlы"ри зы бжыгъэ пщалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, "10" лъабжьэкlэ бжыгъэ къэlуэтэныгъэр адыгэбзэ бжыгъэхэр къызэрыхъуам емызэгъыщэнуи жыlэпхъэкъым. Ауэ мыбы теухуауэ иджыри жыlэпхъэхэр щыlэщи, къыпытщэнщ.

"Тlощl"ыр зэрылъабжьэкlэрэ къекlуэкlыу щlэзыдза "бжэн" lуэхугъуэм къыкlэлъыкlуэущ "щэ"р "100"ым и бжыгъэцlэу утыку къызэрихьари, ар "тlощlитху"щ. "Тlощl"ри lэпэбжэкlэр тlэу зэрыгъэзащlэу утыку къихьа зы псалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ; "тlощl"ыр мы утыку къызэрихьарэ абы лъабжьэ хуэхъуар "пщlы"щи, "100"р икlи "пщlипщl"щ. Аращи, "бжэн" lуэхугъуэр lэпэбжэкlэу къежьарэ lэхъуэмбипщlыр зэрыуха зэ къекlуэкlыгъуэм утыку къыригъэхьаращ "пщlы"ри, "пщlы"р мы утыку къызэрихьарэ зытеухуа гупым (10) хуэдиз бжыгъэкlэ (10) къыщекlуэкlым (пщlыр пщlыкlэрэ) къэхъу "100" бжыгъэм "щэ"р зы бжыгъэцlэу хуэфащэ зэрыхэхъунури гулъытапхъэщ.

Ауэ, мы къэтlуэтахэр "10"мрэ "100"м я зэхущытыкlэращ зытеухуари, ари "10"р бжыгъэ къэlуэтэкlэ лъабжьэ зыщlа бжэкlэ хабзэр зытет лъагъуэращ зытеухуар. Мы къэтlуэтахэр "10"рэ "100"р зэрызэхущытым теухуауэ адыгэбзэ лъэныкъуэмкlи жыlэпхъэт, ауэ мы жыlэпхъэхэр "10"мрэ "100"р адыгэбзэм къызэриlуатэ псалъэхэр къызэрыхъуа щlыкlэм теухуакъым. Икlи, "пщlы" нэужь къэхъуа "тlощl"ыр къызэрыхъуарэ утыку зэрита щlыкlэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, бзэм зы бжыгъэ пщалъэу илъытарэ къыкlэлъыкlуэ бжыгъэхэр къэlуэтэным лъабжьэ хуищlа "тlощl"ыр ибгынэжу "пщlы"м зэрыхуэмыкlуэжынур гурыlуэгъуэнщ. Бзэм бжэн хабзэр зэрызэпкъырыуварэ зэрызекlуэ бжыгъэ пщалъэ "тlощl"ыр ибгынэрэ абы "пщlы"р пщалъэрэ лъабжьэ зэрыхуищlыжкlэрэ зэригъакlуэу зэрыщlимыдзэжынур гурыlуэгъуащэщ. Аращи, "щэ"р "100"м къызэрытенэжам щхьэусыгъуэ хуэхъуар "10" лъабжьэу къекlуэкl хамэбзэ бжэкlэ хабзэращ.

"Тlощl"ыр бжыгъэ пщалъэ зыхуэхъуа бжэкlэ хабзэм тет зы бзэм "тlощlитху"у къиlуэтэф "100" бжыгъэр занщlэу "щэ"уэ илъытэжауэ жыlэпхъэкъым. Ар хамэбзэ бжэкlэ хабзэм зыкъызэригъэлъагъуэм

къыхэкIа зы Iуэхугъуэу лъытапхъэщи, япэу ″тIощI″кIэрэ къэIуэтэгъуейр ″щэ″уэ лъытэу щIидзагъэнти, икIэм икIэжым ″тIощIитху″мрэ щхьэщыкI бжыгъэр ″щэ″уэ лъытагъэнщ: «100≤щэ». Мыпхуэдэу зэрылъытакIэрэ зы зэманыгъуэи къекIуэкIагъэнщ, ауэ ″тIощI″ лъабжьэкIэ къэIуэтэгъуейуэ щытрэ къэIуэтэнкIэ адыгэбзэри зыхуэныкъуэ хъуа бжыгъэшхуэхэр къэIуэтэн папщIэ, икIэм икIэжым ″тIощIитху″м (″пщIипщI″ым) теухуауэ ″щэ″р мы бжыгъэ закъуэм къытенэжагъэнщ: «щэ → 100».

″Щэ″м и мыхьэнэрэ и къалэныр гурыIуэгъуэщи, ар зы бжыгъэцIэ щыхъум деж, абы къиIуэтэну хуэфащэр а нэхъ бжыгъэшхуэращ. Ауэ ″щэ″р ″100″м теухуауэ зыкъыщигъэлъэгъуам щыгъуэр, ″100″ бжыгъэр цIыхур зыхуэмыныкъуэн хуэдизу бжыгъэшхуэуи къыщIэкIынт. Бжыгъэ Iуэхугъуэу ″щэ″м хуэфащэр умыбжыфын хуэдизкIэ бжыгъэшхуэщи, ″бжэн″ Iуэхугъуэр къыздынэсарэ бжыгъэу къэIуэтам щхьэщыкIыныгъэрщ. ″Щэ″р зытеухуа ″100″р зы бжыгъэшхуэу щытами, нобэ бжыгъэшхуэу мылъытапхъэ ″100″м и бжыгъэцIэу бзэм къыхэнэжащ.

″Щэ″р зы бжыгъэцIэу ″100″м къытенэжа нэужьым, абы къыпыщэж бжыгъэхэр зэрыгуэрыIуэгъуэу ″щэ″кIэрэ къежьэущ къызэрыбжын хуейри, бжыгъэцIэ зэпкъырыувэкIэ хабзэ зэрыхъуам ипкъ иткIэ, ″щэ (100)″м щхьэщыкI бжыгъэхэр ″щэ (100)″м тырибжэжрэ ″щэ (100)″р зэригъэбагъуэкIэрэщ къызэрыIуатэр: «122 (щэрэ тIощIрэ тIу(рэ)), 345 (щищрэ тIощIитIрэ тху(рэ)), 900 (щибгъу)»; «1000 (щипщI), 1225 (щэ пщIыкIущрэ тху(рэ)); 2000 (щэ тIощI); 2010 (щэ тIощIрэ пщIы(рэ), 3000 (щэуэ тIощIрэ пщIы)».

Мы щапхъэхэм щыщу иужькIэ пыщэжахэр нобэ мыпхуэдэу къызэрымыIуатэр гуэрыIуэгъуэщ. Ауэ мы къэта къэIуэтэкIэр зы Адыгэм зэримыгъэщIагъуэрэ щыуагъэуи зэримылъытэр гулъытапхъэщи, мыбы и лъабжьэр ″щэ″р а нэхъ бжыгъэшхуэу, дэтхэнэ зы бжыгъэшхуэр ар (щэ) бжыгъэцIэ зыхуэхъуа ″100″кIэрэ къэIуэтэфыну зэрилъытэрагъэнщ. Ауэ куэдагъ къэIуэтапхъэкIэ багъуэу щIэзыдза цIыху зэхэтыкIэм бжыгъэшхуэхэр ″щэ (100)″ лъабжьэкIэ къэIуэтэнри гугъуехьыгъуэм хурехулIэри, цIыхур нэгъуэщI бжыгъэшхуэ пщалъэм хуэныкъуэ мэхъур. Мы къэта щапхъэхэм и иужьрейхэми хыболъагъуэр ″щэ(100)″ лъабжьэкIэрэ бжыгъэшхуэ гуэрхэр гугъехьыгъуэм зэрыхуэкIуэри, абыхэм елъытауэ нэхъ бжыгъэшхуэхэр ″щэ″кIэрэ къэIуэтэныр нэхъри гугъу мэхъур. Бжыгъэ къэIуэтэныр мыпхуэдэ гугъуехьыгъуэм хуэкIуэрэ ″щэ″м нэхъ ин бжыгъэшхуэ пщалъэ хуэныкъуэ щыхъукIэ, мыр нэгъуэщIыбзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхуокIуэри, ар ″1000″р къизыIуэ ″мин″ псалъэращ.

*

″Мин″ыр адыгэбзэм мы къызэрыхэхьа щIыкIэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр аращи, ″щэ″ псалъэр ″100″ бжыгъэм къызэрытенэжам щхьэусыгъуэ хуэхъуа хамэ бжэкIэ хабзэм нэхъри зыкъызэригъэлъагъуэрэ

гъащӏэрэ бжыгъэ зекӏуэкӏэм тепщэ зэрыхуэхъуращи, и бжыгъэцӏэри адыгэбзэм занщӏэу къыхэхьэу щӏидзащ.

"Мин" псалъэр хамэбзэу адыгэбзэм къыхэхьа нэужь, "1000"м щхьэщыкӏ бжыгъэхэри зэрыигъуэу "мин"ыр зэрилъабжьэкӏэрэщ къызэрыӏуатэр. Нытӏэ, "щэ" лъабжьэкӏэ къэӏуатэ щапхъэхэу ипэкӏэ къэта бжыгъэ гуэрхэр "мин"кӏэрэ къызэрыӏуатэм деплъыжынщ: «1000 (мин), 1225 (минрэ щитӏрэ тӏощӏрэ тху(рэ)); 2000 (минитӏ); 2010 (минитӏрэ пщӏы(рэ), 3000 (минищ)». Мыбы къыпытщэжмэ: «1864 (минрэ щийрэ тӏощӏищрэ плӏы(рэ)».

Адыгэбзэ бжыгъэцӏэхэр зэрызэпкъырыувамрэ къызрыӏуатэм теухуа жыӏэпхъэр ипщэкӏэ къыщытӏуэтащ. Хамэбзэ бжэкӏэ хабзэр лъэщ зэрыхъум къыхэкӏыу къыхэхьа бжыгъэцӏэхэм нэмыщӏ, адыгэбзэм и бжэкӏэ хабзэ гуэрхэри зи гугъу тщӏы хамэбзэ бжэкӏэ хабзэм егъэкӏуныгъэкӏэ зэрызэхъуэкӏари гурыӏуэгъуэщ. Адыгэбзэ бжыгъэцӏэхэр къэӏуэтэгъуафӏэ щӏын гугъэкӏэ гъунэгъу зэманыгъуэхэм адыгэбзэ бжыгъэцӏэхэр хамэбзэхэм къызэраӏуатэ щӏыкӏэм ирагъэкӏужащ. Ауэ бэзэрым техьэным теухуауэ мыри адыгэбзэ бжыгъэцӏэхэм щхьэпэшхуэ къыхуэхъуауэ жыӏэпхъэкъым.

Аращи, "пщӏы"р зытеухуауэ "щӏа"р етӏуанэу зэрыгъэзащӏэу утыку къихьа "тӏощӏ" псалъэр зэрыухуа щӏыкӏэущ нобэ адыгэбзэ пщӏанэ бжыгъэцӏэхэр къызэрыӏуатэ хъуари, ахэр къызэрыӏуатэм деплъынщ: «пщӏы, тӏощӏ, щэщӏ, плӏыщӏ, тхущӏ, хыщӏ, блыщӏ, ищӏ, бгъущӏ».

Нытӏэ, ипэкӏэ къэта бжыгъэ щапхъэ гуэрхэр мыпхуэдэу къызэрыӏуэтэжым деплъыжынщ: «тӏощӏитӏ (40)→ плӏыщӏ; тӏощӏищ (60)→ хыщӏ; тӏощӏиплӏ (80)→ ищӏ»; «тӏощӏрэ пщӏы(рэ) (30)→ щэщӏ; тӏощӏитӏрэ пщӏы(рэ) (50)→ тхущӏ; тӏощӏищрэ пщӏы(рэ) (70)→ блыщӏ; тӏощӏиплӏрэ пщӏы(рэ) (90)→ бгъущӏ»; «тӏощӏрэ тӏу(рэ) (22); тӏощӏрэ пщӏыкӏух(рэ) (36)→ щэщӏрэ хы(рэ); тӏощӏитӏрэ зы(рэ) (41)→ плӏыщӏрэ зы(рэ); тӏощӏитӏрэ пщӏыкӏуплӏ(рэ) (54)→ тхущӏрэ плӏы(рэ); тӏощӏищрэ щы(рэ) (63)→ хыщӏрэ щы(рэ); тӏощӏищрэ пщӏыкӏутху(рэ) (75)→ блыщӏрэ тху(рэ); тӏощӏиплӏрэ бгъу(рэ) (89)→ ищӏрэ бгъу(рэ), тӏощӏиплӏрэ пщӏыкӏуий(рэ) (98)→ бгъущӏрэ и(рэ)»; «345 (щищрэ плӏыщӏрэ тху(рэ)); 1225 (минрэ щитӏрэ тӏощӏрэ тху(рэ))»; «1864 (минрэ щийрэ хыщӏрэ плӏы(рэ)».

Адыгэбзэм "80" бжыгъэр "пщӏей"уи къызэрыӏуатэр гурыӏуэгъуэщи, мыбыи и гугъу щӏыпхъэщ. Нэгъуэщӏ пщӏанэ бжыгъэхэр "пщӏей"м хуэдэу къэӏуатэу зэрыщымытари гурыӏуэгъуэщ. Ауэ нобэ "80"м нэмыщӏ пщӏанэ бжыгъэхэри "пщӏы" лъабжьэкӏэрэ къэӏуэтэфыну ялъытащ: «пщӏы, пщӏитӏ, пщӏищ, пщӏиплӏ, пщӏитху, пщӏих, пщӏибл, пщӏий, пщӏибгъу».

"80" бжыгъэм хуэӏуауэ "пщӏей"р къызэрыхъуам езым хуэӏуа зы лъабжьэ зэриӏэжыр гулъытапхъэщ. Ар (пщӏей) икӏи "тӏощӏиплӏ" къэӏуэтэкӏэм къыкӏэлъыкӏэуэу къэхъуа зы къэӏуэтэкӏэщи, ар иужькӏэ

къэlуэтэкlэ хабзэ хъуауэ зи гугъу тщlа "ищl"ым ипэкlэ къэхъуа къэlуэтэкlэщ.

"Пщlей"р "пщlий"м (пщlы-и → пщlий) къытехъукlауэ ("пщlыуэ и" мыхьэнэкlэрэ "пщlы-э-и → пщlэи, пщlеи→ пщlей) жыlэпхъэщ. Икlи мы бжыгъэр (80) "тlощl" лlэужьыгъуэу "тlощlиплl"щи, ар икlи "пщlы" лlэужьыгъуэу "пщlей"уэ къызэрыlуатэм и лъабжьэр "тlощlиплl"ым и пщlэрагъэнщ. Мы лъэныкъуитlри зыхиубыдэу, "пщlей"р пщlэ зыгъуэта бжыгъэ lэнатlэу щыт "пщlы"р зэрыбагъуэу хъуурэ зэрызекlуэкlэрэ "пщlы зей, пщlыкlэрэ кlуэ, пщlырэ икlуэ" хуэдэ мыхьэнэ зиlэу зы псалъэуи лъытапхъэщ. "Пщlы"м езыр "пщlэ" зиlэу утыку къихьа зы бжыгъэ лъабжьэ lэнатlэщи, "пщlей"р икlи "пщlэ зей, пщlэ зыкlуэ"уи лъытапхъэщ.Аращи, къытпэщытыр бжыгъэ lуэхуу зэрыщыткlэрэ, "пщlей"р "пщlы"м теухуауи, "пщlы"ым и "пщlэ"м теухуауи лъытапхъэщ.

Щхьэжу "пщlей" псалъэр къызэрыхъуарэ "тlощlиплl"ым зэрыхуэфащэ хъуам нэмыщl, "щэ" псалъэр "100"м и бжыгъэцlэу къызэрытенам теухуауэ жытlахэр дигу къэдгъэкlыжмэ, ар мыпхуэдэу зы бжыгъэм къытенэжа нэужьрагъэнщ "тlощlиплl"ыр икlи "пщlей"уэ ("пщlанэ" лъабжьэкlэрэ) къэlуатэу зэрыщlидзар.

*

Адыгэбзэм и бжыгъэхэр ноби хамэбзэ бжыгъэхэм хуэдэу бэзэрым тыншу техьэрэ къыщекlуэкlыу жыlэпхъэкъым. Мыпхуэдэу зэрыщытым и лъабжьэрэ и щхьэусыгъуэр Адыгэ лъэпкъ зэхэтыкlэмрэ и бзэм елъытауэ къыщlэкlынщ. Адыгэбзэр макъыбзэщи, абы и псалъэхэм зыгуэрыр и щыlэгъуэрэ и щыlэкlэкlэщ утыку къызэралъхьэри, дэтхэнэ зы псалъэм ар зэрыухуа макъхэр къызэрыхъуам хунэс лъапсэрэ мыхьэнэ кууагъ иlэщ. Мыбы къызэрыгуэкlщи, щыlэгъуэ мыхьэнэ зимыlэрэ щыlэхэм тежыкlыхьынкlэрэ къекlуэкl "бжэн" lуэхугъуэрэ абы и бжыгъэхэм хуэдэу жыlэпхъэкъым адыгэбзэм и бжыгъэцlэхэри, зытеухуар гурыlуэгъуэ зэримыщlын щlыкlэкlэ мыхьэнэншагъэрэ псынщlэрыкlуэу къекlуэкlыфу къыщlэкlынкъым. Бжыгъэрэ "бжэн" lуэху къекlуэкlыкlэр мыхьэнэншэрэ псынщlэрыкlуэ къекlуэкlыкlэщи, адыгэбзэ псалъэхэр я мыхьэнэр ябгынэу мы къекlуэкlыкlэм зырагъэкlуфу къыщlэкlынкъым. Аращи, адыгэбзэ бжыгъэхэр бэзэрым тыншу зэрытемыхьэм и щхьэусыгъуэм щыщ зыр лъэпкъым и псэукlэмрэ къыригъуэгурыкlуарамэ, адрейри мыбыи пыщlарэ дэщlыгъуу ухуа зы lуэхугъуэу, и бжыгъэхэр къызэрыlуатэ псалъэхэр къызэрыхъуа щlыкlэмрэ абыхэм я лъабжьэм щlэлъ философиерауэ жыlэпхъэщ.

Мы псалъэхэм къызэрагъэпэжщи, дунейр бжэнрэ бжыгъэбэ зэрыхъуарэ символыр зытеухуа щыlэгъуэр дигуэжу псынщlэрылажьэу щызокlуэр ди лъэхъэнэми, къызэрыхъуа щlыкlэрэ иджыри зытетыжыр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа адыгэбзэ бжыгъэхэр фlырыфlкlэ щызекlуэкъым. Дунейм дэтхэнэ и зы щlыпlэр бэзэр щыхъуа нобэрей сивилизацэм

зыкъигъэлъагъуэрэ лъэщ хъууэ щыщӀидзэм пасэрейрэ Адыгэ сивилизацэр еужьыху зэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэнщи, сивилизацэщӀэр зэрызекӀуэм емызэгъыну адыгэбзэ бжыгъэцӀэхэри абы зыригъэкӀуу щӀидза щхьэ, нобэрей сивилизацэ утым иджыри фӀырыфӀкӀэ техьэкъым.

Адыгэбзэм а нэхъ бжыгъэшхуэр къызэрыӀуэтапхъэ "щэ"р "100"м теухуауэ къызэрытенэжар мы сивилизацэщӀэр убэлацэу щыщӀидзам хуэзэу жыӀэпхъэщ. "Мин"ыр адыгэбзэм къыщыхэхьари мы сивилизацэм и тепщэгъуэр фӀэкӀыпӀэ имыӀэу щылъитарауэ жыӀэпхъэщ. "Мин" нэужь бжыгъэхэу "милион"рэ "милиард"ыр бэзэр сивилизацэр дунейм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэм зыщиубгъуаращи, бзэ псоми зэхуэдэу хэхьащ; мы бжыгъэцӀэхэр зырихьэу зэрыщӀидзар адыгэбзэми –лъэпкъми-зыхищӀагъэххэкъым.

*

ЩыӀэгъуэр зэрызэпкъырыувэрэ зэрыужьыр "щы"ращ зытеухуари, щыӀэгъуэ ужьыгъуэм утыку къыригъэхьэжри "щы"щ. Мы лэжьэкӀэр зи лъабжьэкӀэрэщ "бжэн" Ӏуэхури утыку къызэрихьари, мы лэжьэкӀэм и япэрей лъэбакъуэу утыку къихьа "щы"ращ "бжэн" Ӏуэху къэхъуныгъэми лъабжьэ хуэхъуар. Аращи, "бжэн" Ӏуэхури къызтехъукӀар "щы"ращ, ауэ къыздыщӀидзэр "зы"м дежщ.

"Зы"р япэрей бжыгъэращ. Ауэ "бжэн" Ӏуэхурэ бжыгъэр икӀи "зы"м щхьэщыкӀыныгъэрэ куэдагъэ Ӏуэхущи, "зы"м нэмыщӀ щымыӀэмэ "бжэн" Ӏуэхуи щыӀэнкъым, бжыгъэу "зы"ри щыӀэнкъым. Абы и мыхьэнэр щыӀэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыӀэр щхьэж зэрылъытэращ. ЩыӀэгъуэ ужьыгъуэр мыр лъабжьэу зэрылъытэкӀэрэщ къыздыщежьэри, щыӀэгъуэрэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыӀуатэ псалъэхэр "бжэн" Ӏуэхурэ бжыгъэхэм лъабжьэ зэрахуэхъукӀэрэи, "зы"ри бжыгъэ къеӂьапӀэ хъуащ. Аращи, щыӀэгъуэ ужьыгъуэм теухуауэ утыку къихьа адрей псалъэхэм хуэдэу, "зы"ри бжыгъэцӀэу зэрылъытар "бжэн" Ӏуэхугъуэр къыщыхъуращ; бжэн Ӏуэху къэмыхъуатэмэ зы бжыгъэу "зы"ри щыӀэнтэкъым; "зы"р щымыӀатэмэ, адрей бжыгъэхэри щыӀэнтэкъым. "Зы"р щыӀэрэ нэгъуэщӀ гуэр щымыӀэтэмэ, щыӀэгъуэ ужьыгъуэри, "бжэн" Ӏуэхурэ бжыгъэри щыӀэнкъым. Дэтхэнэ гуэрэр зэрыщыӀэкӀэрэ зэрылъытэр "зы"уэщи, абы нэмыщӀ щымыӀэрэ, а гуэрым и бэгъуэныгъэ щымыӀэмэ, щыӀэгъуэ ужьыгъуэри, бжыгъэрэ "бжэн" Ӏуэхугъуэри къэхъунтэкъым.

Дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыӀэр "щы"уэ зэрызэпкъырылърэ зы геометрием зэриткӀэрэщи, мыри "зы"уэщ зэрылъытэр. "Зы"р дэтхэнэ щыӀэгъуэ зиӀэр зэрылъытэрщ. "Зы"р щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыӀэрэ зыщӀэзыубыдэрщи, ар дэтхэнэ щыӀэгъуэ зиӀэу щытыр къызэрыӀуатэ дэтхэнэ зы псалъэм елъытауэ нэхъыжьу мэлъытэр. Ауэ зэрыгурыӀуэгъуэщи, бжыгъэр зы гуэрыр зэрыбжрэ а гуэрыр къизыӀуэ псалъэр къэзыгъэлъагъуэу абы пыщӀаращ. Мы псалъэм къызэрыгуэкӀщи, дэтхэнэ гуэрым и бжыгъэр ар къизыӀуэ псалъэм икӀэм къыпыхьэущ

къызэрыӏуатэр. Мыпхуэдэу ухуэ псалъэр е псалъэ зэгуэтщ е псалъэ зэпхащ: «псэлъитӏ, псэлъищ, псэлъибгъу, псэлъипщӏ, псэлъищэ; псалъэ тӏощӏ, псалъэ тӏощӏитӏрэ пщӏырэ». Ауэ и гугъу зэрытщӏауэщи, ″зы″м и макъ мыхьэнэрэ къалэным ипкъ иткӏэ, зы бжыгъэ ″зы″м зыкъыщигъэлъагъуэр псалъэм ищхьэм къыпыхьэущ. Дэтхэнэ гуэрым и бжыгъэр ″зы″уэ къэӏуэтэн хуейуэ щытмэ, ар къызэрыӏуатэр ″зы″м а псалъэм ищхьэмкӏэ зыкъызэригъэлъагъуэу ухуэ псалъэ зэпхакӏэрэщ: «зы псалъэ».

Мы къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ къащӏыр аращи, адрей бжыгъэхэр зытеухуа псалъэм къыпыхьэу а псалъэр а бжыгъэм егъэлажьэр (псэлъитӏ, псэлъищэ). Ауэ зыгуэрым и бжыгъэр ″зы″уэ щытмэ, ар а псалъэм ищхьэм къыпыхьэу зы псалъэ зэпха мэухуэри, ″зы″р зи бжыгъэу зи гугъу тщӏы псалъэм езбы ″зы″м зырегъэкӏур. Мыри ″зы″р дэтхэнэ псалъэм елъытауэ зэрынэхъыжым теухуащ. ″Зы″м мы и пщӏэрэ и нэхъыжьыпӏэр къызхэкӏри ″зы″р къызэрыхъуарэ щыӏэгъуэм теухуауэ игъэзащӏэ къалэнращ.

Зыгуэрым и бжыгъэр ″зы″уэ щытмэ, ″зы″м псалъэм ищхьэм зыщигъэлъагъуэу псалъэ зэпхащ ухуэри, зи бжыгъэр ″зы″уэ къэӏуатэ дэтхэнэ зы псалъэм нэхърэ нэхъыжьущ ″зы″р зэрылъытэр. Зи бжыгъэр къэӏуатэ псалъэм ″зы″м зэпищӏэрэ зигъэтэмэмущ зи гугъу тщӏы псалъэ зэпхар зэрыухуэр. Аращи, ″зы″р ипэ къиихуэу ухуэ мыпхуэдэ зы ″псалъэ зэпха″р (зы цӏыху) ипэ ит ″зы″м теухуауэ зэрыухуэм ипкъ иткӏэ, а псалъэр ″зы″м епхауэщ гурыӏуэгъуэ зэрыхъур: мы псалъэ зэпхам (зы цӏыху) хэт ″зы″м къыкӏэлъыкӏуэ псалъэм (цӏыху) и къалэныр ″зы″м зыпищӏэнращ, езыр зэры″зы″уэ зыкъигъэлъэгъуэнращ, ″зы″м зыпищӏэнрэ ″зы″мкӏэ езым зигъэтэмэмыжынращ. Аращи, ″зы″р бжыгъэхэм я къежьапӏэрэ я пашэу зэрыщытым къыщымынэу, дэтхэнэ зы псалъэми елъытауэ нэхъапэрэ нэхъыжьу мэлъытэр, ар дэтхэнэ зы псалъэм елъытауэ а нэхъ зэпэщрэ зэгущращ, ар зэпэщыгъуэрэ зэгущыгъуэм и щапхъэрэ пщалъэращ.

*

Щыӏэр и щыӏэгъуэрэ и щыӏэкӏэкӏэ къызэрыӏуатэ зы бзэщ макъыбзэу щыт адыгэбзэри, абы и бжыгъэцӏэхэм лъабжьэ яхуэхъуари щыӏэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыӏуатэ псалъэхэращ. Адыгэбзэ бжыгъэцӏэхэм я лъабжьэр мыпхуэдэми, ″бжэн″ ӏуэхумрэ ″бжыгъэ″ жыхуэтӏэхэр щыӏэр и щыӏэгъуэрэ и щыӏэкӏэкӏэ къызымыӏуатэу, ахэр зэрыщыӏэкӏэрэ зылъытэ бзэ лэжьэкӏэ ӏэнатӏэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Ауэ зэрыгуэрыӏуэгъуэщи, ″бжэн″рэ ″бжыгъэ″хэр икӏи щыӏэхэм теухуауэ къекӏуэкӏ ӏуэхугъуэщ. Аращи, ″бжэн″ ӏуэхурэ ″бжыгъэ″хэр зытеухуам и щыӏэгъуэрэ щыӏэкӏэр къэзымыӏуатэ бзэ лэжьэкӏэрэ псалъэхэра щхьэ, ахэр зытеухуауэ къызхуекӏуэкӏыр щыӏэгъуэ зиӏэхэращ, щыӏэхэращ; щыӏэгъуэ зимыӏэм бжыгъэи теухуэкъым; щыӏэращ ббжыфри, щымыӏэр икӏи ббжыфынкъым.

Бзэм къиIуатэр щыIэгъуэ зиIэращи, щымыIэрэ мыщыIэр къэIуэтэн хуей щыхъукIэ, ар къызэриIуатэ щIыкIэри щыIэгъуэ лъэныкъуэкIэщ. ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр "щы"уэ зэпкъырылърэ "зы"уэ лъытэращи, "щы"гъуэ зимыIэрэ "зы"уэ мылъытэр щыIэкъым. ЩыIэрэ зы псоугъэ зиIэр щхьэжу "зы"уэ мэлъытэри, мыпхуэдэу зэрылъытакIэрэ щыIэгъуэ зиIэу щытхэр зыхуэдизыр къэзыIуатэ бжыгъэхэри "натурал бжыгъэ" жыхуаIэращ. Мы лэжьыгъэм зи гугъу ищIа бжыгъэхэри "натурал бжыгъэ"хэращи, "зы"уэ мылъытар мы зи гугъу тщIы бжыгъэхэм хэткъым, дэтхэнэ зы бжыгъэр "зы"уэ лъытарэ зы псоуэ щыIэгъуэ зиIэхэращ зытеухуар. ИкIи зи гугъу тщIа "бжэн" Iуэхурэ бжыгъэхэр "зы"м дежщращ къыздыщIидзар.

"Натурал бжыгъэ"хэр къыздыщежьэр "зы"р зытеухуа "1" бжыгъэм дежщ. Ауэ математикэр зэрыхуэныкъуэм къызэрыгуэкIкIэ, щымыIэрэ "зы"уэ мылъытэри зы бжыгъэцIэу лъытэн хуей хъуати, ар "0"уэ къэгъэлъэгъуащ. "Зы"уэ мылъытарэ зы щыIэгъуи зимыIэр зэрылъытэращ "0"ри, ар къэIуэтэн хуейуэ щытмэ, щыIэгъуэ зиIэр зэрылъытэ "зы"м елъытауэ къызэрыIуэтапхъэри гулъытапхъэщ. Аращи, щыIэгъуэ зимыIэрэ щымыIэри къызэрыIуэтэфынур щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэ лъэныкъуэкIэщи, щыIэгъуэ зиIэр зэрылъытэ "зы"уэ мылъытапхъэрэ "зы"и зэрымыхъуауэщ къызэрыIуэтапхъэр. "Зы"уэ мылъытарэ "зы"и мыхъуар щыIэр щхьэжу зэрылъытэ "зы"м дежкIэ къэIуэтэн хуейщи, ар "зы"м икIыныгъэрэ "зы"р зэрыкIуэд щIыкIэу къызэрыIуэтапхъэр гулъытапхъэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, щыIэгъуэ зимыIэрэ щымыIэр къызэрыгъэлъэгъуа "0"ыр къэIуэтэн хуейуэ щытмэ, "зы"р кIуэдыныгъэу е "зы"м икIыныгъэу къэIуэтэфынщ. ЗыIисыр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа "0"ыр адыгэбзэм къызэриIуэтэнур мыпхуэдэщи, ар къызэрыIуэтапхъэу псалъэу адыгэбзэм хэтыр "зы"ым икIыныгъэрэ "зы" мыхъуныгъэ зи мыхьэнэ мы псалъэхэращ: «зырикI, зыри, зийкI, зий».

Нобэ бзэ куэдым "0"ыр бжыгъэцIэу къызэрыIуатэ "зиро, зеро" псалъэхэр адыгэбзэм "0"ыр къызэриIуэтапхъэу щытрэ къызэрыхъуа щIыкIэри гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа мы псалъэхэм хуэдэу зэрыухуари гулъытапхъэщ.

*

Математикэм и зы теорием бжыгъэ гуэрхэр "простых чисел (прим номбр)"у зэрилъытэр гурыIуэгъуэщ. Бжыгъэ гуэрхэр мыпхуэдэу зэрилъытэр аритметикэу абыхэм я щIыкIэращ къызтехъукIыр. Ауэ бжыгъэ гуэрхэр "простых"рэ "прим"у лъытэн хуейуэ щытмэ, мы терминхэр нэхъ зыхуэфащэри щыIэгъуэ ужьыгъуэм утыку къыригъэхьарэ щыIэгъуэм теухуа "щы" лIэужьыгъуэ псалъэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа бжыгъэхэрауэ жыIэпхъэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэнщи, зи гугъу тщIы бжыгъэ теорием бжыгъэ гуэрхэр "прим"у зэрилъытэм и лъабжьэрэ и щхьэусыгъуэр мыракъым. Ар щхьэ, щыIэгъуэ ужьыгъуэм "щы"

лӀэужьыгъуэу утыку къихьа псалъэхэр бжыгъэцӀэ зыхуэхъуа бжыгъэхэр ″прим″у ялъытахэм зэрыхиубыдэри гулъытапхъэщ: «3, 5, 7».

Мы бжыгъэхэр адыгэбзэм къызэриӀуатэ псалъэхэм (щы, тху, блы) хуэдэу зы ″щы″ лӀэужьыгъуэу щыт ″зы″р бжыгъэцӀэ зыхуэхъуа ″1″ыр мы ″прим″у ялъыта бжыгъэхэм зэрыхэмытри гулъытапхъэщ. Ауэ зи гугъу тщӀы теорием телэжьыхь математикхэр мыбы теухуауэ зэрыгурымыӀуэри гулъытапхъэщ: математик гуэрхэр ″1″ымрэ ″2″м дэтхэнэр ″прим″у лъытэн хуейуэ зэрыщытым теухуауэ зэгурыӀуэкъым. Абыхэм ящыщ гуэрхэм ″1″ыр, нэгъуэщӀ гуэрхэми ″2″р ″прим″у лъытэн хуейуэ зэпаубыдыр. Адыгэбзэм бжыгъэхэр зэрилъытарэ абыхэм лъабжьэ яхуэхъуа псалъэхэр утыку къызэрихьам теухуауэ къэтӀуэтахэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, фӀэкӀыпӀэ имыӀэу адыгэбзэр ″1″р ″прим″у лъытэн зэрыхуейм и телъхьэу зэрыщытри гурыӀэгъуэнщ.

Зи гугъу тщӀы теорием ″прим″у илъытэ бжыгъэхэр адрей бжыгъэхэм елъытауэ пщӀэ зиӀэ бжыгъэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, ″прим″ бжыгъэхэм щыщу ″3″мрэ ″7″ыри ″прим″ бжыгъэ лъапӀэу ялъытэр. Ахэр (3, 7) ″прим″ бжыгъэхэм я ″щапхъэ″рэ я ″пщы″уэщ зэралъытэр. Мыпхуэдэу зэралъытэр езы теорием и ″прим″ категоризацэм зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщ. Ауэ мы ″3″рэ ″7″ыр адыгэбзэм къызэриӀуатэ псалъэхэм (щы, блы) щыӀэгъуэрэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэм теухуауэ пщӀэшхуэ зэраӀэри гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, бжыгъэхэр зи Ӏуэху Ӏэнатӏэу щыт аритметикэм сыт хуэдизу щыӀэгъуэрэ абы и ужьыгъуэр фӀэмыӀуэхуми, ″бжэн″ Ӏуэхур генератикэ зэпыщӀэныгъэкӀэрэ къызэрекӀуэкӀрэ бжыгъэхэр утыку къызэрихьэр гурыӀуэгъуэмэ, бжыгъэхэмрэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэм зэпыщӀэныгъэ зэрызыхуаӀэнури гурыӀуэгъуэнщ.

*

Мы лэжьыгъэм зэрыхэплъагъуэщи, адыгэбзэм и бжыгъэцӀэхэр къызтехъукӀа псалъэхэр философиеу куущ. Мыпхуэдэу къэхъуа бжыгъэцӀэхэри бжыгъэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэм ипкъ иткӀэ, лъабжьэрэ щыӀэгъуэ ужьыгъуэкӀэ мыхьэнэ зиӀэрщ. Адыгэбзэм и лэжьэкӀэу мы къэтӀуэтахэм щыщ гуэрхэр нэгъуэщӀ бзэхэмрэ хабзэжьхэм, икӀи логиерэ математикэу щӀэныгъэ пашэу лъытапхъэхэм хыболъагъуэр. КъэтӀуэтахэм къыхэщ гъэщӀэгъуэныгъэхэм хуэдэу, бзэрэ хабзэ зэмылӀэужьыгъуэхэм теухуауэ къэпхьыфыну щапхъэр мащӀэкъым. Аращи, ″3″ымрэ ″7″ыр фӀэщхъуныгъэрэ ритуалхэм къыхэщу, икӀи къыздикӀарэ и лъабжьэр ямылъытэжу махуэ псэукӀэми хэплъагъуэу цӀыху лъэпкъ псоми пщӀэшхуэ зыхуащӀ бжыгъэхэращ.

КъэтӀуэтахэм теухуарэ нэгъуэщӀыбзэрэ хабзэхэм къыхэщыр ″3, 7″ бжыгъэхэм изакъуэкъым. ″Щы″мрэ ″щэ″м я зэхуаку дэлъу зи гугъу тщӀа зэпыщӀэныгъэр хамэбзэ гуэрхэми - ахэр макъыбзэу щымытми- ноби хыболъагъуэр. Аращи, европэбзэ гуэрхэм хыболъагъуэр ″щы″ бжыгъэр

къизыӀуэ ″три (try), труа (trois)″ псалъэмрэ куэдагъырэ лъэщагъ (щэ) къизыӀуэ псалъэ ″тре (très)″м зэпыщӀэныгъэ зэрызыхуиӀэр. ТӀанэ, адыгэбзэм хэт ″тӀу″ри латиныбзэр зи лъабжьэу европэбзэ нэхъыбэм ″ту, ду, дё″уэщ зэрыхэтыр. КъэӀукӀэкӀэ адыгэбзэм и ″тӀу″ бжыгъэцӀэм ещхьу мы къэтахэм къыщымынэу, ″тӀу″ псалъэр адыгэбзэм къызэрыхэхъукӀарэ зэрылъыта щӀыкӀэу къэтӀуэтахэм ебгъэщхь хъуну къэхъуыкӀэ иӀэу ″2″ бжыгъэр зыщалъытэ бзэхэри щыӀэщ.

*

Бзэр зэрыхъун хъуарэ зэпкъырыува нэужьрауэщ цӀыхум ″бжэн″ Ӏуэхугъуэр къыщигъэунэхуари, ари япэу ӀэпэбжэкӀэкӀэ къекӀуэкӀауэщ зэралъытэр. ″Бжэн″ Ӏуэхур япэу ӀэпэбжэкӀэу къызэрекӀуэкӀар адыгэбзэм и бжыгъэцӀэ гуэрхэр зэрызэпкъырыува щӀыкӀэм гурыӀуэгъуэ къащӀыр. Мыбы нэмыщӀрэ нэхъыщхьэуи адыгэбзэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр аращи, цӀыхум ″бжэн″ Ӏуэхур къызэригъэунэхунумрэ ″бжыгъэ″хэр къызэриӀуэтэнум и лъабжьэр ″бжэн″ Ӏуэхурэ ӀэпэбжэкӀэр къемыжьэ куэдыӀуэ ипэкӀэ бзэ лэжьэкӀэм къигъэхъуа псалъэхэрауэ зэрыщытаращ. Мыхэри цӀыхум къызхигъэӀукӀ макъхэмкӀэ псэлъэбзэр ухуэу зэрыщӀидзэрэ зэрызэпкъырыувэм дэщӀыгъуу щыӀэгъуэр зэрызэхэлърэ зэрыужьыр къызэрыӀуатэ щӀыкӀэу утыку къихьа псалъэхэрауэ зэрыщытыр мы лэжьыгъэм хыболъагъуэр.

Къызэрыхъуарэ къыщыхъуам теухуауэ мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къащӀыр аращи, мы зи гугъу тщӀы псалъэхэр цӀыхур абы тегупщысыхьу е зэпкъырихрэ зэригъэпщэжурэ зэрымыухуари гурыӀуэгъуэщ: ахэр щыӀэгъуэ ужьыгъуэм ипкъ иткӀэ утыку къихьа псэущхьэм (хьэ → цӀыху) къыхэӀукӀ макъхэмкӀэ псэлъэбзэ зэрыухуэм хиубыдэу космикэу ухуауэ лъытапхъэщ.

Адыгэбзэм и бжыгъэцӀэхэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэр утыку къызэрихьар гурыӀуэгъуэщи, ахэр бжыгъэцӀэ зэрыхъуар ″бжэн″ Ӏуэхур цӀыхум къызэригъэунэхурэ ӀэпэбжэкӀэр къыщекӀуэкӀращ. ″Бжэн″ Ӏуэхур цӀыхум къигъэунэхунум лъабжьэ хуэхъуари зи гугъу тщӀа псалъэхэр утыку къызэрихьа лэжьэкӀэрэ и логиер щапхъэ зэрыхуэхъукӀэрэу зэрыщытри жытӀагъэххэщ. Дэтхэнэ зы бзэм бжыгъэцӀэхэм я лъабжьэр адыгэбзэм мы къызэригъэщӀам хуэдэу зэрыхэмытри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, бзэ гуэрхэм я бжьыгъэцӀэхэр цӀыхум ″бжэн″ Ӏуэхур къигъэунэхурэ ӀэпэбжэкӀэу къызэригъэкӀуэкӀым дэухуарэ къэӀуэтауэщ зэралъытэри, дэтхэнэ зы Ӏэхъуамбэм зы бжыгъэцӀэр теухуэущ зэрыхуагъэфащэр.

Дауэми, ″бжэн″ Ӏуэхур къэунэхуа нэужь, ар япэу ӀэпэбжэкӀэу къекӀуэкӀауэщ зэралъытэри, абы иужьым нэгъуэщӀ Ӏэмэпсымэхэм теухуауэ къызэрекӀуэкӀари бзэ гуэрхэм къыхощыр. Аращи, бзэ гуэрхэми ″бжэн″ Ӏуэхур пшахъуэ мывэ кӀанэхэм теухуауэ къызэрекӀуэкӀыр и псалъэ гуэрхэм къыхощыр. Мыпхуэдэ лъагъуэхэм къызэрагъэунэхущи, ″бжэн″

Iуэхугъуэр Iэпэбжэкlэм къыщlидзами, иужькlэ нэгъуэщl Iэмэпсымэхэм теухуауи къекlуэкlагъэнущ.

Мы зи гугъу зэрытщlа щlыкlэу къэхъуа зы псалъэщ латиныбзэкlэ "калкулус" псалъэри, ар пшахъуэ мывэ кlанэм теухуауэ къекlуэкl "бжэн" Iуэхур къызэрыIуатэ щlыкlэу этимологие лъабжьэ зиIэу ухуауэ зы псалъэщ. – Адыгэбзэм и "бжын, бжэн, бжыгъэ" псалъэхэр макъ мыхьэнэкlэрэщ зэрыухуари, зытеухуа Iуэхугъуэр и щыIэгъуэрэ къызэрекlуэкl щlыкlэкlэ къиIуатэу зэпкъырыува псалъэхэу, "бжэн" Iуэхур иужькlэ мывэ кlанэм теухуауэ къызэрекlуэкlр лъабжьэ зыхуэхъуу къэхъуа псалъэхэми куэдыIуэкlэ ипэ къэхъуа псалъэхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ-.

"Бжэн" Iуэхур пшахъуэ кlанэ бжэкlэм къызэрытемынар гурыIуэгъуэщ. ЦIыхум ибжынухэр игъэбэгъуэху, "бжэн" Iуэхур къызэрыригъэкlуэкlыну Iэмэпсымэхэри къигъэунэхурэ зэпкъырилъхьэу щытащи, мыпхуэдэу утыку къихьа Iэмэпсымэ гуэрхэри "калкулус" псалъэм къытехъукlауэ къызэрыIуэтари (калкулатор) гурыIуэгъуэщ. Икlэм икlэжым, нобэ цIыхум и зы дэтхэнэ Iуэхугъуэр зэригъэзащlэрэ бжыгъэшхуэхэр зыбжыфу, икlи сытри зыбжрэ ибжыфын папщlи сытри бжыгъэ зыщl Iэмэпсымэу "компутер" жыхуаIэр иухуащ. Ауэ гъэщlэгъуэныр аращи, мы "компутер"ым кlэ зимыIэ бжэн Iуэхур зэригъэзащlэм сэбэп хуэхъур "калкулус" псалъэр къызтехъукlарэ бжэн Iуэхукlэ цIыхум къигъэсэбэпу щыта мывэ кlанэхэр зэрызэпкъырылъ пшахъуэм езыращ, пшахъуэ атомрэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цIыкlухэращ.

ЦIыху щlеинрэ гупщысэр зыдынэсыр мы къэтIуэтахэм къызэрагъэлъагъуэр гулъытапхъэщ. ЦIыхур зыцIыхуращи... мывэ кlанэр щилъагъум ецIыхури ирищlынур егъэпс; щылъэIэсрэ щытеIэбэкlэ мывэ кlанэ кlуэцlри ецIыху; щытегупщысыхькlэ мывэ кlанэ кlуэцIыр кlэ зимыIэм хузэхуIуех. Ауэ икlи, цIыху щlеинрэ гупщысэныр щыIэгъуэ ужьыгъуэм екlурэ щезэгърагъэнщ цIыхум нэхъ хуэфащэр.